No.3 (p. 33-58).

18

No. 4-5-6 October — December 1924 Tahoen ka 3

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

## JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT, J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . „ 0.30
Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja. . . . „ 20.—
Satengah katja . . . . f 12½, Saparapat katja. . . . . „ 7.50
dina sakali kaloear.
Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

### Eusina P. S. No. 4-5-6.

1. Pre-advies Rd. Poeradiredja.
Adegna basa Soenda...... katja 60
2. Pre-advies M. Soeriadiradja.
Pangadjaran basa......... „ 81
3. Pre-advies Mangoendikaria.
Dialect.................... „ 100
4. Pre-advies Rd. D. Kartapoetra.
Basa noeroetkeun golongan. „ 106
5. Pre-advies Rd. Djajadiredja.
Edjahan aksara Soenda.... „ 121

### Kongrès basa Soenda.

Para Djoeragan-djoeragan sadaja manawi parantos aroeninga, jèn engkè dina ping 11, 12, 13 sareng 14 Oktober 1924, pakempelan Java-Instituut badè ngadegkeun kongrès basa Soenda, tempatna di Kaboepatèn Bandoeng. Maksoed noe ditoedjoe koe èta kongrès, taja sanès moeng badè ngamadjengkeun basa Soenda, roemaksa kana banda poesaka sadaja oerang Soenda, sangkan tambih pangadjina, woewoeh kadjembaranana, kaoetara kaaloesanana.

Doepi bèrèndèlan anoe badè dipedar dina èta kongrès, kieu:

I. Awit malem Minggoe 11 October taboeh 9 wengi kempelan di Kaboepatèn



III n° 4-5-6

454

(ontvangs avonds), diladjengkeun pèsta.

II. Dinten Minggoena ti taboeh 8 d. k. taboeh 1.
   1. Njarioskeun adegna sareng tjoektjroekanana basa Soenda. Anoe medarna Rd. Poeradiredja Hoofdredaktoer Balè Poestaka.
   2. Dadaranana pangadjaran basa. Baris ditjarioskeun koe M. Soeriadiradja.

III. Dinten Senèn ti taboeh 8 d.k. taboeh 1.
   1. Ketjap-ketjap tina dialèk mana anoe kedah dianggo pangwoewoeh kana dialèk loeloegoe? Baris didadar koe Djoer. Mangoendikaria Schoolopziener Djatiwangi.
   2. Katrangan adegna basa dina sagolongan-sagolongan. Baris ditjarioskeun koe Rd. Dodoh Kartapoetra (Rad. Moeh. Moehjidin) Schoolopziener Weltevreden.
   3. Perkawis basa lemes, boh papajanana boh nganggona, sareng katrangan-katranganana noe sanès. Anoe badè njarioskeunana Rd. Kd. A. Soeriawinata Bandoeng.

IV. Dinten Salasa ti taboeh 8 d.k. taboeh 1.
   1. Djoedjoetan sareng tarèkah ngamadjengkeunana mamanis basa, dangding, kawih, sindir, sareng sadjabi ti èta. Baris dipedar koe Rad. H. Soemadipradja. Djoeragan Patih Poerwakarta.
   2. Edjahan aksara Soenda sareng oenak-aniknа. Anoe moekana Rd. Djajadiredja Bandoeng.
   3. Ngadegkeun pakoempoeken „*Sastra winangoen*".

(Perkawis karamèan-karamèan sareng tongtonanana pangeujeub-ngeujeub kongrès, baris ditjarioskeun di Bandoeng baè).

Koe margi anoe baris dipedar tèh, bandana oerang Soenda, djadi kantenan pisan sadajana oerang Soenda mah kagoengan kawadjiban kana ngaloeoehan sareng roemodjong kana ieu kongrès.

Anoe ngadegkeun ieu kongrès sanget ngadjeng-ngadjeng soepados sadaja oerang Soenda kersa soemping sarta ngabarempkeun koemaha pisaèeunana. Soemawonten ka para Djoeragan Schoolopziener sareng Djoeragan-djoeragan Goeroe, rèh arandjeunna mah katambah koe karagoengan kawadjiban kana ngawoelang basa, sanget diantos-antos, soepados merloekeun saroemping, nja èta, koe margi badè ngabarempagkeun pangadjaran basa tèa.

Djoeragan-djoeragan Goeroe anoe badè ngaloeoehan ieu Kongrès, kènging moendoet permios (verlof) ka Schoolcommissie, lamina sakoemaha piperloeeunana.

*Kangdjeng Toean Direktoer van Onderwijs en Eeredienst, parantos ngadawoehkeun ka Bestuur Java-Instituut, jèn noemoetkeun timbangan andjeunna pigedèeun goenana oepami goeroe-goeroe saroemping kana èta Kongrès.* Ieu perkawis tangtos koe Schoolcommissie ogè kamanah.

Bestuur Java-Instituut sanget ngadjeng-ngadjeng soepaja seueur goeroe-goeroe anoe saroemping. Nanging bilih djadi wagelan, oepami ti oenggal sakola langkoeng ti saoerang anoe ngantoenkeun damel, manawi langkoeng saè ti hidji sakola hidji goeroe baè anoe angkat ka Bandoeng, djadi wawakil sadaja rèntjangna sasakola, anoe engkè sabadana baris ngadadar pamendakna ka anoe sanès, naon anoe kadangoe dina kongrès tèa.

Para Djoeragan anoe badè soemping kana kongrès, oepami hojong disajagikeun tempat koelem, kedah ènggal njeratan ka Hoofdbestuur Pasoendan p|a S. Prawiraamidjaja Spaarbank weg 12 (Kadjaksan) Bandoeng.

## Basa Soenda

*Pre advies*

**R. Poeradiredja.**

Basa pangatjian bangsa.

Djisim koering ngaraos bingah marwata soeta, ajeuna Java-Instituut ngadamĕl Congres Basa Soenda, sarta diajakeunana di Bandoeng pisan, poeseurna kasoendaan.

III no45-600



Oktober-Desember1924.max

Ieu congres istoening ninggang kana woekoe nitih moestari, měněr pisan kana mangsana basa oerang kědah dibarěmpagkeun di paragěman, soepaja soegri anoe haiojong mědar paměndak tina hal Basa Soenda, iasa ngalaksanakeun kahojongna, njatjapkeun kapanasaranana.

Koe emoetan oepami basa oerang sěring dipidangkeun dina pagěmpoengan anoe partěs kieu, tangtos tereh tambah sawawa, těgěp adeg-pangaděgna, woewoeh-woewoeh kaloehoenganana.

Eta margina noe mawi djisim koering bingah manggoenoeng-goenoeng, gadoeh pangarěp-ngarěp, malak mandar koe ngaaměl congres basa, kahajang anoe dikandoeng mangtahoen-tahoen, lami-lami tiasa tiněkan.

Nalika djisim koering nampi sěrat ti Běstir Java-Instituut, anoe oengělna moendoet prae-advies tina hal A d ě g n a B a s a S o e n d a sarěng hal N g a n g g o n a K ě t j a p - k ě t j a p a n j a r dina basa oerang, keur pědarkeuneun dina ieu Congres, koe djisim koering teu dipikir lami-lami, ladjěng bae eta pamoendoet disanggěman, nadjan harita parantos kaěrong, jen eta padamělan teh bangga, oepami djalan mah nja roke nja rěmbět; nanging tina kaemoet agěng pědahna kana ngamadjěngkeun basa, geus teu ngemoetkeun hesena, papantjen anoe diantjokeun ka djisim koering ladjěng ditampi bae.

Hese roke diseseket, rěmbět-rěmpěd ditaratas.

Samemeh dongkap pamojok, bade waktja ti heula sabalakana, jen ieu paměndak anoe baris dipědar dina ieu Congres teh, sanes paměndak anoe parantos asak kenging ngolahkeun, estoe paměndak atah keneh pisan .... kakara k a r a s a, olahkeuneun anoe djalěmbar panalar, saroengsoemeun anoe laloehoer paněmoena anoe sami soemping kana ieu Congrès.

Papantjen anoe dipadjoe koe djisim koering ajeuna, moeng sakadar ngawaratah, anggeuskeuneun noe aranom noe baris ngaroelik Basa Soenda sarěng Poesaka-Elmoe kasoendaan, aděgan titinggal karoehoen loeloehoer oerang sarerea, keur agěman Menak Parahiang pěpěntjaran Padjadjaran toeroenan Galoeh Pakoean, anoe toeg dongkap ka kiwari natrat taja kěndatna.

Moegi-moegi bibit-boeit Siliwangi sami aremoet!

## I. ADEGNA BASA SOENDA.

Tjitjiren Aděgna Basa Soenda aja dina sakoedjoer basa, nanging babakoena pisan aja dina tiloe těmpat, nja eta:

a. wanda kětjap;
b. rakitan omongan; sarěng
c. lěntong

Samemeh prak moeka tjarios hal „Aděgna Basa Soenda" sarěng hal „Nganggona Kětjap Anjar", djisim koering bade ngawintjik ratjikanana heula, pambrihna sangkan anoe baris didadarkeun mangke di pajoen tiasa woewoeh těrang.

Naon ari basa teh?

Koemaha asal-moeasalna aja basa?

Naon goenana?

Koemaha ngagědeanana?

.... sarěng salian ti eta seueur deui pěrkawis anoe pěrloe dioelik, pědarkeuneun dina pagěmpoengan ngoeroeskeun basa.

Naon basa teh?

Basa teh „boeboeatan" „beubeunangan" atanapi „widji" anoe bidjil tina pakoemboehan, těgěsna „lahir" tina hiroep patjampoeran, hiroep koemboeh salěmboer atanapi sanagara, atanapi tina patjorok itoe sarěng ieu paala kapěrloean.

Djadi bongkotna basa teh aja dina pakoemboehan; bidjil ngědalkeun kahajang atanapi kanjaho.

Saha-saha anoe ngoetjapkeun kětjap, eta ngabagikeun kanjaho ka batoer koe tjarita, sangkan batoer těrangeun kana kanjaho oerang. Atanapi nembongkeun kahajang, pambrihna soepaja batoer noeloengan mere kahajang oerang.

Koe hal eta pěrloe pisan basa teh koedoe pikahartoseun koe noe dibantoen tjarios Beuki gampil kahartosna beuki agěng goenana kana hiroep koemboeh, da poegoeh tadi oge pang aja basa teh, nja ngarah karěp oerang kanjahoan koe noe lian, anoe dipentaan toeloeng tea. Djadi oepami basa gampil kahartosna koe noe dibantoen tjarios, eta basa parantos njoemponan kana kapěrloeanana dina bab economie.

III no 4-5-6



b 56

Mĕnggah tjek pakoemboehan mah, eta basa teh parantos anggeus.

Nanging nimbang kaajaan basa teh teu tjĕkap koe kitoe bae, teu tjĕkap koe ningali goenana keur kana economie bae. Margi basa teh aja deui kahananana anoe sanes, nja eta djadi kalangkang ati, ngarekakeun paningal ati anoe goemawang dina tjipta. Kahanan anoe ieu oge pĕrloe koe oerang diadji, kĕdah dipariksa, teu kenging disapirakeun.

Djadi ningalian kaajaan basa teh, kĕdah mariksa sipatna doeanana, nja eta:

1. kahanan pamawa economie;
2. kahanan pamawa hiroepna ati.

Djadi basa teh kasinoengan sipat loroloroning ngatoenggal, golongna sipat pamawa economie sarĕng sipatna panggĕlar boedi.

Basa njatĕtan sagala pangaboga manoesa, noe mĕdal tina akal, tina napsoe, tina ati .... sarĕng salian ti eta, sadaja aja tjatĕtanana dina basa. Pendekna b a s a t e h p a r i r i m b o n p o e s a k a - ĕ l m o e. Gĕlar dina pakoemboehan; toedjoena sarĕng robah-robahna kawĕngkoe koe pakoemboehan; eusina poesaka-elmoe anoe digĕlarkeun koe manoesa.

Djadi kanjaho bab basa eta kanjaho bab poesaka-elmoe.

Basa....

Basa teh hikmat pikeun njarios, ngabedjakeun kanjaho sarĕng kahajang oerang ka batoer.

Dina kala mangsa manoesa manggih karĕrĕpĕt, hajang ngabedjaan ka batoer, sangkan njahoeun noe djadi karĕrĕpĕt oerang, ngarah ditoeloengan; nja goeroedag harita basa teh gĕlar ka martjapada; beuki lami beuki ageung, madjoe windoe tambah sawawa koematjatjang di galanggang medan pĕrang, pĕrangna manoesa nĕmpoeh haroengan noe mĕgatan ngahalang-halang lampah manoesa noe keur ngalalakon ngala noe dipikaboetoeh djangeun hiroep, da boga angkeuh hajang ngawisesa dajaning koedrat, milih noe kaoentoep.

Djadi basa teh lir oepami parabot noe tan parĕnggĕnĕk, sarta gadoeh kahanan tjara parabot noe djirim, nja eta beuki lami beuki sampoerna kaajaanana; nja kitoe deui oerang anoe makena, beuki serng make beuki tjapetang, tambah dibiasakeun tambah tatag djeung pĕrtjeka.

Meureun loba anoe kagoengan pangintĕn, jen djisim koering gadoeh timbangan: „patjorokna manoesa di pakoemboehan, eta noe ngajoega basa", doemeh tadi djisim koering njĕbatkeun, jen basa teh gĕlarna di pakoemboehan. Eta sanes noedoehkeun: jen pakoemboehan anoe ngajoega basa, margi widjining basa parantos aja ti heula samakta dina datna manoesa, ngan ngantos-ngantos lantaran anoe djadi panggoegah bae. Dimana lantaran datang, noedoehkeun geus nĕpi ka mangsana mĕdal, nja goeroedag bae teu sakara-kara, hiroep koe iboen gĕde koe poë, beuki lami beuki sawawa.

Nadjan basa bidjilna koe karĕrĕpĕt noe karandapan koe manoesa dina keur ngalalakon dina hiroepna di alam doenja, tĕgĕsna koe roepi-roepi lantaran pamawa economie, nanging hoeripna koe hiroepna sorangan, njatjas koemalenggang di salĕbĕteun aling-aling badan kasar, lir ali-aliampal ngalangkang dina panangan Bangbang Ekalaja atanapi Praboe Palgoena.

Kadjabi parabot paranti bebedja, basa teh aja deui kaanggona, nja eta lisanna harti sarĕng lisanna raos.

Djadi damĕlna sanes ngan keur ngabedjakeun kahajang bae, nanging dina lĕbah dieu djadi: s o r a p a n g r e k a h a r t i sarĕng p a m ĕ d a r r a s a w a r n a s e w o e.

Koe hal eta „aloesna" basa teh bĕrteu tjĕkap koe doemeh lĕrĕs pakarĕpanana sarĕng salantjar rakitanana bae, pedah parantos tĕrang nja kahajang. Nanging dina lĕbah dieu mah kĕtjap anoe direka ngarekakeun oesiking ati, ngagambarkeun hoeriping soekma, sarĕng ngawajangkeun hiroepna pakoemboehan; sarta anoe gadoeheun sipat kitoe teh sanes basa anoe kenging ngokolakeun bae, basaning kasoesastran, nanging basa oerang-rea oge nja kĕdah kitoe; margi basa kasoesastran teh ngabantoenna bahan kokolakeuneun, nja tina basa oerang-rea tea. Basa kasoesastran boga djero, basa oerang-rea boga hoerip.

III no 4.5.6



457

Oktober-Desember1924.max

Oĕdagan anoe ditoedjoe koe basa kasoesastran bentĕn sarĕng oedagan basa sadidintĕn anoe dipake koe oerang-rea. Oedagan sadidintĕn mah teu aja deui ngan: kĕdah gampang dianggona, toer tĕrang babari kaharti koe batoer. Ari oedagan basa dina kasoesastran mah k a s a m p o e r n a a n. Djadi lĕbah dieu aloesna basa teh sanes „gampang kahartina" nanging k ĕ t j a p - k ĕ t j a p n a k ĕ d a h k a r e u n a, p o k - p o k a n a n a k ĕ d a h n g a r e u n a h.

Basa teh lĕrĕs oge gadoeh kĕkĕntĕng kalang pangawasana noe teu kenging dimaha, nanging lĕbah kasoesastran ngawĕnangan ka ki Boedjangga, ngalajang mawa rasana pribadi, darapon oelah nĕpi ka pĕgat bae tatalina tina oegĕranana.

Sawangsoelna: sanadjan oerang diwĕnangan ngarakit basa sakoemaha karĕp oerang, nanging oegĕran anoe djadi wawangĕnan atoeran basa, eta teu kenging dirĕmpak, soemawontĕn hal sora anoe djadi sasandi kĕtjap, eta teu kenging ganagana dirobah sakarĕp-karĕp, nadjan Boedjangga loehoeng hĕnteu kawasa.

Dina lĕbah dieu oerang kakoeroeng koe kalang wawangĕnan basa.

Katingal deui koe oerang, jen basa teh lĕbah dieu gadoeh sipat „loro-loring ngatoenggal", nja eta: djadi banda sarerea, koe sabab eta ngawisesa djĕlĕma saoerang, nanging bĕt kawisesa koe Boedjangga, Boedjangga loehoeng noe ngĕtjlakkeun rakitan basa djadi soenggingan dina basa.

Tégesna kieu:

Hidji Boedjangga ngĕdalkeun raos koe basa, dianggit didamĕl dangding, njoesoeroep lagoe kana kĕtjap noe ngĕtjlak tina lĕbĕting ati, dipasieup koe rakitan basa noe ngĕmbat ninggang wirahma, disoengging koe kĕtjap noe kareuna hariringna, koemĕpjar djadi pangloengsoer sari, mĕdal rasa ti koeroengan, braj katingal paningal batin goemawang dina tjipta: birangkitna noe ngarakit dangding di djĕro kalangan oegĕran basa.

Oegĕran basa goeloeng djadi hidji sarĕng kabinangkitan ki Boedjangga noe ngarakit dangding ngagĕlar raos djadi kasoesasran. Mĕnggah basa noe djadi panggĕlar raos, hiroepna sarĕng loemenggangna, babakoena aja dina dajana kĕtjap anoe dianggo ngawangoen paningal ati noe goemawang dina tjipta.

Oenggal basa kitoe sipatna, basa Soenda oge hĕnteu bentĕn.

Ajeuna oerang njoektjroek heula asalmoeasalna Basa Soenda.

Basa Soenda kalĕbĕt kana golongan Basa Indonesia.

Noemoetkeun anoe arahli Basa Wetan, lobana basa Indonesia teh aja 200. Ieu basa anoe 200 roepa tea, koe noe palintĕr digoemdoek-goendoek didamĕl djadi 9 tjantilan. Doepi Basa Soenda kalĕbĕt kana tjantilan ka 2, nja eta: Tjantilan Djawa.

Anoe kalĕbĕt ka dinja:

Basa Soenda,
Basa Djawa,
Basa Madoera,
Basa Bali.

Pangna ieu opat basa dilĕbĕtkeun satjantilan, margi sadĕdĕg sapangadĕg sawanda saparoman. Kawoewoeh poesaka-elmoena — noemoetkeun tjoektjroekan anoe palintĕr mah — sasoengapan pisan.

Moal boa, eta margina noe mawi hantja anoe ajeuna dihareupan koe Java-Instituut: bangsa Soenda, Djawa, Madoera sarĕng Bali.

Doepi asal-moeasalna basa Soenda, sami bae sarĕng basa-basa Indonesia anoe sanes, da poegoeh asal sasoengapan tea; doepi basa-basa Indonesia sahoeloewotan sarĕng basa-basa Autronesia anoe sanes; margi basa Indonesia teh kalĕlĕbĕt kana golongan eta basa, anoe mawoer di laoetan ti Madagaskar beulah koelon dongkap ke poelapoelo Paas beulah wetan, ti Formosa dongkap ka Nieuw-Zeeland.

Parantos loba ahli-ahli basa anoe mapaj neangan asalna Basa Austronesia, nanging koe margi aloerna parantos teu ngaloeloeroeng, taja toelis noe djadi saksi noe njata, pikeun djĕlĕma djaman ajeuna sĕsah kabina-bina kengingna katĕrangan noe sanjata hal asalna Basa Austronesia; tjalĕtjĕr-tjalĕtjĕr noe djadi tjitjiren djalan talapakanana parantos laleungitan karimboenan koe loekoet-loekoet boeboeloek win-

III nº 456



458

doe, kapoëkan koe kalangkang sang kala pĕtĕng. Anoe ditjarĕpĕng koe noe arajeuna ngan oekoer taksiran anoe palintĕr bae, nja eta wangwangan nganggo wawaton babandingan kaajaan basa sareng kĕtjap-kĕtjapna.

Noemoetkeun taksiran Prof. Dr. Kern, nja eta goegoeloena ahli Basa Wetan, basa Austronesia teh soengapanana aja di Tanah Hindoe-Toekang beulah wetan. Daratangna ka Noesa Hindia, lantaran djadi kasilih koe Djoenti, nja eta kalindih koe bangsa Dravida, asal oerang Hindoe Ka-reup.

Ari eta bangsa Dravida noe mawi ngoembara ka tanah Hindoe-Toekang, doemeh kalindih koe bangsa Aria.

Djadi oepami oerang bade njĕkĕl wangwangan Prof. Dr. Kern, lĕmah tjai bangsa Indonesia teh, nja eta tanah Hindoe-Toekang. Ti Hindoe-Toekang parindah ngaloembara ka Noesa Hindia, lantaran kalindih koe semah, nja eta bangsa Dravida.

Ieu theorie-Kern theorie anoe ajeuna djadi tjĕtjĕpĕngan, didaramĕl wawaton koe sadaja anoe ngaroelik Basa Austronesia. Nanging mindĕng pisan dongkap pikiran ka djisim koering:

„naha bĕt mawoer sakitoe tarĕbihna, ti Madagaskar dongkap ka Fidji, ka kalerna dongkap ka Formosa? Sakitoe batjatjarna mawoer di tĕngah laoetan, toer sakitoe patarĕnggangna. Ari ngemoetkeun disa-Hindia bae mah, nja aja bae mingpĕr-mingpĕrna, namoeng ka Madagaskar? Asa wĕgah teuing.

Meuntas ti Hindoe Toekang beulah wetan ka Madagaskar; mangkaning djaman baheula pisan, alam palajaran tatjan sapĕrtos ajeuna; .... hĕr tangeh keneh kabina-bina; katĕrang djĕlĕma kana elmoeboemi oekoer sakoelibĕk lĕmboerna, pangtĕbihna oge meureun ngan oekoer saboeana; eta teh anoe pang-pangna, minangka Marco Pólona atanapi Columbusna.

Koemaha pitiasaeunana wani kambangkambangan di sagara ngadjoegdjoeg Madagaskar?

Doepi theorie-Sclater sarĕng Haeckel, lĕmah tjai Basa Indonesia teh hidji boeana anoe parantos kakĕlĕm, ajana di kidoeleun boeana Asia, wastana Lumeria; doepi koe oerang Hindoe diwastaan Langkâ-dwipa.

Naha moal, dongeng anoe kaoengĕl dina Kitab-kitab sarĕng dina Bijbel, noe njarioskeun boemi dikĕlĕm djaman Nabi Enoh teh, asalna tina tjarios kĕlĕmna Lumeria tea, anoe ajeuna ngan kantoen njangkaroek saeutik deui, ngĕndat tingaroedat dina ingĕtan kamanoesaan djadi pitoetoer sĕpoeh toeroen-toemoeroen?

Asa pantĕs nakĕr oepami kitoe teh!

Oĕpami eta theorie anoe lĕrĕs, meureun poelo-poelo anoe ajeuna batjatjar njĕbar di laoetan teh, eta tanah datar anoe laloehoer sarĕng pagoenoengan-pagoenoengan anoe teu kakĕlĕm.

Oĕpami kaart anoe dina boekoe Handboek van Insulinde [1]) (antara katja 16 sarĕng 17) koe oerang ditingal ditĕngĕtan, katingal aja kanta-kanta anoe ngahoedangkeun sangkaan ati, siga nakĕr Noesa Hindia ti wangkid Sĕlebĕs ngoelon asal ngantet ka Asia; ari Nieuw-Guinea ngantet ka Australia. Djadi Noesa Hindia teh baheula pisan mah sigana asalna boeana.

Oepami asalna hidji boeana anoe peupeus koe ombak laoet, atanapi koe oeroeg di djĕro boemi, boh koe lantaran lianna, pantĕs batjatjar djadi poelo-poelo anoe mangreboe-reboe, dieusi djĕlĕma asal oerang Lumeria tea, anoe ti tadina oge basana parantos djadi roepi-roepi dialect.

Ngan anoe ka Madagaskar, tĕtĕp asa teu kadjawab keneh bae, reh kahalangan koe Samoedra Hindia.

Ajeuna aja theorie-Sial sarĕng Sima [1]), njarioskeun hal winangoenna boeana sarĕng samoedra, noemoetkeun pamĕndakna Prof. Wagener. Di oearkeunana koe eta Professor tatjan pati lami. Eta Theorie ngarombak sadaja theorie lami.

Tjek eta theorie, dina djaman baheulaning baheula boeana Amerika kaler sarĕng kidoel rapĕt ka Eropa-Afrika (Tingalian

[1]) Labberton's Handboek van Insulinde, tjitakan 1910.
[2]) Sial = silisium + aluminium
Sima = silisium + magnasium
noemoetkeun Leer der Isostasie.



III nº 456

451

Oktober-Desember1924.max

kaajaan basisirna, pipatoemboeëeunana pagoenoengan di Eropa sarĕng di Amerika Kaler); Australia napĕl ka Asia; Madagaskar napĕl ka Hindoe Hareup.

Koe robah-robahna kaajaan boemi (geologische proces), loba tanah-tanah noe lengket marisah, ngeser ka tĕmpat sedjen, margi eta tanah-tanah teh ngambang dina „sima", lir goenoeng es anoe ngambang di sagara, pipindahan kakeserkeun koe roepi-roepi lantaran.

Djadi siga nakĕr, djĕlĕma anoe njitjingan Noesa Hindia alam harita, nja eta alam ngahidji sarĕng Asia, Madagaskar napĕl ka Hindoe Hareup; tah alam harita oerang Austranesia njitjingan eta tĕmpat.

Barang patoeraj koe robahan boemi (geologische proces) tea, pangeusina oge paboerĕntjaj, ladjĕng pada ngalalakon noetoerkeun hiroepna sorangan; nja djadi roepi-roepi basa anoe saparoman, kawantoe saroentoejan asal sapoepoehoenan.

Mana anoe pangmoenasabahna antawis eta wangwangan-wangwangan anoe disĕrat di loehoer, djisim koering koemambang kana timbangan para djoeragan.

Ajeuna oerang njarioskeun bangsa anoe tetela bae, tĕgĕsna langkoeng tetela manan „wangwangan asalna Basa Soenda", nja-eta hal Basa Soenda dilĕbĕtkeun kana golongan Basa Indonesia bagian koelon. Anoe didamĕl tjitjiren kalĕbĕt kana golongan eta, babakoena pisan kaajaan kĕtjap-kĕtjapna serĕng rakitanana omongan.

Pikeun netelakeun Adĕgna Basa Soenda, pĕrloe dibanding-banding heula sarĕng basa-basa sanes anoe sagolongan. Djadi ieu padamĕlan teh ĕnja-ĕnjana hantjĕngan ahli Basa Wetan, sanes adjang hareupaneun djisim koering; nanging pikeun njoemponan sarat anoe pĕrloe djadi saksi, djisim koering kapaksa kĕdah moeka pĕpĕrĕnian, kenging moeloengan tina paririmbon batoer.

Mimiti oerang ngabandingkeun hidji kĕtjap Soenda sarĕng basa sanes anoe sagolongan. Doepi anoe bade didamĕl tjonto, nja eta kĕtjap „*hĕnteu*" anoe sami sarĕng „neen" dina Basa Walanda tea.

*Di tjantilan Djawa:*

Djawa = ora

Djawa Tĕngah, Bang Wetan = 'nda

Madoera = tade

Bali = inda

*Tjantilan Soematra*

Atjeh = hana

Nias = leu-eu

Gajo, Batak = 'ndang, lang, lahang

Minangkabo = indá, tá

Malajoe = tidak, tá

*Tjantilan Borneo.*

Roepi² Basa Dajak = ang, angaan, poang, njian, njan, eam, heam.

*Tjantilan Poelo-Poelo Soenda aralit.*

Bali, Bali-aga, Sasak, Soembawa Koelon, Bima, Soemba = inda

Sawoe = á de

Flores = èong

Solor = takĕ.

*Bara-Bara Sĕlebĕs.*

Gorontalo = dila, dio, dioe, dia.

Tomini = tiadjè, 'ndaoe, gèga, .... dj.s.t.

Toradjo Koelon = lèdo, oende ... dj.s.t.

Toradjo Wetan = barè ĕ, taa .... dj.s.t.

Makasar = Téna, Taéna.

Boegis = dè.

Tingali tjitjingna sora t sarĕng d.

Ajeuna oerang njandak hidji tĕmpat, oerang bandingkeun kĕtjap-kĕtjapna sarĕng Basa Soenda; anoe bade dipilih Mĕnado, margi ari Djawa atanapi Malajoe mah, koe emoetan asa teu kĕdah ditataan deui di dieu, doemeh sok kapĕndak sadidintĕn tea. Sarĕngna deui ari ka Djawa sarĕng Malajoe mah, oerang parantos katjida wanohna, djadi tiasa sakalian kasampeur kabandingkeun. Soemangga araos bae ieu di handap:

| *Soenda* | *Mĕnado.* |
|---|---|
| Awewe | Wewene, beneh |
| Baraja | Taranak |
| Bapa, ajah | Amah, amang, baba, papa, ama, tata.— |
| Indoeng | Mah, inang, ma, mah, inah. |
| Anak | Anak, okih, wana. |
| Leungeun | Dĕngĕn, lĕngĕn, lima, rima. |
| Ati | Atej, nate, ate, ĕning, hati. |
| Langit | Langi, rangi, dangit, langit. |



III n° 4-5-6
460

| | |
|---|---|
| Laoet | Laur, tasik. |
| Angin | Anging, angin, regĕs. |
| Hoedjan | Uran, nuran, ujan, tahiti, unran. |
| Gĕlap | Kirap, sangĕlap, kilah, kilat, kila. |
| Goenoeng | Toka, woekir, kuntung. |
| Tĕtĕlar | Talun, rowar, ataran, padang. |
| Djalan | Lalan, lalang, palampangan, dalan. |
| Imah. | Walèh, balèh, walei, bareh. |
| Kĕbon | Numa, uma. |
| Daoen | Danuna, ranina, danina, daun,daon. |
| Batoe | Watoe, batoe, batu. |
| Manoek | Manu, manuko, manuk. |
| Tjai | Dano, rano. |

Eta babandingan kĕtjap tiasa diwoewoehan koe babandingan rakitan omongan, nja eta:

Basa Indonesia golongan koelan, kĕtjap anoe djadi katĕrangan salamina tjitjing di toekangĕun kĕtjap anoe diterangkeun; sapĕrtos:

| | |
|---|---|
| Soenda: | beas bodas |
| Djawa: | wos poetih |
| Madoera: | bherrâs pate |
| Bali: | baäs poetih |
| Minangkabo: | baréh poetieh |
| Batak: | dahanon bontar |
| Atjeh: | breu poetih |
| Dajak: | botjah poetih. |

...Eta babandingan anoe ditataan di loehoer, sadajana djadi tjitjiren, jen Basa Soenda teh aja di wĕwĕngkon Basa Indonesia bagian koelon.

Ajeuna oerang moegoehkeun heula wawatĕsanana noe djadi dajeuh maneuh Basa Soenda, lĕmboer matoeh bandjar karang pamidanganana.

Pikeun nĕtĕpkeun wawatĕsanana tĕmpat hidji basa, hese kabina-bina, moal sabaraha bentĕnna sarĕng noedoehkeun watĕsna Soepitan Soenda ti beulah koelon: „tah! sĕmĕt dieu ngoelon Samoedra Hindia, ka wĕtan Soepitan Soenda". Tjik mangga toedoehkeun goeratna!

Ieu oge dina bade nĕtĕpkeun wawatĕsanana Basa Soenda, nja kitoe. Margi basa teh lir oepami tjai sok awor patjampoer sarĕng batoerna, patjorok paala-ala sarĕng tatangga, eta hĕnteu matak gampil kana nĕtĕpkeun watĕsna basa.

Watĕs Basa Soenda ti koelon henteu bangga neanganana, margi parantos aja kakâlang alam, nja eta Soepitan Soenda, nanging nĕtĕpkeun kĕkĕntĕng keur watĕs beulah ti wetan, njirian lĕbah mana ngarandĕgna Soenda ditema koe Djawa, beulah ti koelon Soenda pitoein, ti wetan Djawa toelen, tah oepami kĕdah noedoehkeun watĕs anoe kitoe, hamo moal tiasa kapĕndak, da nja eta basa teh sok awor tea sarĕng tatangga. Patemana basa mah tara ngagĕntak, kĕdah majat bae, sapĕrtos Basa Soenda ditemana koe Basa Djawa, sanes: *Soenda—Djaawa,* nanging: Soenda pitoein .... Soenda-tjampoeran.... Djawareh — Soendareh.... Djawa-tjampoeran... Djawa toelen.

Djadi oepami di dieu djisim koering njĕbatkeun „watĕsna Basa Soenda" teh, sajaktosna langkoeng lĕrĕs, oepami disĕbat: s a b ĕ t - s a p o n  b a s a  S o e n d a.

Watĕs Soenda beulah ti wetan anoe ajeuna dianggap koe djĕlĕma loembrah: Tjilosari ngidoel ladjĕng ka Tjitandoej, doemeh Basa Soenda teh basana oerang Pasoendan, doepi watesna Pasoendan ti wĕtan, nja Tjilosari sarĕng Tjitandoej. Nanging eta mah watĕs kanagaraan, sanes watĕs noe djdi kĕkĕntĕng wĕwĕngkon basa. Doepi wates anoe djadi kĕkĕntĕng wĕwĕngkon Basa Soenda mah, ajana di wetaneun watĕs anoe bieu, nja eta kintĕn² lĕrĕsan Tjipamali ka kidoel mapaj sisi Kali Tadjĕm, malipir Djatilawang tĕroes toeroet-toeroet Tjisarajoe,

Kawoewoehan Tjipamali teh tjarek tjatoering pitoetoer, baheula djadi wates karadjaan Padjadjaran sarĕng Madjapait, tjitjiren ragragna saoer Raka sarĕng Rai noe mĕntas galoengan ngadoe kasakten, di dinja ngĕdalkeun oetjap toenggal, „saoer ratoe sabda pandita", tĕgĕsna omongan noe teu kenging diletak deui, digantoengan koe soepata: „pamali ngatjak ka peuntaseun Tjipamali", toeg dongkap ka kiwari eta tjai nĕlah Tjipamali tjek oerang





Oktober-Desember1924.max

Soenda; ari tjek oerang Djawa Kali Pamali.

Dina djaman ajeuna ĕta kĕkĕntĕng anoe dikantĕngkeun bieu tea geus moal pati tetela, hartosna hĕnteu pati nembres tjara dina windoe ka- XVII. Nalika djaman harita mah eta wates teh tetela keneh. Nanging dina waktos Soeltan Agoeng Hanjokro Koesoema nimbalan Bahoerĕkso ngaroeroeg ka Batawi, harita aja 300 perdjoerit Djawa anoe ditoenda di bawahan afdeeling Tjalatjap ajeuna. Eta 300 pĕdjoerit tea — alam harita sanes saeutik, kawoewoeh bangsa anoe njĕpĕng kakawasaan — tah eta anoe mimiti ngoedaran kasoendaan di afdeeling Tjalatjap. Sabab, nadjan tadina niat ditoenda oge, nanging teu ditjokot deui, doemeh Bahoerĕkso kadeseh tea pĕrangna. Eta pĕrdjoerit noe 300, ladjĕng matoeh bĕbĕtah di dinja anak-baranahan. Ajeuna di Tjalatjap anoe Soenda keneh, ngan kantoen beulah koelon bae, babakoena pisan district Madjĕnang sarĕng Dajeuhloehoer. Di Karĕsidènan Pakalongan oge Basa Soendana njinggĕtan ngĕret ka koelon, ngan kantoen afdeeling Bĕrĕbĕs beulah koelon.

Nanging ieu oge tĕmpat² anoe kakoeroeng koe kalang anoe bieu tea, hĕnteu sadajana basana Basa Soenda, sapĕrtos afdeeling Tjirĕbon, Darmajoe sarĕng Bantĕn beulah kaler, oerang dinja basana Basa Djawa Tjirĕbon; malah oerang basisir afdeeling Karawang kenging disĕbatkeun meh patĕngah bae sarĕng Djawa.

Kadjabi ti eta, oerang Batawi basana Basa Malajoe Batawi.

Anoe basana Basa Soenda tea, henteu sadajana saroepi bae, sabasa, salagam, salĕntong, nganging dibagi-bagi djadi pirang-pirang dialect.

Hal pĕrkawis dialect moal diladjĕngkeun di dieu; margi aja pitĕmpateunana anoe langkoeng mĕrĕnah, toer aja pidjĕlĕmaeunana anoe langkoeng tabah manan djisim koering kana bab dialect. Tah di dinja bab dialect baris diwajangkeun dongkap ka imeut.

Koe sadaja meureun katingali, jen roepi² pĕrkawis anoe ditataan di loehoer, sawareh parantos noedoehkeun „Adĕgna Basa Soenda", nadjan koe djisim koering hĕnteu pok pisan oge disĕbatkeun, doemeh dihadja diwangoen boeboeka.

Ajeuna oerang ladjĕngkeun ditogmolkeun ngadadarkeun bab „Adĕgna Basa" pisan.

Basa teh teu bentĕn lir djĕlĕma, gadoeheun dĕdĕg-pangadĕg, pada mawa wanda „kapribadian", pada kaantjikan pĕrbawa, ngan bentĕnna sarĕng djĕlĕma teh, ieu mah katingalna sanĕs koe panon, oepami ngarah tĕgĕs kĕdah disasar koe rasa, kenging oge ditilik koe pikiran, diroetjat randjinganana. Djdi hal wanda basa teh kĕdah diadji koe *Elmoe Basa;* ngan moal atra oepami hĕnteu dibaroeng koe rasana.

Bade diawitan njarioskeun:

a. *Kaajaan kĕtjap-kĕtjapna.*

Kaajaan kĕtjap Soenda ajeuna lolobana doea-doea sora, djadi kenging ogĕ disĕbatkeun hidji basa anoe kĕtjapna doea-doea sora, atanapi dipondokkeun: „h i d j i b a s a a n o e d o e a² s o r a".

Tangtos pisan loba kĕtjap² anoe langkoeng ti doea sora. anoe tiloe sora, opat sora, malah anoe lima sora oge loba. Nanging babakoena mah ngan doea-doea sora.

Oepami oerang manggih kĕtjap anoe tiloe sora, sok torodjol bae datang pikiran anoe nanjakeun: „naha ieu teh Basa Soenda?"

Ana dihantĕm ditaloengtik, bĕt meh patĕngah bae noe Soenda noe Sangsrit.

Kĕtjĕp2 Soenda noe doea2 sora tea, oepama koe oerang dipariksa ditĕngĕtan, diadji hartina, pĕk diroetjat randjingan sandisandina, loba katjida anoe matak heran, heran koe beubeunangan sorangan direndeng-rendeng sarĕng panĕmoe batoer, boehbeh asa kawenehan, reh tarembong, jen kĕtjap² noe magahkeun doea sora teh, bĕt asalna pisan mah geuning s a s o r a. Eta „sora" aja anoe asal saĕngang, sapĕrtos: *a, e, i, o, oe, eu* sorĕng ĕ (ieu oge *a, e, i* sarĕng saladjĕngna tea, ari ĕnjaĕnjana mah asal doea ĕngang); aja anoe doea ĕngang, sapĕrtos: *ha, na, ra* .... sarĕng saladjĕngna; aja anoe asal tiloe ĕngang likĕt djadi hidji, sapĕrtos: *tja, kra, pja* .... sarĕng sadjabi ti eta.



462

Oktober-Desember1924.max

Kĕtjap² Soenda anoe doea sora tea, oepami sora anoe ti pajoen maeh, kenging ditangtoskeun sadajana maeh aksara iroeng, sapĕrtos: *pandjang, leumpang, ponteng* .... s.s.t.

Oepami sanes maeh aksara iroeng, eta ngaradjek sorana, aja noe ngaradjek lĕrĕs, aja oge anoe bari ngarobah sora anoe ti heula, sapĕrtos: *ragrag, taktak, rokrak* ....s. s. t.

Eta netelakeun jen asal-asalna pisan mah Basa Soenda teh, kĕtjap-kĕtjapna ngan sasora-sasora. Sora asal ti poengkoer, ari noe ti pajoen rarangken.

Hal ieu teu atjan aja anoe njoektjroek ĕnja² dongkap ka kaboekana. Djadi hantja hantjĕngan anoe aranom anoe bade ngaroëlik Basa Soenda. Geura mangga lĕnjepan:

tah     *nah*
bĕbĕ—*tah*     bĕbĕ—*nah*
*keu—na*     *ngeu—nah.*
gĕ—*nah*
poe—*nah*
sarĕng seueur2 deui.

Ieu deui:

*toeh*     *i—toeh*     *a—toeh*
*ki—toeh*
sarĕng salian ti eta.

Kadjabi lobana sora, ngèngna sarĕng tjitjingna eta sora dina kĕtjap ogè, teu sami Soenda sarĕng deungeun. Naging loba oge basa deungeun noe parantos ngalĕmah djadi Basa Soenda, dongkap ka oerang geus teu asa² ngakoe, tina kalamianana tjitjing di Soenda, sarĕng lĕrĕs merenahkeunana, toer tangtoengna soeroep sarĕng tangtoeng Soenda. Da ari anoe teu pajoes njoesoeroepna mah sok ngagĕtroek njĕntoeg kana rasa.

Goeroe² anoe parntos kolot tjara djisim koering, meureun pada ngarandapan pribadi, koemaha raosna barang mimiti ngadangoe kĕtjap *pariboga;* kapan ngagasroek geuning, sarta djol bĕh baè koe rasa teh, jen boa semah datang ti djaoehna, njiliwoeri njamar make saroeng poleng; da di Soenda teh *pari* aja *boga* ti kapoengkoer oge gadoeh; nanging *pari boga* sanes soeroepanana, karasana koe rasa Soenda aja ngagasroekna, tjara disaroeng poleng ari ikĕtna „kĕtoe oedĕng" boeatan Solo, atoeh tetela teu poegoeh salang²na, da poleng mah soeroepna pisan teh kĕdah „ngĕre".

Ari pek ditaloengtik jaktos bae sanes oerang Soenda, basa Sangsrit geuning; eunteup sanes kana pigeusaneunana. Manoek kanari dilĕbĕtkeun kana koeroeng serendet. Lain² daoen awi lain pihiriseunana.

Geura ari soeroepanana mah, dipĕrnahkeun koe rasa Soenda, nadjan Basa Sangsrit Basa Kawi oge teu djanggal teu sing:

„Djĕlĕma anoe kitoe djĕlĕma nista, kabawa koe hawa angkara moerka".

Toeh kapan teu ngagasroek teu njĕntoeg, geuning ngaleot bae.

Pikeun ngawoewoehan katĕrangan hal Basa Soenda, koe emoetan pĕrloe aja tjonto robah-robahna kĕtjap, soepaja kaoeninga hidji kĕtjap tiasa sabaraha kali robahna. Koe hal eta, ieu di handap disĕratkeun robah-robahna kĕtjap sĕrat. Ngahadja milih eta, doemeh ajeuna kaanggo sadidintĕn kana basa lĕmĕs, nadjan rada sĕng Djawa oge, da hiroepna Basa Soenda poegoeh aja ngadjawana:

1. Sĕrat
2. njĕrat
3. disĕrat
4. kasĕrat
5. sĕratan   1+an
6. njĕratan   2 ,,
7. disĕratan   3 ,,
8. kasĕratan   4 ,,
9. pasĕratan   pa+5
10. sĕrateun   1+eun
11. pisĕrateun   pi+10
12. pinjĕrateun   pi+2+eun
13. sĕratkeun   1+keun
14. njĕratkeun   2 ,,
15. disĕratkeun   3 ,,
16. kasĕratkeun   4 ,,
17. sĕrat-sĕrat   2×1
18. sĕratna   1+na
19. njĕratna   2 ,,
20. disĕratna   3 ,,
21. kasĕratna   4 ,,
22. sĕratanana   5 ,,
23. njĕratanana   6 ,,
24. disĕratanana   7 ,,
25. kasĕratanana   8 ,,

III 1924.5.6

463
Oktober-Desember1924.max

26. pasĕratanana 9 + na
27. sĕrateunana 10 "
28. pisĕrateunana 11 "
29. pinjĕrateunana 12 "
30. njĕratkeunana 14 "
31. disĕratkeunana 15 "
32. kasĕratkeunana 16 "
33. sĕrat-sĕratna 17 "
34. njĕrat-njĕrat 2 x 2
35. njĕrat-njĕratna 35 + na
36. disĕrat-sĕrat di + 17
37. disĕrat-sĕratna di + 17 + na
38. disĕrat-disĕrat 2 x 3
39. disĕrat-disĕratna 38 + na
40. kasĕrat-sĕrat ka + 17
41. kasĕrat-sĕratna ka + 17 + na
42. kasĕrat-kasĕrat 2 x 4
43. kasĕrat-kasĕratna
44. sĕrat-sĕratan
45. sĕratan-seratan
46. njĕratan-njĕratan
47. njĕratan-njĕratanana
48. njĕrat-njĕratan
49. njĕrat-njĕratanana
50. disĕratan-disĕratan
51. disĕratan-disĕratanana
52. disĕrat-disĕratan
53. disĕrat-disĕratanana
54. kasĕratan-kasĕratan
55. kasĕratan-kasĕratanana
56. kasĕrat-kasĕratan
57. kasĕrat-kasĕratanana
58. sĕratkeun-sĕratkeun
59. sĕratkeun²
60. sĕrat-sĕratkeun
61. njĕratkeun-njĕratkeun
62. njĕratkeun-njĕratkeunana
63. njĕrat-njĕratkeun
64. njĕrat-njĕratkeunana
65. disĕratkeun-disĕratkeun
66. disĕratkeun-disĕratkeunana
67. disĕrat-sĕratkeun
68. disĕrat-sĕratkeunana
69. kasĕratkeun-kasĕratkeun
70. kasĕratkeun-kasĕratkeunana
71. kasĕrat-kasĕratkeun
72. kasĕrat-kasĕratkeunana
73. silih-sĕratan 5 + silih
74. silih-sĕratanana
75. silih-sĕratkeun
76. silih-sĕratkeunana
77. panjĕratan
78. panjĕratanana
79. panjĕratkeun
80. dipangnjĕratkeun dipang — keun
81. dipangnjĕratkeunana
82. pangnjĕratankeun
83. dipanjĕratankeun
84. dipangnjĕratankeunana
85. sĕrataneun
86. sĕrataneunana
87. sĕratkeuntun
88. sĕratkeuneunana
89. soeroet-sĕrat dwilingga salinswara
90. soerat-sĕratna
91. soerat-sĕrat
92. soerat-sĕratna
93. pasĕrat-sĕrat
94. pasĕrat-sĕratna
95. mangnjĕratkeun mang — keun
96. mangnjĕratktunana
97. mangnjĕratankeun
98. mangnjĕratankeunana
99. mangnjĕrat-njĕratkeun
100. mangnĕratkeun²
101. mangnjĕratan-njĕratankeun
102. mangnjĕratankeun²
103. sinĕrat 1 + in
104. sinĕratna
105. sĕrat-sinĕrat
106. sĕsĕratan
107. sĕsĕratanana
108. barangsĕrat 1 + barang
109. barangsĕratan
110. njarĕrat 2 + ar
111. njarĕratna
112. disarĕrat
113. disarĕratna
114. kasarĕrat
115. kasarĕratna
116. njarĕratan
117. njarĕratanana
118. disarĕratan
119. disarĕratanana
120. disarĕratkeun
121. disarĕratkeunana
122. sarĕrat
123. sarĕratna
124. sarĕrateun
125. sarĕrttunana
126. sarĕrataneun
127. sarĕrataneunana

III no 4-5-6



464

Oktober-Desember1924.max

128. sarĕratkeun
129. sarĕratkeuneun
130. sarĕratkeuneunana
131. pasĕratan-pasĕratan
132. pasĕratan-pasĕratanana
133. pipasĕrataneun
134. pipasĕrataneunana
135. pikasĕrateun
136. pikasĕrateunana
137. pidisĕrateun
138. pidisĕrateunana
139. pimangnjĕratankeun
140. pimangnjĕratankeunana
141. pimangnjĕratkeun
142. pimangnjĕratkeunana.

Tah sakitoe anoe parantos kapĕndak. Leu roendajan kĕtjap anoe di loehoer, moal boa loba kakiranganana. Koe margi eta disoehoenkeun loentoer manah anoe aroenga,kĕrsa ngawoewoehan kakiranganana.

Tadi di loehoer parantos disĕbatkeun, jen mariksa Basa Soenda mah, pĕrloe pisan disasar koe rasa, margi dina kĕtjap-kĕtjap pagaweanana, hĕnteu anggeus koe njĕbatkeun pagaweanana bae, nanging meh salamina disarĕngan koe sipatna-pamĕta-gawe: koemaha eta pagawean teh katingalna koe rasa.

Sapĕrtos dina njarioskeun: djantoeng bidjil", eta teu tjĕkap koe disĕbatkeun „bidjil" woengkoel, da kĕdah aja gambar bidjilna tea, , kakara eta omongan teh lĕngkĕp adĕg Soenda: „na aja rĕsĕp ningal tjaoe kapas di kĕbon, ana podonghol teh djantoengna mani sagĕde pingping".

Kĕtjap-kĕtjap bangsa eta teh sami seueurna sarĕng kĕtjap pagawean; dianggona sok ngarentet sarĕng kĕtjap pagaweanana, kadangkala kĕtjap pagaweanana mah sok tjoel bae, komo dina njarios sadidintĕn mah; dalah dina toetoelisan oge sĕring dianggo ngagĕntos kĕtjap pagaweanana, tjoel kĕtjapna tinggal sipatna.

Soemangga tingali tjonto omongan anoe tadi di loehoer; geuning tjoel bae kĕtjap pagaweanana mah.

Mĕnding ke··h eta mah kaetang masih terang, pikahartoseun koe deungeun oge. Nanging omongan di handap ieu:

„Ari aja djorodjoj mah atoeh keur naon make kaleked, tjreng bae ka dinjah, da doeit ngeupeul".

Tah omongan bangsa kitoe, geus moal boa hesena pikeun bangsa sedjen anoe dialadjar Soenda, padahal keur oerang mah kapan sakitoe tetelana.

Eta kĕtjap-kĕtjap noe karitoe djadi tjitjiren Adĕgna Basa Soenda.

b. *Kaajaan rakitan omongan.*

Ningalian tangtoeng Soenda dina rakitan omongan, parantos ditjarioskeun saeutik di loehoer, nanging ari ngarah tĕgĕs pisan mah, djol beh Soendana, hese beleke ari sanes oerang Soenda mah. Nja radjeun oge aja toeloengan saeutik, oepami dibanding-banding sarĕng basa deungeun; atanapi ningalian boekoe-boekoe Soenda salinan tina basa sanes, nadjan pokpokanana Soenda oge, sarta rakitan omongan dina sakoma-sakomana Soenda, ari ngarandjingkeunana omongan sarĕng omongan deui mah sok katjiri bae.

Sapertos boekoe *Pieunteungeun;* tjatjakan anoe kagoengan jasana boedjangga Soenda anoe kontjara iasa kana basa, nanging basana dina boekoe *Pieunteungeun* mah, sanes Basa Soenda pitoein; katingalna siga noe disaroeng gĕroesan bĕndona make tjĕkoan.

Moal boa lantaran Djoeragan Moehamad Moesa kabawa koe lambak Basa Djawa noe sakitoe galĕdena. Djisim koering parantos ngaranapan pribadi, oepami mindahkeun basa sanes kana Soenda teh, kĕdah bae kasoeroeng-soeroeng koe aloen basa deungeun teh. Oepami njalin Basa Djawa mindĕng pisan djadi Soenda ditjĕkoan; oepami Basa Waalanda anoe dipindahkeunana, torodjol Soenda ditjalana lĕpas. torodjol deui Soenda ditjalana lepas; estoening hese beleke pisan disina make gĕroesan geus rĕmĕt bari ngĕre teh.

Eta margina noe mawi njalin teh kalĕbĕt keneh kana kabinangkitan, tjek Walanda tea mah *kunst.*

Geura ieu di handap aja sababaraha tjonto omongan kenging ngabantoen tina hidji karangan salinan tina boekoe Malajoe:

Dina katja 1: Mastakana ditoengkoelkeun sangkan oelah kasěbrot teuing rarajna koe hoedjan.
katja 2: Sabot eta toean keur lalamoenan, koedana njěngkatkeun hoeloena bari rada ngarandĕg.
katja 3: .... barang eta bangsat ngadenge sora soekoe djělěma noe njampeurkeun....
katja 64: .... lantaran andjeunna těrang pisan kana kateuasan manah djoeraganana anoe teu oeninga naon ari sieun, panganggonangan: hidji leungit, kadoea seungit; lamoen teu lěboer, mashoer....

Barang djisim koering ningal eta omongan, ras bae emoet kana laporan hidji Tjamat di bawahan Tasikmalaja. Basana Basa Malajoe, nanging rakitanana rakitan Soenda, Soenda noe toelen tea: „Tida ada tida adanja ada sadja padi jang dipotong.

Oerang Soenda anoe teu loma sarĕng Basa Malajoe kaajeunakeun, nja eta Malajoe wanda Walanda, hamo geus taja pětana ngartoseun bae: naon karěpna omongan anoe kenging njoetat tina katja 64 teh.

Ajeuna, oerang njoetat karangan anoe kenging njalin tina Basa Djawa.

Kaajaan basana boekoe *Pieunteungeun* kantěnan sadaja oge parantos pada tingali; djadi teu pěrloe dipědar deui di dieu. Ari anoe ajeuna bade disěratkeun di handap, kenging ngabantoen tina hidji karangan:

Kandjěng Pangeran midangět piwoeroek kitoe teh němbe manahna lědjar, djeung teu wěleh-wěleh rěsěp ngaraoskeun eta sakabeh piwoeroek.

Ieu deui:

Raden Toeměnggoeng Mangkoejoeda matoer: „Goesti dongkapna abdi ka dieu, moegi oelah ngadjadikeun lěpat panjangka, estoena noe mawi ngadeuheus teh bade ngabadantěnkeun hal kasalamětan Goesti".

Saha-saha anoe moas eta pětikan anoe kassěbat di loehoer, tangtos iasa ngaraoskeun koe andjeun, jen eta omongan teh rakitanana sanes rakitan Soenda.

Ajeuna bade malikkeun pangali heula, saparantosna djisim koering ngahatoerkeun tjontjo-tjonto omongan Soenda anoe wanda Malajoe sarěng Djawa, koe emoetan pěrloe toemaros: naha kědah ngahatoeranan tjonto omongan Soenda pitoein?

Pangna toemaros kitoe, margi oepami harojong oeninga omongan Soenda anoe pitoein mah gampil, kantoen ningalian bae boekoe-boekoe karangan Djoeragan Ardiwinata, sapěrtos: *Baroeang ka noe ngarora;* karangan Djoeragan Soeriawinata: *pěpětetan;* karangan Djoeragan Djajadi redja: *Roesdi djeung Misněm.* Asa teu patos pěrloe dipětik dilěbětkeun ka dieu.

Ari kědah ngabantoen tjonto tina poestaka mangsa mah rada hese neangananana, salian ti dina *Poesaka Soenda* mah. Aja dina *Si Patahoenan* No. 6, tahoen ka 1, djisim koering manggih karangan těgěp naker basana, hoeloena: **Kamonesan ti padoekoehan.** Geura oerang njokot saeutik bae:

„Kapan di imah ge lěga?

Hih! ieu mah atoeh itoeng-itoeng neundeun pohona bae, dina sapangboeat 2—3 geugeus mah.

Kawoewoeh aja oge toeloengna, diindjeumkeun!

Na, kapan aja loemboeng desa?

Anoe mawi, loemboeng desa teh ajeuna mah gěntos atoeran, teu tjara ka toekang. Diatoerna ajeuna mah 6 boelan ngindjeumkeun, 6 boelan deui woengkoel narik bae. Na koemaha moen waktoe loemboeng narik (noetoep), oerang teh boetoeh, ka mana nja oesaha? da nja eta ngindjeum ka noe kaja mah atawa menta timpahan doeit sok .... tjara ngindjeum doeit tea bae, mahal teuing *kaoentoenganana.*

Manasina ka bawahan Tjirěbon, tjariosna njawahna sok barěng sataoen sakali. Orokaja kapan ilahar di oerang

III no 4.5.6



466

ajá? - a-jaaa?
aja! - aaa-ja!

mah tara barĕng, da njawahna lain goena mangsa tea, sok goena poeroen kapan. Kadjeun teuing koerang tjaina, asal geus ditandoeran baĕ, geus ngahĕnang-ngahĕning, ngelmoe kalong, ti beurang sare, ti penting njaring, mĕnĕr-mĕnĕrkeun tjai; tampolana mah nĕpi ka aja noe sok garĕloet marĕboetkeun tjai. Teu tjara ka tĕbeh Manondjaja, dina oesoem katiga mah kapan malawidja bae, pohara aroentoengna...."

Tah, mangga araos, kapan sakitoe raosna. Moen heug loba bangsa eta dina *Si patahoenan*, mokaha Basa Soendana teh, moal roeksak koe hama dĕdĕt; meureun ngan kantoen ngeusi bae.

Pakeun mĕpĕkan katĕrangan hal Adĕgna Basa Soenda, koe emoetan pĕrloe aja tjonto hal robah-robahna omongan Soenda.

Koe hal eta ieu di handap aja tjatĕtan paparin Djoeragan Soeriadiradja, dihadja dilĕbĕtkeun ka dieu, pambrihna pikeun noedoehkeun tiasa sabaraha kali hidji omongan robahna:

Teundeun ieu boekoe dina mèdja.
Teudeun heula ieu boekoe dina mèdja
Teundeun baè eta boekoe dina mèdja
Sareng saladjengna tiasa robah-robah langkoeng ti saratoes kali.

c) c. *Hal lĕntong.* (intonasi)

Kadjabi koe dibanding-banding rakitan Soenda sarĕng rakitan basa sanes, tangtos pĕrloe pisan aja katĕrangan hal kaajaanana omongan Soenda, omongan-omongan anoe rakitanana noemoetkeun hiroepna pikiran sarĕng rasa Soenda.

Miniti pĕrloe ditjarioskeun heula, jen Basa Soenda teh, kadjabi nangtoeng dina „harti kĕtjap" djeung dina „rakitan omongan", tegĕsna dina entep-seureuhna kĕtjap dina omongan, aja deui anoe djadi wawaton kasoendaan, nja èta dina lĕntong.

Dina Basa Soenda omongan njarita sarĕng nanjakeun, rakitanana meh taja bentĕnna; katjirina oerang nanja atanapi njarita teh koe lĕntongna, koe lagoena, sapĕrtos:

„Kamari si Alpi ka pasar".

Oepami diaosna diladjoer bae, sorana lĕmpĕng, eta omongan omongan njarita.

Nanging oepami sorana diantĕbkeun dina kĕtjap „kamari" sarĕng dina „pasar" sapĕrtos:

„Kamari si Alpi ka pasar", eta nanjakeun.

Boh dina omongan njarita, boh dina omongan nanja, mana-mana kĕtjap anoe diantĕbkeun, eta noedoehkeun kĕtjap eta anoe dipikarĕp koe noe ngomong.

Kakoeatanana lĕntong dina Basa Soenda, tiasa ngadamĕl omongan anoe bentĕn pisan hartosna, inghale kĕtjapna mah eta keneh, rakitanana omongan anggĕr, teu aja kĕtjap anoe robah tĕmpatna; nanging koe lĕntong tiasa gadoeh hartos anoe pasalia pisan, sapĕrtos:

„Oepas anoe badjoe hideung ti isoek nĕpi ka sore tjindĕkoel bae di gardoe".

Oepami eta omongan koe oerang diwatja kieu: „Oepas anoe badjoe hideung ti isoek nĕpi ka sore tjindekoeoeoel bae di gardoe".

Eta hartina ki Oepas keur meunang kasoesah gĕde.

Nanging oepami diwatjana kieu:

„Oepas anoe badjoe hideung ti isoek nĕpi ka sore tjindĕĕĕkoel bae di gardoe".

Eta hartosna ki Oepas sarĕgĕp kana gawe.

Toeh! kapan sakitoe bentĕnna.

Loba deui tjonto-tjonto anoe noedoehkeun, jen lĕntong dina Basa Soenda tiasa mere harti roepi-roepi pisan.

Kadjabi lĕntong dina omongan, eta oge lĕntong dina kĕtjap, tiasa ngarobah-robah hartos, nadjan bentĕnna hĕnteu oedjoeg-oedjoeg beh katingal, nanging karaos, malah parantos djadi raos, mĕtakeunana sok darongkap sorangan, tara koengsi dipikir deui.

Tjontona mah montong neangan tĕbih-tĕbih, geura njobi-njobi bae ngadamĕl omongan-omongan anoe nganggo kĕtjap *euleuh*. Pek bentĕnkeun lĕntongna, djol karaos bae kapan koe oerang, aja *euleuh* anoe noedoehkeun boengah, aja anoe noedoehkeun handeueul.

*Pamaksadan.*

Pangna djisim koering mantoenkeun hal Adĕgna Basa Soenda, anoe dimaksad aja 5 pĕrkawis, nja eta:

III. hd4.5.6



1167

Oktober-Desember1924.max

I. Ngadamĕl tjitjiren Wanda Basa Soenda.

II. Ngantĕngkeun kĕkĕntĕng pakeun kalang wĕwĕngkon Basa Soenda, samemeh aja pagĕr anoe santosa anoe baris ditĕtĕpkeun koe ahli basa.

II. Pikeun pepeling ka noe sok toelas-toelis ala nganggoer, nanging soengkan ngadji heula Elmoening Basa Soenda, doemeh baroga pangira Basa Soenda teh gampang.

IV. Soepaja sadaja aroeninga, jen Basa Soenda teh kalĕbĕt kana golongan Basa Indonesia.

Koe margi eta oepami aja kĕtjap anoe sami boh meh sami sarĕng Djawa sarĕng Malajoe, oelah waka ditangtoskeun kenging njokot ti batoer; tiasa djadi oge anoe tiloean, pada nampi ti poepoehoenan.

V. Naratas djalan keur sorangeun soegri noe kasĕngsrĕm koe Basa Soenda sarĕng koe Poesaka-Elmoe Soenda lianna.

## II. Hal nganggona ketjap anjar.

Dina hal Adĕgna Basa Soenda parantos disĕbatkeun sababaraha kali, jen basa teh kalĕbĕt kana poesaka-elmoe; malah sanes moeng kalĕbĕt bae, nanging kenging disĕbatkeun: p o e s a k a - e l m o e a n o e p a n g - p a n g n a.

Naon margina noe nawi disĕbatkeun poesaka-elmoe anoe pang-pangna?

Margi basa teh nja ngadĕgkeun poesaka-elmoe, nja minangka noe djadi babalang, poerah ka ditoe ka dieu mikeunan poesaka-elmoe lianna sarĕng manehna pribadi djadi poes.-elmoe. Kadjabi ti eta deui basa teh: p a r i r i m b o n kamanoesaan, tjatĕtan poes.-elmoe; saniskara anoe kalakonan koe poesaka-elmoe, ti barang gĕlar dongkap ka ajeuna, eta sadaja aja tjatĕtanana dina basa. Lalakon bangsa anoe boga basa, sadaja oge aja tjatĕtanana dina basana; owah-gingsirna hiroepna sarĕng robah-robahna poesaka-elmoena tiasa kaintip dina basana. Kaajaan kĕtjap-kĕtjapna, hartina kĕtjap, ikĕtan basana, eta mawa talapakan lalakon eta basa; tĕgĕsna sadjarah eta bangsa.

Ngan ningalina bae kĕdah sarĕng elmoe.

Djadi oepami oerang tiasa naloengtik basa maneh dongkap ka katoetoerkeun galoerna, kapapaj raratanana dongkap ka soengapanana, tah! oepami kanjaho oerang parantos dongkap ka dinja, meureun oerang bisa panarawangan ngawangwang lalakon karoehoen oerang. Sanadjan eta wangwangan tatjan tangtos lĕrĕs, nanging moal saharaha lĕpatna.

Wangwangan Prof. Dr. Kern anoe koe djisim koering ditjarioskeun dina bab Adĕgna Basa Soenda, nja wangwangan anoe kenging ngarandjing-randjing tina beubeunangan naloengtik basa.

Oepami dihantĕm ditaloengtik ĕngke katingali robah-robahna basa; da oepami teu kitoe mah tara katangen, sabab kadjadianana teh noengtoetan di djĕro pirang-pirang tahoen.

Dĕmi katarana pisan nja eta oepami hidji bangsa parantos heubeul biasana koeroeng-karang njieunan boekoe. Tina boekoe-boekoe anoe parantos ratoesan atanapi poeloehan tahoen, noe palintĕr tiasa nangenan bentĕnna basa baheula sarĕng ajeuna. Geuning dina Basa Walanda mah aja basa anoe disĕbat „taal in dĕ middeleeuwen", nja eta basa anoe kapake di antara tahoen 481 sarĕng 1492. Eta basa kanjahoanana, nja tina boekoe-boekoe koena tea; bentĕn pisan sarĕng basa alam ajeuna.

Koemaha margina noe mawi basa robah-robah kitoe?

Ari noe mawi robah-robah kitoe, sanes ngan doemeh kĕdah mere ngaran kana barang anjar atanapi atoeran-atoeran anjar bae, nanging koe lantaran datang barang anjar sarĕng atoeran-atoeran anjar teh, djĕlĕma-djĕlĕma anoe ngadjaramanan oge loba anoe garadoeh pikiran anjar.

Tah! eta margina, noe mawi di oenggal basa oge kĕdah bae loba kĕtjap-kĕtjap anjar, sakoer basa noe kasĕbat basa hiroep mah.

Djadi di oenggal basa oge, aja: basa boehoen, basa alam ajeuna sarĕng basa anjar.


468

Oktober-Desember1924.max

Geura mangga bae taringali kaajaan sarĕng robah-robahna Basa Soenda; montong waka tĕbih-tĕbih, ieu bae dina 10—15 tahoen ka dieu, djadi dina awalna windoe ka XX; soemawontĕn saparantos aja roepi-roepi pakĕmpĕlan, koemaha kaajaan basa oerang? Sadaja iasa nangen pribadi.

Oepami Basa Soenda koe oerang diawsawas, ladjĕng diroetjat digoendoek-goendoek noemoetkeun golonganana, meureun koe oerang kenging dibagi kieu:

I. *Basa Asal.*

Tĕgĕsna basa anoe toelen anoe asal ti soengapanana. Kĕtjap-kĕtjap anoe aja dina golongan ieu, tangtos loba keneh anoe aja dina basa Indonesia anoe sanes, sabab sadajana pokona nja ti dinja. Nanging kantĕnan geus seueur bentĕnna, da patoerajna parantos mangratoes ratoes tahoen pada noetoerkeun lalakon sorangan; robahna di dieu moal sami sarĕng di tĕmpat sanes, da bentĕn kaajaanana, lain deui kapĕrloeanana. Djadi oepami ajeuna dibandingkeun, lolobana mah meureun ngan oekoer mingpĕr-mingpĕr bae.

Dina Adĕgna Basa Soenda, aja tjonto babandingan basa. Geura tingali!

Kĕtjap-kĕtjap asal ti soengapan tadi tea, tangtos pisan ajeuna parantos robah, raragana geus lain deui sarĕng tadi, malah ari sanes koe noe ahli ngaroelik basa mah katjiri oge moal meureun.

Soemangga tingali bab kĕtjap *„hĕnteu"* dina Adĕgna Basa Soenda, kapan sakitoe patĕbihna, ngan oekoer aja mingpĕr-mingpĕr saeutik pisan. Inghale eta kĕtjap teh, asal-asalna pisan mah kapan „sami", da sasoember tea.

Doepi pangna bentĕn-bentĕn, taja sanes tina kengingna ngalalakon tea, kahoedjanan kapanasan, kambang-kambangan ngambah² sagara, toeroen goenoeng oenggah goenoeng, njorang lĕbak njoekang pasir, asoep ka leuweung ganggong si maganggong leuweung si soemĕnĕm djati, nĕlar ngĕntak di boeboelak, njaoĕng-njaoĕng di reuma di djami, ka bala ka bale, pipindahan ngaboeniaga, beh manggih dajeuh maneuh, tĕtĕp rĕnggĕnĕk di dinja.

Tah! koemaha teu bade bentĕnna sarĕng barang goeroedag, da poegoeh mĕntas ngalalana sakitoe lilana; istoe hiroep koe iboen gĕde koe poë teh saĕnjana.

Dĕmi hal pĕtana robah-robahna djisim koering teu sanggĕm njoektjroek-njoektjroekna; ngan malak mandar ĕngke baris aja anoe iasa mapaj lalakonna Basa Soenda.

Nanging pikeun tamba lengoh teuing, sarĕng soegan djadi pangdeudeul ka noe bade ngaroelik Basa Soenda, bade njanggakeun ieu bae pamĕndak saeutik:

1. *djeung, dieu, nahaon, ti dinja.*

Dina 700—800 tahoen kapoengkoer, sanes „djeung" nanging „deung".
dieu harita „dini"
ka dieu „ka dini"
nahaon alam harita „nanaha"
ti dinja masih keneh „ti inja".

Ajeuna oge masih keneh aja sababaraha dialect anoe njĕbat „naon" teh „naha", sapĕrtos di Bantĕn, Koeningan sarĕng di tĕmpat-tĕmpat anoe tjarakĕt ka dinja.

Koemaha mimitina robah tina *deung* kana „djeung"; „ka dini" djadi „kadieu" sarĕng salian ti eta, hal ieu poèkeun keneh pisan.

Aja deui tjonto saeutik, hal robahna kĕtjap dina Basa Soenda, Malajoe sarĕng Djawa. Geura mangga banding-banding! kĕtjap: *a — soe*, basa Djawa; dina Soenda sarĕng Malajoe bĕt siga dibantoen lĕmĕsna: *an — djing.*

Sawangsoelna, dina Soenda sarĕng Malajoe *a — soep, ma — soek (ma — soep)* dina basa Djawa bĕt djadi *man-djing.*

Koemaha lalakonna noe mawi patoekartoekeur kitoe?

Ieu hantja hantjĕngan anoe bade ngoelik Basa Soenda, ngaladjĕngkeun latjak anoe dimimitian ajeuna.

2. Anoe bieu didadarkeun di loehoer, robahna raraga kĕtjap, nanging hartosna anggĕr keneh.

Kadjabi ti robah kitoe aja deui kĕtjap² anoe robah raragana robah katoet hartosna:

*Sĕlĕh* dina basa koena hartosna „tjahaja"; eta kĕtjap robah djadi *soeloeh*. Dina



Oktober-Desember1924.max

Malajoe sarĕng Djawa hartosna „obor" = noe mere tjahaja); dina Soenda har-..na: „kai" atanapi „awi" keur beuleu-neun di hawoe (= noe djadi lantaran aja ...meu, nja eta seuneu noe mere tjahaja).

...owa robah djadi *po* = kapan, geuning; ...a-beh-dieu robah djadi *poen*, nja di Ma-...oe mah anggĕr „poen" bae; dina Soenda ...h robah deui djadi *pon*, hartosna oge ...obah deui tina „kapan, geuning" tea, ajeu-... mah meh sami sarĕng „oge": koering ...on" kitoe.

Malah ieu oge tina „pon" tea, robah ...ui djadi *bon:*

... oelah „bon" koering, kapan djoera-...gan Patih oge njatjat bae".

...*mah* hartosna „imah"; *saomah* hartosna ...imah"; eta kĕtjap „saomah" diringkĕs-...keun djadi *somah* hartosna „tjatjah".

.... sarĕng sadjabi ti eta.

3. Aja deui kĕtjap-kĕtjap anoe raraga-...na mah anggĕr bae bĕlĕgĕr, taja rengrot-...engrotna, atanapi di ajana oge robahna ... a „mistina" saeutik, doemeh eta kĕtjap ...l basa deungeun ngoembara ka Soenda, ...erang Soenda teu tiasaeun ngoenikeun tjĕ-...s noe gadoehna; eta kĕtjap pindah har-...na:

*„dalem"* hartosna sami sarĕng = djĕro ...wangsoelna loear). Di Malajoe anggĕr ...eh hartosna; di Djawa robah djadi lĕ-...ĕsna tina homah; di oerang, dina Basa ...enda, hartosna Bopati.

*...amparan* aja anoe robah hartosna, nja ...ta dianggo ngalĕmĕskeun kĕtjap maneh. ...gke dimana eta taroempah — kai paran-... leungit djirimna, meureun kantoen ...gamparan" anoe dianggo ngalĕmĕskeun ...neh tea bae.

*...ma'loem* asalna Basa Arab, hartosna ...ami sarĕng „geus njaho". Meureun koe ...rang Soenda oge, tadina mah nja dipakĕ ... abatoeran kĕtjap „njaho" tea; nanging ...jeuna ilaharna sami sarĕng kĕtjap „ham-...perna".

...sarĕng salian ti eta.

Robahna raraga kĕtjap sarĕng hartosna ... aja anoe lajeut sarĕng koedratna, har-...osna noeroetkeun pamenta bakatna asal, ...oeroep saĕmbat sarĕng dĕdĕganana. Eta robahan anoe kitoe bidjil tina toewoehna basa, moen didjĕlĕma mah atanapi sato-hewan, minangka ngagĕdeanana anoe moe-loes tea.

Misilna tina *sĕlĕh* = tjahaja, loejoe na-kĕr robah kana soeloeh = obor; tina obor kana „soeloeh" Basa Soenda.

Tah! eta robah noe moeloes.

Nanging robahna basa teh hĕnteu sala-mina moeloes bae, mindĕng nakĕr aja ro-bahan kĕtjap atanapi robahan rakitan omo-ngan anoe djadi kasakit kana basa.

Djoeragan Ardiwinata parantos ngalĕ-bĕtkeun karangan hal noe ngaroeksak Ba-sa Soenda kana Panoengtoen Kamadjoean ping 30 November 1913, taoen ka 1, No. 9. Dina eta karangan koe andjeunna ditja-rioskeun imeut pisan hal hama-hama anoe djadi kasakit Basa Soenda..

Saoer Djoeragan Ardiwinata:

„Moenggoeh ngarobah basa teh aja noe hade aja noe gorengr. Anoe hade teh nja eta anoe robahna teu karasa tea, kawas basa robah koe maneh; kanjahoan2 sanggeus sababaraha tahoen lilana. atawa anoe dihadja diganti koe noe boga basa, ngarah aloes atawa ngarah lémés atawa lian ti eta.

Dĕmi pamĕndak andjeunna hal robahan basa anoe awon kieu:

Démi anoe diséboet goreng teh, nja eta basa ro-bahan atawa basa anjar anoe dipojok koe noe boga basa, népi ka maranehanana émboeng make.

Pamanggih kaoela anoe sok ngaroeksak kana basa Soenda teh babakoena bangsa sedjen; djaba ti eta oerang Priboemi oge anoe koerang boedina, sok ngabantoean ngaroeksak, koe sabab eta leuwih hade koe koela diperwintji hidji2

1. *Paranakan.* Noe rek ditjaritakun pangheu-lana nja eta paranakan Djawa

Keur alam Bandoeng tiiseun keneh, nja eta tatjan sakoemaha lawasna ti anjaran dipindah-keun ti dajeuh kalot ka dajeuh ajeuna, keur imah2 loba noe koe wélit keneh make talahab, sarta noe geus loba imah teh babakoena ngan toeroet djalan bésar woengkoel, geus mimiti loba oerang Djawa noe ngoembara, tjaritana ti Darmajoe, Tjirébon. Tegal djeung Pakalong-an. Pakasabanana woengkoel dagang bae, nga-waroeng, ngagendong djeung salian ti eta, Beuki kabehdieunakeun beuki loba, malah témpatna oge ngoempoel, diséboetna lémboer pasar, sarta patjarianana beuki roepa,2 lain dagang woengkoel. Ti harita mimiti di Ban-doeng aja basa: *oerang pasar, djadjar pasar, basa pasar, adat pasar.* Noe baleungbarna sarta tjaritana ti ditoena aja toeroenanana' diséboetna koe oerang Bandoeng *santana pa-sar,* nja eta noe sok kasaoer kana ramean.

Djoeragan Ardiwinata ladjĕng njarios-keun hal eta noe ngaloembara tea diala-djarna basa priboemi; nja kitoe deui anak-anakna ngaromongna basa noe kadengĕ



TII n°4.56

470

Oktober-Desember1924.max

koe maranehanana ti kolotna waktoe keur leutik kèněh.

Saoerna:

„Lamoen koe oerang diténgetan népi ka kiwari masih aja keneh basana anoe salah. tégésna anoe tara dipake koe oerang priboemi. Sawareh mah lain salah, ngahadja maranehanana njieun atoeran sorangan, anoe kadengena koe priboemi rada njéntoeg".

Tapi oerang pasar anoe dasar bisa kana basa mah, anoe katjida tjampoerna djeung priboemi, soemawonna noe meunang pangadjaran ti sakola, nja teu kitoe. Eta mah noe kitoe teh oerang pasar anoe loembrah.

Paranakan Tjina djeung sinjoh-sinjoh oge — lahiran Djoeragan Ardiwinata — nja kitoe bae, sok ngaroeksak Basa Soenda. Ngan doemeh teu loba, teu sakoemaha matak salěmpangna.

Anoe ngaroeksak Basa Soenda teh deui:

„2. Oerang Soenda anoe katjida tjampoerna djeung oerang pasar, loba pisan anoe pipiloeeun make basa djeung omongan anoe teu roedjóek kana hatena priboemi tea. Babakoena anoe kitoe teh anoe koerang boedina, koerang pangadjaranana, katambah koe bakat Soenda sok résép tootoeroet moending.

Kadjaba ti noeroot.n teh djenng, ditambah djeung sok njarieunan sorangan basa lémés-anoe mangsa ajeuna roengséb keneh kadangoe. na koe menak², sapérti: dongkip, ka mantén ...dj. s. ti.

3. Dalang, pantoen djeung djoeroe dongeng,

Tah! sakitoe anoe „alam" harita katingali koe Djoeragan Ardiwinata sok ngaroeksak Basa Soenda.

Djisim koering ngahadja make kětjap „alam", nadjan ti waktos Djoeragan Ardi njěrat eta karangan dongkap ka ajeuna tatjan lami, němbe 11 tahoen. Nanging nadjan djamanna teu atjan lami oge, ari robohna kaajaan mah kaetang loba katjida, teu bentěn sarěng měntas ngalalakon aja windoena.

Dina karangan Djoeragan Ardiwinata anoe ditjarioskeun bieu di loehoer, aja sababaraha kětjap Basa Djawa anoe diparoeloengan koe oerang Soenda, lolobana robah tina asalna, sapěrtos: *hapa basamoe* djadi „apia bamoek".

Oepami hidji bangsa moeloeng kětjap tina basa deungeun, biasa nakěr sok kitoe, margi kaajaan anggahota paranti ngadenge sarěng paranti ngomong teu sami; randjinganana anggahota paranti ngomong oerang Soenda bentěn sarěng anggahota paranti ngomong oerang Djawa; rasa anoe nampanan sora teu sami; pendek aja roepi-roepi pisan bentěnna. Koe hal eta tangtos pisan basa anoe kenging moeloeng ti deungeun miminděngna sok bentěn sarěng asalna.

Nanging anoe sok kitoe teh sanes basa oerang dieu bae, deungeun-deungeun oge nja kitoe. Geuning Walanda oge njěbatna „kapoer-baroes" bět *kamfer;* oerang Pěrtěgěs ance dongkap ka Tanah Soenda dina tahoen 1511, dina tjatětanana aja tjatětan ngaran těmpat-těmpat sarěng kapangkatan di oerang: *Chiamo*, *Xacatra (Caravam)*, *Chequede*, *Pondang*, *Daio*, *Pangue de Pate de Dama.*

Mangga saha anoe ngintěn, jen eta teh:

*Chiamo* karěpna Tjimanoek.

*Xasatra (Caravam)* karěpna Djakětra (Kalapa).

*Chequede* karěpna Tjikande.

*Pondang* karěpna Pontang.

Dio karěpna dajeuh (pangirana eta teh ngaran).

*Pangue de Pate Dama* karěpna Sang Adipati Děmak.

Djadi nja sami bae sarěng di oerang, geuning *Jan Pieterzoon Coen* djadi Moerdjangkoeng.

Kadjabi ti anoe parantos ditataan koe Djoeragan Ardiwinata, dina alam ajeuna aja deui anoe sok ngaroeksak basa teh, nja eta anoe sok ala nganggoer toelas-toelis kana poestaka-mangsa Soenda, soengkan ngadji heula basana, da pangirana Basa Soenda mah babari. Dina karanganana moenggah galitoek Basa Malajoe anjar: *pěndirian* sarěng *pamandangan* pasělang *sikěp terhaděp* dianggo njaroengsoem Basa Soenda. Estoening matak roengsěb panon kolot.

II. *Basa Roendajan.*

Anoe disěbat Basa Roendajan koe djisim koering, nja eta basa-basa anoe djaradina beh dieu, roendajanana basa asal tea, měntjar dina saparantos ki Soenda hiroep matjakal sorangan, geus tjoemarita misah ti kolot, hiroep patatangga djeung doeloer-doeloerna.

a. Geura mangga bandingkeun sarěng basa-basa Indonesia anoe sanes, hal

III no 4-56



471

Oktober-Desember1924.max

kĕtjap-kĕtjap Soenda anoe koe Djoerangan Soemadinata disĕbat *kĕtjap anteuran* tea; ĕnja-ĕnjana mah eta teh kĕtjap pagawean loeloegoe keneh, anoe ngagambarkeun sipatna pagawean, sapĕrtos: *djoeng nangtoeng, tret noelis, podonghol bidjil, bĕrĕbĕt loempat,* sarĕng sapapadana. Kapan kĕtjap-kĕtjap noe karitoe teh teu aja di batoer mah; di ajana oge ngan oekoer hidji-doea. Ari di oerang mah sadaja kĕtjap papawean loeloegoe baroga sipat.

Oepami anoe diadjar Basa Soenda teu atjan iasaeun eta, teu atjan iasa ĕnjaan Basa Soenda.

b. *Koe pitoeloeng rarangken-rarangkeun.*

Moal ngahatoeranan tjontona, margi sadaja oge kantĕnan parantos aroeninga, kawantos diadjarkeun di sakola. Ngan aja saroepi anoe bade disĕrat tjontona teh, doemeh tara pati kasorang koe oenggal anoe sakola, nja eta:

*Tapok* djadi *talapok*
*kawat* djadi *karawat*
sarĕng sadjabi ti eta.

c. *Diradjĕk:*
koeda-koeda, sikoe-sikoe, mamata

d. *Dikantetkeun sarĕng kĕtjap sanes:*
hedjo-botol

ĕ. *Digĕntos sorana:*
hiroep sarĕng hoerip:
neupa sarĕng nĕpa

f. *Dipitjeun sapotong atanapi dirioetkeun:*
ngakoetan djadi ngakoet
pasapoean djadi pasapon.

g. *Kĕtjap anoe kenging ngahadja bae ngadamĕl.*

III. *Basa Kosta.*

Ieu „Basa Kosta" ka poengkoer parantos ditjobi-tjobi dianggo koe Djoeragan Ardiwinata dina *Papaes Nonoman* sarĕng dina *Panoengtoen kamadjoean.* Djisim koering loba moepakatna batan hĕnteuna kana make eta kĕtjap dina Basa Soenda.

Eta margina noe mawi ajeuna dipintonkeun di ieu Congres, malak mandar para djoeragan sapoek nganggo eta kĕtjap

Dina Basa Soenda loba kabina-bina basa kosta, nanging teu kĕdah ngaraos lingsĕm, soemawontĕn hina mah, doemeh dina basa oerang loba basa kostaan, da basa deungeun oge nja kitoe. Saha-saha anoe parantos ningalian *Kramer's Algemeen verklarend Woordenboek,* meureun oeninga aja sabaraha kĕtjap lobana basa kosta anoe aja dina Basa Walanda, sakoer anoe parantos katjatĕtkeun. Mangkaning meureun loba keneh anoe teu katjatĕtkeun.

Kapoengkoer dina sĕratkabar aja anoe njarioskeun hal kabeungharanana Basa Inggris koe kĕtjap; eta basa basa anoe pangbeunghar-beungharna saalam doenja. Tjek eta karangan — doeka teuing lĕrĕshĕnteuna — basa kostana noe aja dina eta basa, kintĕn-kintĕn aja saparapatna.

Sanadjan eta karangan oepamina hĕnteu lĕrĕs pisan, nanging parantos djadi katĕrangan oge ka oerang, jen dina Basa Inggris loba katjida basa kostana.

Naha naon margina noe mawi hidji basa kĕdah bae katjampoeran koe basa kosta?

Anoe babakoe margina kieu:

1. Lantaran tjampoer sarĕng bangsa sedjen anoe darongkap ka dinja.
2. Koe margi eta bangsa moeloengan elmoe ti bangsa sedjen; sapĕrtos bangsa oerang ngalap elmoe ti: oerang Hindoe, Arab, Walanda sarĕng salian ti eta.
3. Koe margi loba barang anjar anoe teu aja di oerang, didongkapkeun ti nagara deungeun. Nja lolobana mah ngaranna teh sok ngaran kosta bae tjadel-tjadel oge.

Sadaja basa kosta kalĕbĕt kana basa anjar, nanging aja anoe anjar pisan, aja anoe parantos poeloeh-poeloeh tahoen, malah aja anoe parantos windoean.

Basa kosta anoe parantos windoean ajana di oerang, geus sarimbag bae sarĕng basa priboemi; oerang oge geus teu asa djeung djiga, asa ka kasa pitoein bae; malah anoe tarĕrangeun jen eta basa anoe ngoembara oge, ngan anoe ahli ngoelik basa bae, ari oerang-rea mah teu tarĕrangeun.

Ajeuna oerang pĕrwintji basa kosta anoe aja di oerang, koemaha asalna noe matak



III no4-5-6
472

arasoep ka oerang sarĕng koemaha kapakena di oerang.

Hal ieu parantos dipĕdar koe Djoeragan Ardiwinata dina *Papaes Nonoman* doea nomĕr. Ieu koe djisim koering ditjoetat sakoer anoe pĕrloe kaoeninga koe anoe rarĕsĕp ngoeilk Basa Soenda:

Noeroetkeun kapakena basa Kosta teh aja 7 roepa.

1. Noe tatjan tĕtĕp kapakena, kakara dipake koe doea tiloe djĕlĕma bae, anoe bisa kana basa sedjen atawa anoe ahli tjĕtaan. Sapĕrti tjek anoe bisa basa Walanda: *Eta djĕlĕma pang datangna ka dieu aja politiekna. Anoe matak sakitoe beungharna teh, taktikna dina balangsiar aloes pisan.*

Tjek hidji oelama: *Moedah-moedahan bae Goesti noe Moerbeng rat enggal maparin pahla ka istri noe sakitoe taatna ka tjaroge.*

Kĕtjap-kĕtjap anoe kitoe, lamoen teu geuwat-geuwat dipitjeun, lila-lila mah tangtoe djadi kaprah sarta oerang Soenda noe pandeuri moal njahoeun, jen eta basa sedjen.

2. Kĕtjap beunang njokot tina basa sedjen, lantaran teu aja pisoendaeunana, babakoena kĕtjap noe kapake dina elmoe-elmoe atawa ngaran barang-barang noe asal ti nagara sedjen. Kĕtjap anoe kitoe sawareh mah lantaran geus heubeul pisan dipakena, geus teu aja noe nganjanaan basa sedjen, maroekan Soenda toelen bae, katambah koe ngoenikeunana geus beda pisan tina asalna, sapĕrti: akal, pasar, pangradjek, moal dj. s. t.

3. Kĕtjap beunang njokot tina basa sedjen, sarta aja pisoendaeunana, tapi geus kaheubeulanana, geus prah bae sarerea pada njaho, malah lolobana mah djelĕma teh geus teu njarahoeun, jen eta lain basa Soenda toelen, maroekan basa toetoeroenan bae; ari kĕtjap Soendana noe asal, dianggap rangkĕpanana bae, saperti *maksoed* djeung *karĕp*. Nja kitoe deui tina geus teu asa beunang ngindjeum tea, loba pisan basa Kosta anoe dirarangkenan didjieun kĕtjap roendajan, malah sawareh mah dilĕmĕskeun sakali, make patokan ngalĕmĕskeun basa Djawa, sapĕrti: *maksoed-madsad.*

4. Pirang-pirang basa Kosta anoe didjieun basa lĕmĕs, babakoena basa Djawa.

5. Aja deui kĕtjap Kosta anoe asalna aja sasaroeanana dina basa priboemi, tapi lila-lila, koe lantaran loembrah (taal-geruik), djadi beda djeung kĕtjap asalna. Sapĕrti kĕtjap *moal* asalna basa Arab *mohal*, hartina *teu kaharti koe akal ajana*, meh saroea djeung kĕtjap *hamo* dina basa Soenda.

Tapi ajeuna kapakena kĕtjap *moal* djeung *hamo* teh di Priangan mah aja bedana, nja eta ari *hamo* mah make boga harti *taja pĕtana bisa* (onmogĕlijk). Tah kĕtjap anoe kitoe teh oba deui dina basa Soenda.

6. Loba kĕtjap kosta anoe soelaja dipakena koe oerang Soenda tina asalna. Sapĕrti kĕtjap *chilap* dina basa Arab, hartina *beda* atawa soelaja, tapi ana geus djadi Soenda bĕt djadi *poho* hartina teh. Kĕtjap *balĕg* oge basa Arab, hartina djĕlĕma noe geus oemoer 15 taoen ka loehoer, nja eta anoe geus wadjib ngalakonan parentah Sjara. Tapi dina basa Soenda baleg teh sok dipake kana bĕger.

7. Geus tangtoe pisan anoe matak oerang sok njokot basa sedjen teh lantaran kĕtjap anoe kitoe hĕnteu atjan aja pisoendaeunana ari rek njieun anjar, hese atawa tatjan loembrah, katoeroeg-toeroeg adatna djĕlĕma sok rĕsĕp noeroetan basa batoer. Tatapi djaba ti kitoe loba oge kĕtjap-kĕtjap anoe baheulana kawas-kawas aja Soendana, tapi djĕlĕma ajeuna geus teu aja noe tĕrangeun, sĕmoe-sĕmoe *djati kasilih koe djoenti.* Sapĕrti basa Arab *akal* anoe hartina *verstand,* ajeuna geus teu aja Soendana, padahal pirakoe baheula djĕlĕma teu boga akal. Aja oge kĕtjap *boedi* anoe sakapeung sok saroea hartina djeung *akal,* tapi eta oge lain basa Soenda.

Ngaran-ngaran poĕ anoe kapake ajeuna kabeh basa Arab.

Naha samemeh agama Islam oerang Soenda teu boga ngaran poĕ? Aja oge ngaran poĕ asal tina basa Kawi, nja eta:



III 114-5.6 473

Oktober-Desember1924.max

*Reditè*, *Soema, Anggara, Boedha, Respati, Soekra* djeung *Toempak* [1], tapi koe oerang Soenda mah teu diakoe, *malah noe njahoeun oge ngan hidji* doea bangsa doekoen palintangan.

Ajeuna di antara anoe 7 roepa teh mana anoe koedoe dipitjeun?

Naha koedoe dipitjeun kabeh?

Hěnteu, sawareh-wareheun bae, da lain basa Soenda bae anoe sok kaäsoepan basa sedjen teh, sagala basa oge di doenja, sakoer noe bogana geus tjampoer atawa kadatangan bangsa sedjen mah, geus tangtoe bae basana katjampoeran.

Komo dina basa Walanda mah sabaraha ratoes meureun basa kostana teh. Sahasaha noe geus ningali Kramer's Algemeen verklarend Woordenboek, meureun oeninga sakoemaha lobana vreemde woorden dina basa Walanda. Oepama oerang matja hidji karangan toean anoe pintěr, tangtoe poeloeh-poeloeh kětjap kosta anoe kapanggih koe oerang. Dina soerat dienst anoe sakoemaha pondokna oge langka pisan anoe běrěsih basana.

Děmi anoe koedoe dipitjeun teh tina basa Soenda, babakoena pisan noe kasěboet dina No. 1. Djaba tidinja sakoer basa noe aja pisoendaeunnana anoe kasěboet dina No. 2 sanadjan geus ngalěmah oge koedoe ditoengtoet dipitjeunan, digantian koe basa Soenda toelen, anoe geus kaloeli-loeli.

Děmi anoe djadi basa Kosta dina basa Soenda tea asalna beunang njokot tina sabaraha basa, nja eta:

1. *Basa Hindoe* nja eta *Sanskrit* djeung *Tamil*, sabab baheula oerang Soenda geus djadi bawahannana oerang dinja. Kětjap-kětjap noe kapake dina agama atawa kapěrtjajaan djeung dina elmoe-elmoe, sapěrti: elmoe tani, elmoe-elmoe kalahiran dj. s. t., loba pisan noe asalna tina eta basa.

2. Basa tanah Hindia, lolobana basa Djawa djeung Malajoe. Geus teu koedoe ditjaritakeun deui naon sababna anoe matak di Soenda loba basa eta, koe sadaja oge tangtoe kamanah, anoe matak koe noe ahli basa mah, basa Djawa, Soenda djeung Malajoe teh disěboetna oge *verwante talen* atawa *zustertalen*.

3. *Basa Arab* sabab oerang Soenda geus make agama Islam.

4. *Basa Persië* djeung basa *Tjina*, sabab ti baheula loba oerang dinja noe ngadon dagang ka oerang.

5. *Basa Portugees* djeung basa *Inggris* sababna nja kitoe kěneh.

6. *Basa Walanda*, lantaran geus leuwih ti 300 tahoen tanah Soenda djadi bawahanana karadjaan Nederland.

Ringkěsna. (

Djisim koering jakin dina ati, jen sadaja basa di saalam doenja, sakoer anoe kasěbat basa hiroep mah, teu kenging hěnteu kědah bae gadoeh kětjap-kětjap anjar.

Ari lantaranana noe mawi garadoeh kětjap anjar, margi:

a. eta bangsa beuki lami beuki woewoeh kanjahona, pikiranana nambahan.
b. tjampoer sarěng bangsa sedjen.
c. ngalap elmoe ti deungeun.
d. aja barang anjar boeatanana.
ě. aja barang anjar ti nagara deungeun.

Eta kětjap-kětjap anjar teh aja anoe matak tambah reugreug kana basa, aja anoe sapěrtos těki matak kěri.

Ari djaradina eta kětjap-kětjap anjar teh, aja anoe djaradi sorangan, těgěsna hěnteu dihadja-hadja dipidaměl, kaoeninga-kaoeninga parantos prah bae diparake koe sadaja, toer teu aja ngagasroekna kana rasa, sapěrtos: *listrik, maskape* .... sarěng sadjabi ti eta. Aja kětjap anoe djadi sorangan anoe njěntoeg kana aněn, sapěrtos: *djalmi, dongkip* sarěng sapapapadana.

Kadjabi anoe djaradi sorangan, aja deui kětjap anjar anoe dihadja dipidaměl, babakoena anggoëun dina elmoe-elmoe.

Tina hal ngadaměln sarěng nganggona kětjap-kětjap anjar, noemoetkeun emoetan djisim koering kieu:

[1] Eta poë asalna basa Sangsrit, oenina: *Reditya Soema, Anggara, Boedha. Wrehaspatî, Soekra*, djeung *Sanestjara*. Anoe matak di ditoe aja poë toedjoeh, sabab beunang ngalap tina planeet (bentang géde) anoe toedjoeh.

Démi oerang Soenda makena poë anoe kaséboet dina boekoe-boekoe baheula noeroetkeun boelan bae, nja eta tina tanggal 1—15 diséboet tanggal boelan (Sjoekla paksja) djeung ti 16—30 pareun boelan (Kresna paksja), sapérti: tanggal 1 dina panang, galan boelan diséboet: kasa Sjoekla paksjatanggal 2 karo Sjoekla paksa dj. s. t.

TI no4-5-6



474

I. **Bab ngadamelna.**

1. kĕdah ngotektak neangan kĕtjap-kĕtjap Soenda asal anoe hartosna sami atanapi radatjakĕt kana kĕtjap anoe bade dipidamĕl tea.
2. Ngawaroetah ngadamĕl kĕtjap anjar, dibere harti anoe dipikarĕp koe oerang, nanging kĕtjap sarĕng karĕp kĕdah soeroep.
3. Kĕtjap-kĕtjap Basa Walanda atanapi basa kosta lianna, anoe hese disoendakeunana, koe emoetan — sanadjan ngan pikeun saheulaan — sae dianggo Basa Walanda atanapi basa kostana tea bae.

II. **Bab nganggoha.**

1. Kĕtjap-kĕtjap anjar anoe djaradi sorangan anoe teu aja ngagasroekna, langkoeng sae ladjĕng dianggo ka tĕngah bae.
2. Kĕtjap-kĕtjap anjar anoe kenging ngadamĕl sapĕrtos atoeran anoe bieu di loehoer, ieu oge kenging ladjĕng dianggo bae.

Kĕtjap-kĕtjap anjar kadjabi anoe ditataan bieu, koe emoetan montong „waka" dianggo ka tĕngah.

Oepami aja basa anjar anoe katingal pikasakiteun Basa Soenda, oelah dikadjeunkeun, pĕrloe koe oerang dihalangan oelah dongkap ka lĕbĕt kana kasoesastran. Ma lah oepami katimbang koe sadaja katjida matak djadi hamana mah, teu aja pambĕnganana dipaehan bae sakali.

Nanging oepami ĕngke di ahir katingal, eta basa anoe datangna salah djalan atanapi anoe tadi disangka tĕki noe matak kĕri kana basa teh, bĕt djadi basa ĕnjaan, soeroep kana tangtoeng Soenda, pikeun djisim koering pribadi teu aja pambĕnganana, oepami eta kĕtjap ditjandak ka tĕngah.

Ari anoe hĕnteu kitoe mah, keun bae antĕp sina djadi basa *paminggir.*

* * *

*Panoetoep.*

Naon pidamĕleunana oerang ngoelik Basa Soenda?

Naon geura, naon?

Rek daek mah ngoelik basa, anggoersi ngoelik Basa Walanda. Aja karasana eta mah, geura....

Eta kasaoeran moal didjawab, da moal aja pĕdahna nadjan didjawab dongkap ka imeut oge ditĕrangkeun. Boektina noe njarita sakitoe ngagalantangna, mantoenkeun basa, bĕt anggeus noe njarita, pok noe mariksakeun: naon goenana diadjar Basa Soenda. Asa anggĕr bae tjara tadi samemeh moeka tjarita. Tjarita sakitoe pandjangna teh taja pisan tapakna sigana. Mana kitoe oge batoer ngaler koering ngidoel.

Ajeuna mah anggoer oerang njarioskeun deui bab Basa sarĕng Poesaka-Elmoe.

Basa sarĕng Poesaka-Elmoe doeanana poesaka titinggal karoehoen, poesaka anoe pangsoetji-soetjina, margi nja didinja „poeseurna hiroepna" hidji bangsa; nja eta „daja" anoe ngĕtjlak tina ĕrohna bangsa oerang; nja di dinja tjitjingna „langgĕngna" bangsa.

Pendekna Basa sarĕng Poesaka-Elmoe teh .... pangatjianana bangsa.

Kamadjĕngan hidji bangsa kakara moeloes sarĕng loehoeng, oepami noeroetkeun koedratna, soeroep kana tangtoengna, ninggang kana bakat wawatĕkanana, mĕrĕnah kana rasana.

Hidji bangsa tiasana disoeroepan ngan koe mapaj basana. Elmoe sarĕng harti anoe diasoepkeun ka hidji bangsa, kakara tiasa djadi koelit djadi daging eta bangsa, oepami dilĕbĕtkeunana koe basana eta bangsa.

Hidji bangsa anoe djĕro basana, pĕpĕk sarĕng tĕrang mawana harti, eta bangsa tanggoeh sarĕng padang atina. Nadjan ajeunana masih hina harakatna, tangtos ka pajoen mĕndak kaloehoeran.

Saoer toean-toean noe palintĕr:

*„De taal is gansch het volk".* [1])

Aja deui anoe sasaoeran kieu:

*„Een volk, dat zijn eigen taal weet te behouden is tegen alles bestand"* [2]).

[1]) Congres voor Javaansche-Cultuur- ontwikkeling, Bundel I, katja 12.

[2]) Djawa, Extra- nummer, 4 September 1924, katja 14, kolom noe sabeulah tengen.



III 1924-5-6 475

Ieu kasaoeran, anoe pandeuri mah, aja jontona anoe ajeuna keur kadjadian, nja ta lalakon bangsa Jahoedi, anoe 2000 taoen lamina ngalalana, oeprak-aproek ka enggal nagara, teu boga dajeuh maneuh andjar karang pamidangan, sok soemavontĕn radja mah.

Kaagadoehna anoe djadi agĕman pamoeitanana moeng Basa Ibrani sarĕng Poesaka-Elmoena.

Saha anoe ngintĕn?

Ajeuna geuning bĕt kĕbo moelih pakanlangan. Boga deui dajeuh maneuh. Palasin ngadĕg deui.

Tah sakitoe koeatna basa teh; sakitoe ngabajoeanana ka noe bogana. Nadjan hina nadjan nista, hiroep njiroeroek di lĕmooer batoer, atina tĕgoeh pantjoeh.

Kiat ngalakonan sangsara d o e a r e w o e t a h o e n.

Naon margina?

Margi Basa sarĕng Poesaka-Elmoe teh „pangatjianana" bangsa!

Oepami masih koempoel pangatjian, moal lesot eling, tara poho di diri pribadi.

„Njaho ka diri pribadi" teh, boh djĕlĕma boh bangsa, sami bae pĕrloena.

Tingali bangsa Jahoedi!

Nanging di oenggal bangsa oge kĕdah aja bae ari „djĕlĕma djalir" mah, dalah di bangsa Jahoedi oge tangtos aja; di bangsa oerang oge nja sami bae.

Hĕnteu kirang-kirang di oerang anoe pameunteuna tetela pameunteu Soenda, ngakoena ngakoe Soenda, teu akoe-akoe angga ka Walanda, ana galantang sasaoeran Walanda nja pĕrtĕgĕs Soenda, nanging ari mamanahan, karĕsĕp, katingkah-tingkahna tampolana mah bĕt toean titiron, aanoman alam ajeuna; nĕpi ka saoer djoeragan Prawira Winata mah, magahkeun teh „Soenda sisirangan"; doemeh eta saoerna: bĕt salira sisirangan sarĕng pakarĕpan.

Ar tjek sobat koering oerang goenoeng mah, madjarkeun teh, eta mah pamojok oerang dajeuh, da ari tjek boeloe taneuh mah „Soenda saeundan" noe kitoe teh.

Nanging ari pamĕndak djisim koering pribadi mah: djamakna djĕlĕma anoe keur kapelet koe deungeun mah sok kitoe.

Engke oge eling!

Djoeragan-Djoeragan!

Hal „Adĕgna Basa Soenda" parantos didadarkeun;

hal „Ngadamĕl sarĕng Nganggona kĕtjap-kĕtjap Anjar" parantos dipĕdar;

hal goenana basa keur noe bogana kapan parantos ditjarioskeun saeutik-eutik keun.

Ari parantos kitoe, djoeragan oeninga koe andjeun, jen Basa Soenda teh tatjan kasĕbat madjĕng; ari hamana kapan sakitoe napoekna.

Tah! ajeuna bade toemaros:

Koemaha pikĕrsaeun teh, bade keun bae basa oerang teh sina tjarĕm?

Asa pirakoe soegan nĕpi ka di alam doenja kĕdah aja hidji bangsa anoe istoe ngahadja noempĕs maneh? Sabab oepami basana tjarĕm, bangsana oge nja moesna ti rengrengan bangsa. Bĕt abong-abong kĕdah sagala aja. Tjik atoeh oelah dipenta koe oerang milik kitoe mah.

Mangga maranahan, bade koemaha ajeuna pikĕrsaeun?

Naha tatjan tjoendoek kitoe waktoena kana ngadĕgktun pagoejoeban ngaraksa sarĕng ngola Basa Soenda?

Parantos meudjeuhna?

Atoeh soemangga oerang adĕgkeun!

Dĕg! *Sastra Winangoen!!!*

Gĕlĕgĕr! gĕntĕr-patĕrna .... njakseni ngadĕgna *Sastra Winangoen!*

*Mr. Cornelis*, September 1924.

## Pangadjaran basa di sakola priboemi.

*Pre-advies*

**Soeriadiradja.**

Dina mangsa sakieu objagna oerang dieu ngoedag pangadjaran basa Walanda, sarta sadaja pada oesaha sangkan para poetrana tarabah kana basa Walanda, woeriwoeri ajeuna koering rèk njaritakeun perloena oerang priboemi diadjar basana, manawi aja ogè anoe nganaha-naha, malah



TII h64.5.6

176

moenasabah oepami aja anoe njebat mahiwal ti biasa ogè, nja èta lantaran arandjeunna asa disoro pangabogoh, katjotjèng kahalang-halang kahajangna. Oepami ningal kana kaharojongna dina sanalika ieu mah, kapan sok moen tamat basa Walanda maroerangkalih tèh, basa poesakana mah teu pisan dihiding, nadjan tepi ka teu ariasa pisan oge, kawasna moal aja matak handjakalna.

Anoe karagoengan manah kitoe tèh, sanès doeaan tiloean, parantos patengah moenggoeh di nagara mah, boekti parantos seueur anoe tjoel pisan teu mirosèa basana, da katoengkoel kapintjoet koe basa Walanda. Ari lantaranana pang tjoel pisan kana basa Soenda tangtos koe sadaja ogè kamanah, nja èta babakoena tina ningal harga basa Walanda tèa. Anoe bisa basa Walanda leuwih mahal tinimbang anoe teu bisa. Tapi naha ari adjèn loehoer handapna djelema tèh ngan beunang ditaker koe bisa basa Walanda woengkoel?

Dina njarioskeun perkawis harga anoe teu bisa basa Walanda, koering rada ngaheunggeu, lantaran boekti teu beunang disingkirkeun, katinggang koe enja, mapaj sangka anoe rèa, kitoe sotèh ngan dina harga boeroeh. Tjontona, ngabandingkeun èta baè harga Kleinambtenaar eksamen sareng kaloearan Normaalschool. Di dieu tètèla, nadjan rèa deui sabab-sababna anoe sèdjèn ogè, bèdana harga tèh siga hargana basa baè woengkoel. Sabab koering terang leres diploma K. E. tèh henteu aja saparona ti N. S. loehoerna, ngan bèda basa.

Tapi koering moal pandjang tjarita tina perkawis eta di dieu mah, da babakoena harga anoe ditoedjoe koe koering mah *pangadji* loehoer handapna, lain mahal moerahna boeroehan.

Koe lantaran ajeuna basa oerang teu, atjan ka loehoer, atoeh djadi hidji lantaran kana perloena oerang nèmbongkeun goenana basa oerang, sarta nèmbongkeun jèn hiroepna akal koe basa oerang saroea djeung Walanda koe basa Walanda, da saenjana adjènna mah oelah noeroetkeun patokan basa, da basa mah ngan djadi djalan.

Lain pisan koering rèk ngabendoeng Tjihaliwoeng, megatan kahajang noe rèa, da terang jèn basa Walanda tèh perloe lian ti ngoedag harga tèh djeung djadi djalan ka loehoer deui. Tapi ari tjeuk koering mah perloena tèh lain pikeun ngaganti adeg, ngan sakadar pikeun pakarang oesaha, nèangan pangoepà djiwa, meunangkeun èlmoe kaèropaankeun.

Ari basa poesaka, èta mah wanda oerang, adeg oerang, basa Walanda mah minangka poelasanana (papaèsna).

Djadi nadjan boedak di sakola Walanda atawa H. I. S., perloe ari diadjar basana pribadi mah, pikeun tatali pakèeun ana geus teu tjitjing di sakola, sabab nadjan sakola di sakola Walanda, ari bidjil mah engkè gegedèna ngahidjina djeung bangsana, makè basana, moal saendengna aja di kalang kawalandaan.

Lamoen rèk tetep onaman di lingkoengan kaèropaan tèa, hartosna leupas tina kalang kasoendaan, biloek tjampoer ka ditoe, nja nadjan matak handjakal ogè, tapi koering teu bisa koemaha, da enja èta mah meureun kitoe pipernaheunana.

Ajeuna rèa kènèh kaloearan sakola Walanda anoe ariasa basa Soenda, da di boemi ramana tadi sasaoeran Soenda, djadi basana bekel keur leutik, katambahan loeang sakasampeurna. Tapi oelah diandelkeun èta kaajaan lakoe ning biheung kitoe tèh, perloe oerang boga tjekeleun, nja èta pangadjaran basa di sakola; mangkaning di boemi anoe palinter ajeuna geus rèa anoe teu ngaranggo basana nadjan koemboeh kènèh djeung papada Soenda, lantaran kalindih koe basa Walanda tèa.

Atoeh ari kitoe mah engke kadjadianana matak moendoer salelemboer, da noe pinter pindah kalang kaloear ti oerang, Soenda tinggaleun di handap.

Lantaran kagendam koe basa Walanda, atoeh baheula koe basa Djawa, kawoewoeh henteu oeninga kana enasna basa kagoenganana, maroekankeun ari basa tèh ngan oekoer keur boeboeroeh baè, nepi ka aja goeroe anoe sasaoeran kieu:

„Keur naon di sakola Soenda makè diadjar basa Soenda, natamboeh baè waktoe, da basa Soenda mah teu aja pigoenaeu-

nana, teu aja pihargaeunana, sakalieun keur ngomong baè mah, teu koedoe makè diadjar, di imah ogè geus bisa. Geuning oerang kampoeng teu boeroeng barisa tjarita, toer teu sakola-sakola atjan. Anggoer èta waktoe anoe dipakè ngadjarkeun basa Soenda tèh, pakè ngadjarkeun basa Malajoe, atawa basa Walanda, ambèh mangpaat nambah kapinteran moerid!"

Aja deui anoe sasaoeran kieu:

„Naha aja andar, oerang Soenda make sina diadjar basa Soenda, aboes kana paribasa: mapatahan naèk ka monjèt, ngawarah ngodjaj ka meri".

Roepina èta anoe salasaoeran kitoe tèh, bakating koe teu oeninga di boengkeuleukanana basa. Dina panjangkana manawi basa tèh barang loemajan, henteu dipapaj jèn basa tèh saenjana wanda salirana anoe njarita sarta djadi adegna pisan deui. Naha èta anoe djadi tangtoeng, anoe djadi loeloegoena pisan tèa bet disieuhkeun dilain-lain, nepi ka henteu koedoe dipirosèa. Ningal ka dieu, djadi perloena diadjar basa tèh mimiti geusan ngawawoehkeun djeung anoe kagoengan, naèk kana keur ngahiroepkeun anoe djadi oetoesan soepaja adjeg tangtoengna. (Katranganana anoe langkoeng tètèla tingali engkè di handap).

Anoe henteu kènging pangadjaran basa, koe sadaja ogè tangtos kaoeninga, jèn moal tjoekoep basana pikeun kaperloean pakeèun ajeuna; geura anoe henteu diadjar mah dina tjarita anoe rada pandjang, dina perloe koedoe nerangkeun, dina saniskanten baè tjindekna, tètèla toenana henteu njoemponanana kana bisa basa geusan hiroep koemboeh; dalah èta anoe sasaoeran madjar geus bisa basa tjara monjèt naèk, ana diseser ditanja dienja-enja mah nja ngoeak-ngioek. Ieu mah pang sasaoeran kitoe tèh, taja lian ngan tina bakating koe toemamoe, teu wawoeh-wawoeh atjan sareng basa tèh.

Sangkan loma sareng basa tèa, taja lian ngan kedah diadjar. Ari diadjar tèh lain ngan toekoeh koedoe di sakola baè, rea geusanna aja sababaraha djalan. Ngan di dieu anoe koe koering arèk didadar babakoena pangadjaran basa di sakola.

Naon ari basa?

Ajeuna oerang tjandak hartina djeung goenana di sagala bangsa baè, montong di sagala bangsa baè, montong di Soenda woengkoel.

Basa teh moenggoehing tjangkangna. mah ngan roentoejan omongan, soesoenan ketjap noe poegoeh hartina, djadi pakakas anoe matak kaharti koe batoer.

Nja èta sora anoe djadi parabot geusan mèrè njaho, karep, kahajang, panitah, panjarèk, sangkan kahartieun koe batoer; djadi lebah dieu mah saroea djeung peta ngan koe sada, anoe langkoeng tètèla, nja èta ketjap tèa ngaranna.

Oepama oerang ajeuna ngan njokot harti èta baè woengkoel, naha enja sora peta tèh, geus tjoekoep koe bawa ti indoeng? Eta ogè tangtoe atjan, da di imah mah, warisan ti indoeng woengkoel, henteu njoemponan hiroep oerang djeung batoer; rèa pisan anoe teu ara kadèngè ti indoeng ti bapa ti doeloer, ti batoer salemboer, anoe perloe dipakè ngomong djeung djelema noe lian, anoe bakal babarengan djeung oerang, da ajeuna alam liar teu oeloekoetek di imah tèa. Djadi nadjan harti ngan oekoer kitoe, koedoe ari diadjar mah.

Geura apan ari di imah mah ngomong tèh ngan saroepa baè, salelewek imah tèa, ari prak njarita geuning bet roepa-roepa.

Toeroeg-toeroeg apan koedoe kaharti tèa koe noe lian, djadi perloe njaho hidji basa anoe djadi pangaboga sarèrèa, di Soenda nja basa Soenda, anoe koedoe diadjarkeun di sakola.

Njarita di imah ngan koe saketjap doea ketjap baè geus tjoekoep, tapi ajeuna aja kaperloean pikeun njarita pandjang, koemaha akalna?

Taja lian ngan koedoe diadjar, soepaja roentoejanana, èntèp seureuhna djeung ketjapna pisan, noeroet galoer anoe sapoek djeung batoer.

Eta sababna noe mawi oerang ajeuna di dieu nangtoekeun basa mana noe koemaha anoe koedoe diakoe koe sarèrèa, da sok pasalia pamendak ana teu dihoesoeskeun mah. Tjontona:

Koemaha dihoekoemanana harti ketjap-ketjap: sèrèd, tjombo, kikiping, ngagoeligah, silanglang dj. s. t.



Oktober-Desember1924.max

Tah nadjan ngan dianggap pakakas tjarita, tapi lamoen dioengkab goenana diadjarkeun, enja-enja ngadjarkeunana, èstoe lain loemajan.

Dina makèna basa, nadjan geus teu karasa deui tina bawaning biasa, tapi di dinja aja *ngatoer,* merenahkeun, milih, mapaès, ngahiroepkeun, gemi ombol djeung tjètèk, teroes digawe teu eureun; sakitoe ngagolangkeunana kana hiroepna akal hiroepna ati djeung oeteuk basa tèh.

Saoer prof: Schrijnen pangadjaran ngagoenakeun basa teh sadjalan djeung ngalalanjahan kana ekonomi. Ngeureut mitjeun bisa kaadjar koe goenana basa.

Hiroep paèhna ati bisa kahoedang koe basa.

Papaès djeung pangrèka datang tina hiroepna basa.

Salang soeroepna hiroep ogè aja anoe di atoer dina basa.

Djeung sadjaba ti dinja.

Saha noe bireuk ka Djoeragan H. M. Moesa?

Koemaha kadjembaranana kana basa?

Koemaha kadjembaranana, kapinteranana sadaja pada oeninga.

Naha ieu henteu kedah djadi toeladan?

Oepama koe oerang dipapaj, hidji bangsa moal aja Cultuurna lamoen teu aja basana. Basa anoe ngagelarkeun cultuurna kunstna djeung oenak-aniknа bangsa.

Basa tèh cultuur bangsa anoe pangpangna, anoe pangmoendelna, anoe djentrè nembrès djadi gambarna èta bangsa, loehoer handapna bangsa tingali raratan basana.

Ajana cultuur nja koe basa, dina basa deui.

Woeri-woeri ajeuna disapirakeun kabajahkeun koe noe teu sabaraha, atoeh saroea djeung ngalainkeun ka diri sorangan.

(Katrangan ieu anoe langkoeng paos, tingali dina praeadviesna Radén Poeradiredja).

Ari kana basa rèa anoe henteu ngarasa miboga, rèa anoe boga rasa teu boga-boga atjan malah, bakating koe deukeut-deukeutna djeung anoe bogana, da apan biasa ari boga mah koedoe ka anoe misah.

Lantaran teu aja rasa kana boga basa tèa, djadi teu oeninga naon anoe koedoe dipiboga, toeloejna kana teu oeninga kana naon anoe koedoe diraksa, naon anoe koedoe dipadjoekeun, atawa naon anoe koedoe diadji. Toeroeg-toeroeg hèsèna tèh apan ngadji anoe ngadji deui.

Nalika Toean Holla njarios ka hidji Boepati, njarioskeun Djoeragan H. Moehamad Moesa keur ngadamel boekoe basa Soenda, èta Boepati ngawaler kieu: „Moal enja toean aja anoe bisa njieun boekoe basa Soenda, *sebab omong Soenda itoe boekan basa!* (Tingali Tijdsch. Bat. Gen.).

Kantenan pisan ari sangka anoe doegi ka kitoe mah ajeuna parantos moal aja kawasna, da boekoe parantos sakitoe rajapna. Nanging ari anoe teu atjan loma kana basa mah, èmoetan djisim koering rèa kènèh, sanadjan èta basa dianggo sadidinten ogè; pangna teu loma sareng basana nja èta tina lantaran ngahidji sareng anoe nalingakeunana, biasa ari awas mah sok ka noe anggng.

Geura, èta baè toemerapna rasa kana tempat, saboetoehna, ana teu atjan kageuing mah, teu oeninga di saè awonna da tara dipirosèa tèa. Tjontona; oepami mariksa ka oerang Priangan; naon kaaloesanana tanah Priangan, naha enja Priangan tèh bagian alam anoe aloes?"

Djisim koering wantoen nangtoskeun, jèn anoe piiasaeun ngadjawab tèh moal rèa, da anoe ngaraos aloesna alam di Priangan tèh, teu oenggal oerang Priangan. Malah kawas aja anoe bakal malik naros: „Naha naon aloesna, bagian alam anoe mana anoe diseboet aloes tèh?"

Pada hal kapan koe anoe lian mah kataringali, jèn kapoendjoelanana Priangan langkoeng ti bagian doenja noe lian tèh, lain loemajan. Nja kitoe, kana basa ogè teu kaoeninga koe tjaketna.

Dina basa Walanda aja paribasa: Onbekend maakt onbemind. Tah, lantaran teu atjan wanoh tèa, pang henteu pati mirosèa, henteu mikanjaah, teu mikalebar kana basa tèh.

Oerang Soenda tangtos ari ariasa mah sasaoeran Soenda, tapi anoe loma sarta atra kana boengkeuleukanana, kawasna teu atjan rajap.



479

Koe lantaran teu loma tèa, djadi teu kaoeninga pigoenaeunana, teu karaos mangpaatna, sarta teu lebar koe roeksakna.

Pikeun ngadjagi kaaloesan alam, parantos aja pakoempoelanana, sangkan oelah aja anoe ngaroeksak. Nanging kaaloesan basa teu atjan aja anoe ngaraksa. Eta margina djisim koering sakalian oendjoek oeninga, jèn aja pakarepan badè njaloeoeh ka Java-Instituut, soepados Java-Instituut ngadegkeun *Sastra-winangoen*, anoe maksoedna kana pamoemoelè basa. (Ieu perkawis koe djisim koering baris ditjarioskeun engkè ti pengker).

Tadi koe koering parantos ditjarioskeun jèn aja anoe njebatkeun basa Soenda mah henteu perloe diadjarkeun, margi henteu aja goenana, atanapi mapatahan ngodjaj ka meri. Aja deui anoe njebatkeun lain basa, atawa basa miskin teu beunang dipakè njaritakeun èlmoe teu beunang dipidangkeun.

Eta sangka anoe kitoe matak ngalantarankeun kana tjèblèhna pangadjaran djeung noe diadjarna.

Ka anoe njebatkeun basa Soenda lain basa mah geus teu perloe diperangan deui, da koe ajana anoe njarita ogè parantos kapeupeuh.

Perkawis njarioskeun goenana diadjarkeun, sami baè sareng moegoehkeun perloe henteuna AJA basa Soenda, keur oerang Soenda, margi oepami henteu diadjarkeun mah sami sareng badè dibasmi sina moesna ti doenja.

Kapan boekti ajeuna ogè, tjatjakan masih kènèh aja pangadjaran, parantos rendang anoe geus teu pati iasa, anoe ngan taram-taram kana basana koe andjeun, komo oepami henteu diadjarkeun pisan, atanapi henteu enja-enjaa diadjarkeunana mah, mangkaning hama pangroeksak basa parantos sakieu narampeuna, sakitoe ngarangsegna.

Tjontona:

Hidji goeroe kaloearan Kweekschool Bandoeng ngadeuheus ka hidji Boepati, pokna: *minta bitjara basa Melajoe sadja;* sanès lantaran teu daèk metakeun tata, tapi lantaran teu timoe basana, pada hal andjeunna djadi goeroe di sakola Soenda (sakola klas II).

Hidji istri kaloearan Mulo, di dieu pisan di Bandoeng, sasaoeran Soenda ka anoe sanès, pokna:

„Euleuh, awèwè keur ngalindoer di sawah!"

Istri èta kènèh sasaoeran kieu: „Eta mah daging tèh aja *kimpoel!*"

Aja deui tjonto anoe anèh. Aja hidji goeroe ngadangoe hidji nonoman kènging perkawis; koe andjeunna ditaroskeun ka hidji sepoeh, saoerna:

„Saha ari èta tèh?"

Saoer anoe ditaros: „Emang mah kapi alo kadinja tèh!"

Ana ditèmbal koe anoe naros: *„Paingan!"*

Sepoeh morongos, djoeragan goeroe merengoet da teu kahartos, naha bet ki sepoeh bendoe! Horèng pahili *paingan* sareng *koetan!*

Pirang-pirang tjonto anoe sanès anoe teu perloe ditjarioskeun di dieu, roepi-roepi kalepatanana. Eta aja saleuheung ngan oekoer lepat, koemaha ari anoe njamos pisan?

Ana Soenda geus teu basaan, atoeh sanes Soenda pingaraneunana. Leuheung meueus oepami rampag mah sadaja kitoe, nja manawi panarik kahajang alam, ari ieu mah da henteu, ninggangna di sarosopan tèa.

Oepama oerang geus atra kana boengkeuleukan basa, sarta oeninga jèn basa tèh kedalna rasa, pepetèn poesaka èlmoe anoe pinoeh koe koentji pamoeka akal, sarta teu aja anoe kedal tina goedang sanoebari anoe teu dibawa koe basa, aasa sageuj oerang rèk ngamomorèkeun kana pangadjaranana. Margi teu aja hidji pangadjaran atanapi hal anoe teu kakotjorkeun koe basa, sareng sawangsoelna teu aja palajangan sanès anoe nepikeunana ka oerang teu kalawan perbawa basa. Nja basa anoe tjakah-tjikihna ka loear ka djero.

Koe basa oerang bisa ngalemeskeun rasa, koe basa oerang bisa ngadjembarkeun manah, koe basa bisa golang akal. (Tinga-

III no 4-5-6



480

Oktober-Desember1924.max

li dina pangadjaran Zaakonderwijs dj. s. t. di pengker).

Oepami dihantem digalih beuki tètèla hasiatna, si horèngoetjap tèh djeung bisa ngojagkeun rasa deui. Geura mangga, apan ari ngadangoe pok-pokan boekoe leutik „Pabrik seuri" (Boekoe toko M. I. Prawirawinata), teu poegoeh-poegoeh ngehkej kawas aja anoe ngèlèkètèk; ngadangoe lalakon Gènovèva (Boekoe Balè Poestaka) makè njoeroetjoed tjipanon miloe nalangsa. Tah koe ieu ogè, oerang bisa njeboetkeun jèn basa tèh bisa ngahiroepkeun, bisa ngagoembirakeun, bisa ngojagkeun barang gaib, anoe sakitoe lemesna. Djadi tètèla basa tèh pakakas hiroep anoe teu beunang ditinggal.

Pikeun oerang, nja tangtoe basa Soenda; moal aja anoe sakitoe soeroepna sakitoe keunana ka anoe boga basa lian ti basana, sabab djadina èta basa bidjil tina sipatna anoe boga tèa.

Keleterna Soenda nja djadi basa Soenda, sarta sawangsoelna ngan keleter kitoe anoe pimandjingeun enja kana ati oerang Soenda.

Goong eudjeung goengna, nja tjara Soenda djeung basana. Tangtos ari aja mah mahiwalna hidji-hidjieun.

Kantenan ari bisa tèa mah rebab dianggo lagoe Wilhelmus, atawa biola dianggo bèlèndèran, tapi tangtoe koedoe dipasiup heula. Ngan kadjadianana geus moal boa bakal sesah djadina poerwa-kanti, dina ngabangoenna gamelan, meureun soembang teu soeroep djeung kolènangna, oepami henteu dibalikkeun deui ka asalna.

Soepaja oerang Soenda djeung basana oelah pasalingsingan, anoe matak mawa kana soembang tèa, teu aja lian ka djabi ti koedoe diadjar.

Perkawis miskinna basa Soenda, ieu djadi lantaran kana perloena diadjarkeun soepaja bisa kakokolakeun.

Saha anoe koedoe diadjar basa Soenda tèh?

Koe koering mah moal diwidji-widji, koem sadaja oerang Soenda. Nadjan anoe di sakola Walanda pisan oelah ditjoelkeun (di boemi), nja pikeun tatali tèa, komo ari anoe di sakola Soenda mah.

Emoetan djisim koering katjida awonna sepoeh anoe sok sasaoeran:

„M'aloem baè poen anak mah teu bisaeun basa Soenda!"

Naha oerang tèh kedah ngoekoet ma'loemeun?

Roeksakna pamoelasara kana basa, moal ti baheulana pisan, da geuning ajeuna ogè aja kènèh basa Soenda koena, aja koropak-koropak, sareng djabi ti èta, ieu mah kawas awit alam Mataram, panarik pangadjaran alam masantrèn, sareng ajeuna koe pangaroeh basa Walanda.

Oepami pangadjaran basa koe oerang henteu dienja-enja tangtos pisan pamolok Soenda tambah rèa, njandak tina roepa-roepana martabat kaoeningana tina perkawis basa. Kapan ajeuna di Bandoeng mah geus aja katjapangan: *Soenda sisirangan, Soenda paranakan, Soenda poepoelasan,* boa engkè mah beuki tambah deui tahapan Soenda perbawa basana tèh, sarta toengtoengna moesna tèa baloekarna.

Bangsa Soenda anoe ngan woengkoel meunang pangadjaran basa Walanda, bakal katarik koe kaèropaan baè, toengtoengna kabaoed kana kaindoan, djaoeh ti Soenda rada deukeut ka Eropa tironan!

Bangsa Soenda anoe meunang pangadjaran Soenda woengkoel, kapatok dina kasoendaan; ngèsèrna tina sipat karoehoen ngan kabawa koe ombak paneka djaman.

Bangsa Soenda anoe meunang pangadjaran Eropa dibaroeng koe Soenda, bakal njembadaan kana kaperloean ajeuna, ka bala ka balè; ka Eropa mangga da bisa, ka Soendasampoenènèng da bangsa. Djadi hiroep dina galoer anjar, mapaj tanaga antara panarik Eropa sareng Asia. Merenah dina tempatna tjara Djawa Hindoe djaman baheula.

Lain ngan moeridna baè anoe koedoe tabah kana doea basa tèh, tapi goeroena ogè nja kitoe deui.

Goeroe Eropa anoe aja di H. I. S. soemawonna anoe aja di V. I. O. perloe ariasa basa priboemi, soepaja wawoeh sareng batinna anoe arèk diadjar.

Ana goeroena malangmang-moelangmoeng, tangtoe rèa matak tidagorna.

**Atikan sepoeh djadi pamoemoelé basa.**

Ari pangadjaran basa tèh ngan di sakola djeung ngan sanggeus aja sakola baè ajana di oerang?

Tangtos pisan ti baheula ogè parantos aja, ngan bèda rap-rapanana baè sareng ajeuna tèh.

Ieu bèrèndèlan anoe kalebet kana pangadjaran basa noemoetkeun atoeran sepoeh anoe ajeuna parantos mèh moesna.

1. Panimang, pamèpèndè, sareng roepi-roepi kawih pamawa oelin boedak.
2. Oenggal rèk sarè boedak tèh koedoe baè dipangdongèngkeun, sakapeung dibaroeng kawih sakapeung tara. Malah ana nini eukeur ari, koedoe baè dirioeng koe intjoe, *ngadongèng.*
3. Tataroetjingan, sareng soealan-soealan, roepa-roepa djalan anoe djadi pangokolakeun basa.
4. Kaoelinan baroedak. Diadjar ngandjang, diadjar katatamoean, diadjar metakeun roepa-roepa basa dina rap-rapan anoe biasa.
5. Sisindiran, sèsèbrèd, siloka sareng djaba ti èta, anoe toemerap dina woeroek, atawa dina kasaoeran sepoeh anoe djadi panoengtoen ka poetra poetoena, sareng dina anoe dipakè koe boedak pribadi.
6. Pangadjaran anoe toemerap dina adat, sapertos: Boeka pintoe, moal boa, baheulana mah pangantèn anoe kedah mamaos silih tempas tèh. Hoeloe seureuh.
7. Dina ogèl, pantoen, gondang, sareng dina kasoekaan atanapi tongtonan anoe sanès.
8. Dina rorokan di boemi mènak, tjohagna mah sapandjang ngaboedjang, minangka sakola tata basa djeung pangabisa.
9. Sareng sadjabi ti èta.

Eta pangadjaran sadajana ogè *praktijk,* teu nganggo *theorie.* Henteu aja pangadjaran nerangkeun rarangken oem, aksara djeung sareng gramatika tèh; tara aja sepoeh anoe mariksakeun: „aja sabaraha roepa goenana rarangken *an?*"

Tapi ana ngadangoe boedak salah metakeunana ketjap, salah metakeunana omongan, salah lentong salah lagoe, ngageuwat koe sepoeh dihoelag, sarta dibenerkeun koemaha koedoena. Sakapeung sok dièra-èra koe pamojok, ngarah boedak djadi kapok.

Atikan sepoeh kana pamoelasara basa, ajeuna mèh teu aja mèh moesna, lantaran sapalih kawasna baroga sangka jen ari geus sakola mah, sagala roepa tèh bakal djadi tanggoengan sakola, kolot mah geus teu ngaborongkeun ka Djoeragan goeroe. Kapan pokna ogè waktoe njakolakeun boedak, mimitina mah: Njanggakeun, deuk dihideung deuk dibeureum teu borong gamparan....

Ningal pok-pokan anoe mertjajakeun, beurat liwat ti beurat kawadjiban anoe koedoe disangga koe sakola tèh.

Koemaha ari pangadjaran basa di sakola-sakola ajeuna, naha ninggang kana beunang diseboet gaganti anoe tadi?

Kilangbara bisa leuwih aloes, leuwih madjoe leuwih sampoerna tèh, atoeh mapakan-mapakan, sangkan èta warisan karoehoen kapoelasara, oelah beuki lila beuki soeda.

Ajeuna oerang boga doea roepa sakola, nja èta sakola anoe dadasarna basa priboemi (sakola dèsa, sakola klas II sakola Normaal) djeung sakola anoe dadasarna basa Walanda (H. I. S. Kweekschool, Osvia, Mulo). Aja deui sakola sèdjèn anoe teu kaasoep ka dinja nja èta sakola Hakim, Stovia dj. s. t.

Ari samèmèh 1ĕ kl. school diobah djadi H. I. S. mah ngan aja E. L. S. djeung sakola priboemi baè.

H. I. S. ajeuna nja tjara di sakola Walanda tèa baè, basa Walanda anoe digedèkeun, basa priboemi ngan oekoer aja. Sanggeus ngadeg H. I. S. nadjan moeridna oerang priboemi, pangadjaran basa priboemi di dinja katjida njirorotna, nja kitoe deui di sakola-sakola anoe nampana moerid ti H. I. S. beuki lila beuki roeksak.

Alam sakola klas I kènèh, basa priboemi anoe djadi loeloegoe. Di sakola goeroe ogè basa priboemi deui loeloegoena, eta matak djadi lantaran kana madjoena basa

III no 4. S. 6



482

Oktober-Desember1924.max

di sakola priboemi anoe lian, sabab goeroena nja koloearan Kweekschool tèa.

Oepama di H. I. S. gorèng basana, di sakola goeroe katèlèr-tèlèr, nja matak gorèng mamawa ka anoe sèdjèn, sabab sakola goeroe palajanganana, bibitna ti H. I. S.

Koemaha ari pangadjaran pigoeroeeunana?

Goeroe tèh geus ti baheula diseboet toekang basa, malah ketjap-ketjap: sahenteuna, saorana, pantes, abong, paingan, dj.s.t. biasa dikeunakeun ka salira goeroe, tina perkawis kaoeningana hal basa; geus biasa dianggo djadi panoedingan atawa poedjian goeroe mah, tampolana ditangtoekeun bisana sarta tabahna kana basa tèh. Malah rèa anoe njeboet sarati basa deui oenggahna ti dinja tèh.

Naha èta tèh tetep tepi ka ajeuna?

Naha anoe djadi goeroe henteu kedah aroesaha sangkan èta poedjian langgeng sarta djeung enjana ninggangna kana salirana?

Sangka mah tetep kènèh, lantaran enja rèa kènèh goeroe anoe laloehoeng panemoena tina hal basa.

Apan di oerang teu aja anoe bireuk ka Djoeragan Ardiwinata, M. Partadiredja, Rd. Poeradiredja sareng djabi ti èta, sadajana goeroe.

Ajeuna ogè oepama koe oerang dipetèl nja rèa kènèh anoe aranom anoe mahèr basana, tapi rèa deui anoe parantos teu ninggang kana pamoedji tadi, lantaran geus teu mareunang pangadjaran anoe enja, di sakolana. Ari èta anoe malahèr tèh aja anoe beunang ngotèktak sorangan, aja anoe ngan bawa ti imah baè, beunang moeloengan ti batoer, aja anoe lantaran topèk perbawa pangabogoh, aja anoe pasèsaan keur boedakna.

Tapi ari bawa ti sakola mah mèh geus teu aja, rèa anoe lèngoh ninggalkeunana bangkoe tèh basana mah.

Pangna kadjadian kitoe, taja lian ngan pangadjaran di sakola katjida teu dipienjana, teu aja tapakna di moerid, lantaran atoeranana anoe salah.

Kana basa anoe hadè, anoe aloes, djelema tèh raresep kènèh, barogoh kènèh, sering koering ngoeping anoe njarioskeun ngeunahna koe basa, atawa anoe kedal handjakal koe basana pèdah gorèng, nadjan geus teu pati bisa sorangan, tapi ari ka noe aloes ka noe ngeunah mah ngaraho kènèh. Mangga aos serat kabar Soenda.

Tah ieu djadi tanda jèn oerang Soenda aja kènèh komarana, djadi aja kènèh oebaraneunana tatjan paèh pisan rasana kana basa.

Ari anoe pingahoedangkeuneunana babakoena nja goeroe, goeroe anoe kapapantjènan, da boeboehan anoe koedoe ngadjarkeunana. Djadi atoeh ana kitoe anoe koedoe diloehoeran, dialoesan diasakkeun tèh moal saha deui nja koedoe goeroe heula, da moal aja moal djadi nadjan hajang kalah koe maha ogè, lamoen teu aja lantaran ti goeroena mah.

Koemaha ari pangadjaran basa di sakola goeroe?

Sakola goeroe tèh ajeuna aja doea roepa, nja èta Kweekschool sareng Normaalschool.

Kweekschool koe oerang kènging dibagi doea, nja èta sabagian tjadang H. K. S., sabagian deui tjadang goeroe sakola klas II.

Anoe ladjeng ka H. K. S. engkèna bakal djadi goeroe di H. I. S., ngadjarkeun basa Walanda, djadi kaoeningana kana basa tèh sanès adjarkeuneun, ngan oekoer anggoeun, loemajan njandak bekel ti H. I. S. sareng ti sakola goeroe tèa.

Nanging ari anoe bakal djadi goeroe sakola klas II mah, kaoeningana kana basa Soenda tèh, kedah kaoeninga goeroe, da nja andjeunna anoe pingarintahkeuneun harti basa ka moerid. Pahamna kana basa koedoe satahap sareng Landbouwleeraar kana perkara tatanèn, kilang bara leuwih tèh, da martabat boedak leuwih loehoer batan dapoeran parè atawa tangkal sampeu.

Naon èlmoe anoe kedah kapibanda koe goeroe tina perkawis basa, hartosna naon anoe kedah diadjarkeun di Kweekschool, ieu ogè koe koering moal diterangkeun di dieu, ngan rèk pondok baè, nja èta:

1. Sagemblengna basa kedah oeninga;



III n° 4.5.6 483
Oktober-Desember1924.max

sing loma enja mana basà anoe kedah ianggo.

ɾabah kana rasana basa. Kedah aja taalboek, anoe ngabakoe. Tingali boe-oe „Basa Soenda".

..tra kana basa sareng kana kasoesas-tranna (Taal en Letterkunde), njan-ak tina leesboek, tina Bibliotheek.

enak-anik basa (mamanisna, kawih, dangding, sisindiran, tembang sareng ıdjabi ti èta).

asa patalina sareng adat (Volken-kunde).

oepa-roepa oengkara basa.

ıreng sadjabi ti èta.

ɛ teu perloe pisan di sakola goeroe j ɾ basa anoe djarero, mapaj basa ba-a, atawa tjoektjroekan-tjoektjroekan laloehoer, da moal kabedag. Ngan jadi goeroena di sakola goeroe èmoe-koering kedah langkoeng beunghar koeng loehoer ti pamènta anoe djadi ri .

oemaha ari di Kweekschool ajeuna? tangtos moal tiasa laksana kahajang, a ılangan koe atoeran.

ısa priboemi ilaharna katèlèr-tèlèr teu ;eu aja atjan goeroe basa apan ajeuna alah ningal boekti ajeuna mah aja ɾa.. digowèng basa Soenda sareng basa va, diadjarkeun koe anoe ngan tiba ıɪ ramang, da poegoeh geus aja poe-ıa .aoen henteu ara sasaoeran Soenda. ımi teu kitoe dipihapèkeun ka goeroe us beurat koe papantjèn sèdjèn.

al... aja anoe pot pisan henteu rèk :è pangadjaran basana, sapertos di el :chool Goenoeng Sari (Soepsidi). ıg ıaèna Directeurna oeninga dikawa-ın, nja disangga koe Java-Instituut.

ın ıl kana koemisi eindeksamenna, t ı aja elid anoe baris mariksa basa ıemi mah. Naon margina anoe mawi ıı keun teuing basa priboemi tèh?

.o margina pangkat goeroe basa di a goeroe sareng di sakola mènak di-;it'eun?

.o parantos ngarandapan djadi goe-ıasa di sakola mènak atanapi sakola ıe tangtos ngaraos banggana ngadja-lankeun kahajang sangkan pangadjaran-ana aja pangadjina. Ana teu aja kateres-naan anoe djadi dirèktoer, kana basa pri-boemi mah, lapoer, goeroena kantoen seunggah anoe aja; djadi madjoe moen-doerna tèh sanèh koe atoeran anoe tangtoe, ngan koemaha direktoerna. Nadjan aja ringkoekna ogè atoeh, ari teu diadjian mah, nja moal aja kamadjoeanana, da moeng-goeh moerid mah kari koemaha anoe ti loehoer.

Koe margi èta pereloe aja oegeran toe-toerkeuneun anoe ngadjalankeun.

Sakoemaha anoe tadi parantos ditjarios-keun, jèn kawadjiban goeroe basa tèh ke-dah ngadjar pigoeroeeun, atawa piamte-nareun anoe perloe deui tabah enja kana nganggona basa, djadi tangtos pisan goe-roena kedah anoe langkoeng asak. Ari dja-lanna anoe parantos katingal sareng karaos koe djisim koering, taja sanès ngan èta pigoeroeeun tèa, kedah kènging pangadja-ran deui anoe langkoeng ti di Kweekschool, pikeun nambah èlmoena. Koe margi èta koering gadoeh panoehoen kasadajana, soe-pados keurseus goeroe basa anoe oemoerna nembè sataoen geus leungit deui kasabet koe bezuiniging tèa, disoehoenkeun deui ka Pamarèntah.

Perkawis pangadjaran basa di Nor-maalschool sareng di OSVIA koe koering moal ditjarioskeun deui, da moal sakoe-maha bèntenna sareng di Kweekschool tèa. Tangtos pisan ari di N. S. mah langkoeng loehoer.

Perloe kaoeninga deui, saha ajeuna anoe nalingakeunana ari pangadjaran basa di V. I. O?

Kadjabi ti ningali anoe bieu, pikeun ngadangdosan pangadjaran di V. I. O tèh, tangtos pisan oerang kedah mapaj pa-ngadjaran di H. I. S. sareng di sakola klas II.

Pangadjaran basa priboemi di H. I. S. Saparantosna sakola klas I diobah djadi H. I. S. basa priboemi di èta sakola katjida kasedekkeunana koe basa Walanda. Asal basa loeloegoe ngan djadi basa panam-bah. Koe robahna kitoe, djadi ngagede-keun basa Walanda tèa, nja henteu matak handjakal, da poegoeh pamènta oerang,



484

Oktober-Desember1924.max

sanadjan oerang njaho jèn saenjana èta tèh henteu bener pisan, ari tjeuk èlmoe atikan mah; tapi lantaran ngingetkeun kaperloean, sarta tjeuk saajeuna mah koedoe kitoe, oerang tèh kapaksa koedoe narima. Tapi sanadjan oerang narima kana kitoe ogé, ari basa priboemi mah hajang oelah diapi-lainkeun teuing, nja èta tina terang pigawèeanana tèa. Soemawonten ningal boekti ajeuna-ajeuna ieu mah, moerid kaloearan. H. I. S. geus teu rèwak sapertos opat lima tahoen kapengker, beuki katingal perloena di H. I. S. kedah rada ngadjènan basa priboemi langkoeng ti anoe parantos-parantos tèh. Tapi lain pisan koering boga pamènta pangadjaran basa Walanda dikoerangan mah, da èta ogé perloe. Djadi panoehoen tèh hajang basa Walanda matak bisa, basa priboemi oelah kaloeli-loeli. Ana ngan tabah basa Walanda woengkoel, tjoel basa asalna, atoeh oerang Soenda anoe rèa kaleungitan palajangan. Da meureun ana ngan bisa basa Walanda baè mah, njaritana ngan ka Walanda (anoe pada bisa basa Walanda deui), koeroeng-koerangna ngan koe basa Walanda, anoe beunang ngala ti Walanda ngan oekoer tepi ka salirana, moal bisa ngotjor ka bangsana. Naon kabageanana ari djelema rèa ti andjeunna anoe boga hak koedoe nampa tèa deui? Mangkaning anoe rèa tèa anoe perloe moeloengan èlmoe ti anoe ariasa basa Walanda tèh, da batoer mah teu kabagèan pertegesna.

Koe margi èta, moerid H. I. S. anoe bakal djadi bibit panoengtoen bangsa, èmoetan koering langkoeng ti pereloe diwadjibkeun bisa kana basana deui, lian ti basa Walanda tèh, soepaja engkè di mana datang ka sakola anoe langkoeng loehoer, ngan kari ngasakkeun, henteu koedoe ngabakalan deui.

Tangtos pisan loehoerna sareng atoeranana pangadjaran basa Soenda di H. I. S. tèh, moal tiasa disamikeun pisan sareng di sakola klas II, da ari H. I. S. mah sakola tjalon sakola deui.

Nilik kaajaan ajeuna, tebih naker tina pangharepan, da moerid H. I. S. tèh ngan oekoer tepi kana diadjarna. Bisa henteuna mah henteu djadi oedagan. Boektina nadjan gorèng basa Soenda, ari aloes basa Walandana mah teu matak djadi tjarita, sawangsoelna anoe madjoe basa priboemina, ari koerang pertegesna mah oelah boga pangharepan hajang naèk kelas.

Geura mangga manah, koemaha teu matak bingoeng ka anoe djadi goeroena, sareng koemaha badè diadjènanana basa priboemi tèh koe moerid?

Ningal waktoe ngadjarkeunana sakitoe saeutikna, di kelas 5 dina saminggoe 5 djam, di kelas 6 saminggoe 4 djam, di kelas 7 mah komo ngan sadjam pisan saminggoena, ieu tèh matja, ngarang, pangadjaran basa, sareng samaktana.

Pantes pisan rèk henteu aja njangsangna tèh di moerid, da teu kaoer napel balas laas koe kaanginkeun.

Djisim koering doea welas taoen, lamina djadi goeroe basa di sakola mènak sarta ajeuna ngabantoe djadi goeroe di Kweekschool, terang leres di pangarti moerid kaloearan H. I. S. tina perkawis basa, sarta lantaran tadi samèmèhna salamina djadi goeroe di sakola klas I, djadi tiasa nangènan koemaha bentènna, sareng sakoemaha moendoerna beubeunangan baroedak ti èta doea roepa sakola, tina hal basa, baheula sareng ajeuna.

Nanging teu tiasa njalahkeun ka boedakna teu tiasa nempoehkeun ka goeroena, da poegoeh salahna tèh aja dina atoeran. Koe margi èta teu aja sanès ngan atoeran anoe kedah disaèan.

Di H. I. S. ogè pangadjaran basa tèh mèh teu katalingakeun. Doegi ka aja anoe dina lebet 10 taoen ngan kakara dipariksa (diinspektie) doea kali, nintjak lima taoen sakali. Oepami oerang hadè rèa omong, meureun hajang njaho di sababna: Naha pang tara dipariksa tèh bawaning koe pertjaja ka goeroena, atawa bawaning koe diapi-lainkeun tèa!

Anoe djadi goeroe basa priboemi di H I. S. (1e Inl. Ond.) aja anoe njarita kieu ka koering: „Kabita, ari ningal goeroe Walanda diinspektie koe Inspektoerna, rèh lian ti kaoeninga beubeunangan digawè tèh, èta koe djeung meunang *„leiding"* deui. Na ari ninggang di bagian basa priboemi, eukeur teu bisa meunang *panoeng-*

*toen* tèh, koe langla-langla atjan *dilajadna* ogè!"

Naha èta atoeran anoe kitoe, henteu kedah di omèan?

..............

Perkawis perloena pangadjaran basa di Mulo, nja sami baè sareng di H. I. S. tèa, perkawis ieu koe koering moal di pandjangkeun, da goenana apan tadi parantos ditjarioskeun.

Koemaha ari di sakola Hakim, perloe diadjar basa Soenda.

Emoetan koering anoe djadi hakim di Soenda, leuwih ti pereloe iasa basa Soenda, sabab apan pamariksaan tèh koedoe koe basa anoe dipariksa ari keunana pisan mah; da ari koe basa salinan mah moal tèmbrès pisan, sarta bisa djadi aja anoe soelaja salinanana atawa lisanna bèda tina teretet atina.

Mangkaning perkara hoekoem!

Koe margi èta perloe oerang soehoenkeun ka Pamarentah, soepaja di sakola hakim diadjar basa Soenda, sarta goeroena koedoe anoe boga doea roepa sipat: 1 anoe pinter kana èlmoena, 2 anoe pinter kana prakna.

Di sakola Hakim loehoer kawas kana tangtos aja basa Soenda, da geus aja Professorna.

Pangadjaran basa di sakola dèsa sareng sakola klas II.

Samèmèh djisim koering njarioskeun pangadjaran basa di sakola priboemi, djisim koering badè mintonkeun heula hidji artikel tina Reglemen sakola Walanda, anoe oengelna kieu:

Artikel 2. De Directeur van Onderwijs, Eeredienst en Nijverheid stelt het leerplan der scholen vast, met inachtneming der volgende beginselen:

1e Het onderwijs in het spreken en schrijven der Nederlandsche taal staat in alle klassen op de voorgrond.

2e Het onderwijs in de overige leervakken wordt zooveel mogelijk dienstbaar gemaakt aan de bevordering van de kennis der Nederlandsche taal.

Dina èta artikel atra katingali, jèn di sakola Walanda mah anoe koedoe djadi loeloegoe pangadjaran di oenggal kelas tèh basa Walanda, noeliskeunana sareng ngalisankeunana, sarta pangadjaran anoe sanès masing djadi panoeloeng kana kamadjoeanana èta basa.

Sakoemaha anoe tadi di loehoer koe sim koering parantos ditjarioskeun, jèn basa koedoe djadi poko sarta koedoe djadi dadasar pangadjaran, ajeuna kateroesan pisan koe oengelna artikel dina oendang-oendang sakola Walanda; moeng handjakal èta artikel anoe kitoe henteu dianggo ari di sakola priboemi mah.

Oepami koe oerang dimanah leres-leres, ajana èta artikel tèh, èstoe merenah sarta ninggang enja kana djoedoelna pangadjaran.

Tangtos pisan pang ngadamel artikel èta ogè, lantaran geus kamanah koe anoe palinter jèn kitoe pikoedoeeunana, henteu darapon sok baè. Tapi naha ari di sakola priboemi henteu dianggo katangtoean kitoe tèh?

Naha katimbang henteu pereloe atawa henteu goena, ari basa priboemi pikeun oerang priboemi?

Emoetan koering, basa Soenda pikeun ka oerang Soenda, saroea goenana saroea perloena djeung basa Walanda pikeun ka bangsa Walanda.

Kantenan ari sakola Walanda tjalon sakola deui tèa mah, tapi sakola priboemi ogè nangtoeng dina basa tjara sakola Walanda tèa.

Koe margi di sakola priboemi èta oegeran henteu dianggo, nja kaboeboektianana pangadjaran basa di sakola oerang mah henteu ara kapirosèa, mimindengna kabajahkeun koe sesembèn anoe saenjana ngan oekoer koedoe djadi panambah.

Loeloegoe kaloeli-loeli anoe lain dienjakeun.

Masing èmoet jèn *leiding* sakola priboemi aja dina panangan bangsa Walanda.

Geura mangga oepami oerang mariksa ka goeroe-goeroe, pangadjaran naon anoe pang dipakè karesepna di sakola?

Moal lepat walonna: „*Ngètang*" babakoena.

Naon margina anoe mawi kitoe?

Lian ti lantaran teu aja oegeran, nja èta saperkawis pedah goeroena pangbisana



Tll no4.5 6
486

Oktober-Desember1924.max

kana ngitoeng mah, moerid diseboet pinter tèh lamoen bisa ngitoeng; pangna kitoe katarik koe kabiasaan èksamen. Oenggal èksamen, sagala roepa èksamen di Soenda mah, ngan ngitoeng anoe digedèkeun; geus baè sakola ogè kabaoed koe sasabna èksamen tèa.

Teu aja di Soeda mah èksamen sapertos K. E. anoe ngaheulakeun basa manan soealan tèh.

Aja deui anoe djadi lantaran sanès pang di sakola Soenda henteu ara ngagedèkeun pangadjaran basa, pohara soelajana sareng di sakola Walanda, nja èta sok noemoetkeun kahojongna anoe mariksa. Tjeuk paribasa tèa mah; *noeroetkeun ka mana dèngdèkna topi.*

Kapan sadaja ogè pada oeninga, moenggoehing di sakola Soenda mah, sagebragan oesoem ngahias bilik, mani reuntjeum bilik pinoeh koe papaès. Ganti djaman, oesoem boenderan, oenggal sakola marelak petetan kembang.

Pindah alam kana karadjinan, oesoem njoengging oesoem ngadjar popolah, oesoem mariksa koekoe, oesoem mitjeunan ali, oesoem bendo sareng sadjabi ti èta.

Nanging djisim koering teu atjan ngoeping, iraha ari oesoem ngagedèkeun ngadjar basa?

Nanawi saoer djoeragan goeroe: „saendengna!"

Noehoen pisan, moeng oelah paseloek sareng oesoem èdjahan baè!

Nanging kawasna ari parantos ditoengtoen koe Djoeragan-djoeragan School-opziener mah, asa pirakoe doegi ka teu aja oesoem basa di sakola klas II, toer oesoem anoe saendeng-endengna tèa deui.

Koe margi di sakola Walanda mah pangadjaran sanès kedah djadi panoeloeng kamadjoean basa, ana prak koe oerang dibandingkeun sareng di sakola klas II nja kantenan katjida bèntenna.

Kapan dina ngitoeng soealan ogè di oerang mah aja anoe kieu baè moerid tèh ngadjalankeunana: A = *f* 20 B = A + *f* 10 = *f* 30. Djadi A + B = *f* 20 + *f* 30 = *f* 50.

Ari basa anoe koedoe dioedag koesakola klas II, nja èta *basa pakèeun* èta boedak, ti keur sakola kènèh tepi ka kaloearna, sarta koedoe tamat di dinja.

Djadi ringkesna maksoed pangadjaran basa di sakola klas II tèh:

1. Moerid sing tepi ka boga basa anoe hadè, anoe perloe pikeun ilaharna Soenda, bisa ngedalkeun angen-angenna kalawan bèrèsna, ngarti bener kana boekoe-boekoe, bisa nampa tjarita ti anoe lian.
2. Bisa ngagambarkeun karepna tèa koe basa anoe enja, sarta tabah kana atoeran èdjahanana.
3. Bisa metakeun basa katoet ka tatatatana, dina gokna tepoeng djeung mènak koering.

...............

Ringkesna anoe koedoe diadjarkeun di sakola-sakola, nja èta: Basa katoet ka kasoesastranna (Taal en Letterkunde).

Di sakola handap èta anoe doea roepa tèh ngahidji kènèh, nanging di V. I. O. mah kedah parantos sina pada ebrèh doeanana, mana anoe asoep kana èlmoe basa mana bagian kasoesastran.

Parabotna kedah njandak tina basa anoe geus aja, soepaja kènging dianggo. (Tingali boekoe taalboek Basa Soenda).

*Basa moerid.*

Tangtoe pisan koemboehna baroedak ngabangoen hidji alam, boga basa keur hiroep di dinja, èta mah moal beunang dihalang-halang. Boga ketjap indjeuman sorangan, boga babasan sorangan, paranti mojok paranti moedji, anoe henteu kaharti koe noe sèdjèn, èstoe basa djieunna djadi koe paadoe harti djeung kantjana, komo di sakola anoe moeridna geus sawawa.

Oepama oerang ngoeping moerid njarita:

Ah *oerang matjok* baè. *Bihoh* èta boedak tèh.

(Aja goeroe anoe njangka èta „bihoh" basa enja) dj. s. t. tangtoe teu kaharti ari koe noe sèdjèn mah.

Tapi èta basa kitoe, moal ditjaritakeun di dieu, maksoed koering, rèk nètèlakeun



Oktober-Desember1924.max

basa moerid anoe lian ti èta, nja anoe sok ..aleuangkeun di hareupeun kelas, anoe ..tak ngoerangan kana pangadjaran basa.

Geura dangoekeun ari moerid keur ne..ngkeun soealan, atawa keur ngitoeng ..gka koe lisan, apan ngawih sanès ngomong. Dimana engkè baris kapakèna ka..h kitoe tèh?

Poh-pokanana ogè, teu aja di lemboer mah anoe kitoe tèh.

Naon margina?

Babakoena, èta anoe ngomong asa ngomong ka sakola, njarita djeung lalangit, ..n djeung batoerna lain djeung goeroena, ..a ana njanghareup ka goeroe mah dadak sakola sora robah lagoe robah ketjap ogè ..a deui ti tadi. Ari tadi ka saha njari..a?

Engkè ari geus kaloear ti sakola, anoe ..is kapakè tèh tjarita djeung anoe poeg..h djirimna, djongok djeung pada djelema, da ari keur madep ka awang-awang ..oengkoel koe lamoen mah teu aja noe ..njahoankeun, masih rèk ngaleu ngale..gis ogè.

Djadi di sakola ogè koedoe basa pakeèun ..è, ambèh teu moebah natamboeh waktoe.

Mèngkolkeunana tina *kawih* kana tjari..a taja deui ngan moerid koedoe poegoeh ..j njanghareup, goeroe tangtoe nja pa..loemoekan. Naha goeroe tèh bapa moerid, ..anti kolot di imahna? Atoeh lagoe, basa ..ng pamolahna ogè koedoe tjara ka ko..otna tèa. Atawa naha goeroe tèh minang..a mènak, tjara somah ka wadana dina ..è distrik? Ieu sok moen tangtoe, koema..a salira goeroe.

*Tina bingoengna boedak*, saenjana èta ..a ..e sakola tèh medalna. Lamoen poegoeh ..adoemoekan mah moal kitoe. Dina rasana ..jarita ka bapa, lain; ka batoer, lain; ka ..ak, lain; nja toengtoengna madep ka..a lalangit, da ari di boemi goeroe mah ..enteu kitoe.

..agoe sakola moa leungit koe panjarèk, ..a.. koedoe koe pangakoe goeroe pileungi..eunana.

..asa noe mana noe koedoe diadjarkeun ..i sakola.

Basa anoe koedoe diadjarkeun tèh, basa anoe baris dipakè, basa pakeèun sarérèa, nja èta basa Soenda.

Ari kapakèna basa tèh: 1 keur njarita djeung ngahartikeun (nampa) omongan batoer sa Soenda, boh tina lisan boh tina toelisan:

Djadi lamoen teu bakal digoenakeun kadinja mah teu aja perloena diadjarkeun ari di sakola handap mah. Di sakola loehoer tangtoe leuwih ti sakitoe.

Ajeuna nepi ka aja basa sakola, lagoe sakola anoe teu ara dipakè di loear lian ti di sakola. Eta èstoe ngaroegikeun natamboeh waktoe teu poegoeh, pangadjaran anoe moebah pisan. Da ana ka loear baè ti sakola, tjoel ditinggalkeun dina bangkoe, radjeun ka bawa matak ngaroeksak noe aja. Basa sakola noe djadi lain koe pangadjaran, èta mah tangtoe teu koedoe di perangan da teu pati aja matakna anoe ngaroegikeun, moenggoeh oenggal koemboehan sok boga basa tjadangan.

Geura dangoekeun moerid ari keur nerangkeun ka goeroe, ngadjawab pananja, matja, atawa naon baè,

Tangtoe koe oerang kadangoe aja anoe ngaleu ngawih kieu:

1. Hüidjüi endoog harganaaa tiloe seecceen.

Djadui doea endoog hargaana doeaa kalüi tiloe seeeen sami sareng genep seeeeen.

„Ganti!" Saoer Djoeragan goeroe.

2. Ieueu anoe ditjepeng koe abdii pesoo. Ieu pesooo ti i keel. Ieu gaga a angnaaa. Ieu tonggongnaaa. Ieu peso seukeut. Ieu pesooo koe abdi disoehoeoeoeon.

Sareng saladjeng.

Tah, di mana èta aleu kitoe, basa kitoe tèh kaanggona? Naha henteu sina njarita tjara ka bapana baè sangkan hiroep atina, da dina keur ngaleu kitoe mah kapan èta boedak tèh ngalamoen.

Eukeur mah salah mithodena, èta peta kitoe tèh, toeroeg-toeroeg salah larapna, djadi teu ngalèr teu ngidoel, moebah tèa ngaranna.

Waktoe moerid kakara asoep, tangtoe kana basa Soenda atjan bisa, ari kanjahona ngan kana basa dèsana, nja èta sèlèr basa Soenda tèa, komo di sakola desa mah.

III no4.5.6



488

Oktober-Desember1924.max

Tangtoe mimitina mah koedoe dianteur baè heula sapangabisana tèa, oelah kateuhak asa hèsè koe basa anjar, ngan goeroe koedoe majat noengtoet ngasoepkeun basa Soenda nepi ka lila-lila moerid boga doea basa, nja èta basa sèlèr djeung basa Soenda. Ieu babakoena di loear Priangan.

Eta basa sèlèr koe oerang oelah dipaèhan, keun baè sina hiroep, ngan moerid koedoe boga pamilih mana sèlèr mana lain.

Dina matja ngarang ngitoeng djeung salianna, basa Soenda anoe koekoe dipakè. Tapi sakali-kalieun koedoe baroedak sina ngarang koe basana basa sèlèr tèa, sangkan kapiara, goenakeuneun di lemboerna djeung soegan djadi pangdeudeul ka Soenda noe rèa.

Ari kaajaan ajeuna, basa sèlèr tèh, lamoen henteu diantep koe goeroena, da goeroena oerang dinja, sami pada boereng kana basa loeloegoe mah, nja sok dipaèhan pisan, datang ka boedak tèh oelah njahonjaho atjan kana basa dèsana.

Naon atoeh ari anoe koedoe djadi basa moerid?

Koemaha ari basa lemes, atanapi basa golongan anoe sedjen perloe diadjarkeun?

(Tingali katrangan perkawis *dialek* sareng *basa lemes)*.

*Wintjikan Pangadjaran.*

Zaakonderwijs sareng spreekonderwijs.

Dina daptar pangadjaran kaoengel pangadjaran noe kaasoep kana pangadjaran basa tèh; spreekoefening, Zaakonderwijs, vertellen, lezen,, opstel, sareng sadjabi ti èta.

Pangadjaran basa tèh kaasoep kana loeloeloegoena pangadjaran, karana djadi dadasar sakabèh pangadjaran.

Lamoen pangadjaran basa henteu madjoe, tangtoe pangadjaran sèdjèn hèsè napakna, da basa anoe djadi pakakas pikeun ngasoepkeunana.

Dina ngitoeng sajaktosna mah basa anoe digawè, moal bisa djalan lamoen henteu koe basa.

Dina pangadjaran èlmoe boemi, kapan ngan tjarita anoe digorolangkeun tèh, woedjoedna mah nja basa.

Dina pangadjaran sadjarah sampoenènèng. Tjindekna sadaja pangadjaran ajana sarta kaloearna nja tina basa tèa; basa anoe nampana, basa anoe nepikeunana; djadi atoeh tètèla pisan mèmèh naon mèmèh naon tèh koedoe basa heula anoe diheulakeun geusan ngalaksanakeun toemerapna sakabèh pangadjaran. Oepama basa henteu kapirosèa henteu dikokolakeun ti heula, tangtos baloekarna kapantjah, hèsè napelna noe datang, da henteu kabawa koe basa tèa. Koemaha ari ngokolakeunana basa tèh?

Tah ieu dina prakna ngokolakeun, anoe sok pasalingsingan tèh, sok aja anoe teu keuna kana oedaganana.

Koe lantaran anoe djadi djoedoel pangadjaran basa moenggoeh di anoe kedah metakeun rèa kènèh teu atjan atrana, atjan èbrèh bener ka mana piloseunana, ka mana pibraseunana, naon pigoenaeunana, koemaha ngolahkeunana, nepi ka toengtoengna anoe djadi poko oedagan, sok lidig kalejek kaliwat-liwat, poegoeh mah nja èta noe ditèangan. Baloekarna mèmèh prak beunang digoenakeun, geus leboer mantèn koe sangkana noe salah tèa.

Geura mangga oerang njandak tjonto tina perkawis ngadjarkeun **Zaakonderwijs.**

Koemaha ari Zaakonderwijs ajeuna?

Anoe ditoedjoe teh:

*Ontwikkelen der zinnen, oefening in het waarnemen,* masing mekar lawang oetjap, mekar paningal mekar pangroengoe djeung pangrasa, nja pantja driana tèa ringkesna.

Tapi ngokolakeunana anoe sok soelaja tina karepna tèh!

Zaakonderwijs ajeuna, kawasna geus mengpar tina pangadjaran basa sabab anoe djadi loeloegoe katoengkoel koe barangna, lain barang anoe djadi panghoedang akal, toengtoengna nepi ka siga ambachtonderwijs.

Parèlèanana pangadjaran Z. O. aja patokanana ajeuna mah;

1. Hihid, doelang, aseupan, gajoeng, bo-



III 404.56
489
Oktober-Desember1924.max

boko, said, sèèng, samak, ajakan, kendi, pajoeng, sapoe, dj. s. t.

2. Hajam, oetjing, andjing, koeda, moending dj. s. t.
3. Lisoeng, leuit, soemoer, kalapa, waroeng, dj. s. t.
4. Sareng saladjengna.

Tiorina siga ninggang pedah majat mapaj ti imah ka loear!

Prak-prakana-na, aja pèrèlean anoe koedoe ditoeroet koe goeroe:

Ngaranna, roepana, rasana, ambeuna, dj. s. t.

1. Didjeunna èta barang.
2. Bangoenna atawa potonganana.
3. Hargana.
4. Babagianana.
5. Gawèna.
6. Miarana.
7. Tempatna.
8. Boeloena toetoep awakna, lalambaran atawa bagalan.
9. Pakarangna keur ngalawan moesoeh.
10. Kabeukina.
11. Hasilna.
12. Djeung satoeloejna.

Tjing mangga raraoskeun, naha èta peta bieu tèh, enja pangadjaran basa, atawa èta mah pangadjaran *„barang"?*

Tjontona tina bab gajoeng:

1. Eta anoe ditjepeng koe gamparan wastana gajoeng.
2. Eta gajoeng roepina hideung, gagangna roepina bodas.
3. Eta gajoeng didamelna tina batok, gagangna didamelna tina awi.
4. Eta gajoeng damelna paranti njioek tjai tina gentong.
5. Eta gajoeng batokna boeleud, gagangna gepeng pandjang.
6. Ieu gajoeng hampang, gagangna pandjangna 2 djeungkal.
7. Ieu gajoeng oepami ditakolkeun kana medja haroes.
8. Ieu gajoeng oepami ragrag sok peupeus.
9. Ieu gajoeng sok diselapkeun dina bilik.
10. Ieu gajoeng pangaosna lima sen, didjoealna di pasar.
11. Ieu batokna, ieu gagangna, ieu paseukna. Paseukna didamelna tina awi. Batokna liangna boeleud.
12. Ieu gajoeng ajeuna kosong.
13. Ieu gajoeng koe abdi diteundeun dina medja.

Sareng saladjengna, seueur kènèh „tjarita" atawa omongan anoe sok dipakè dina nataan patokanana tèa, di dieu moal dibèrèndèlkeun sadajana ètanana mah, sabab ieu mah ngan sakadar tjonto, koemaha petana èta pangadjaran dilampahkeunana ajeuna.

Saoer anoe ngadjar: „Tah, moerid geus diadjar sakoemaha toedoeh djalan, geus njaho gawèna, babagianana, roepana dj. s. t. tina èta barang tèa. Omongan moerid anoe salah geus dibenerkeun. Rèk naon deui, èta kitoe pangadjaran Z. O. tèh!"

Tapi .... oepama oerang nanja manèh: Naha oerang, kolot, dina waktoe prakna njarita kitoe, aja karesepanana, tara paselang djeung heuaj, anoe bidjil tina sang bosen tèa?

Naha oerang geus aja kahajang kana naloengtik barang, naloengtik hihid, naloengtik doelang, naloengtik lisoeng, tjara toean doktor atawa propèsor mariksa bakteri?

Iraha èta anoe ngadjar kitoe tèh geus metakeun panaloengtik kitoe? Moen enggeus, di mana, basa keur naon tèa, tjing mangga sabalakana baè?

Oepama oerang teu resep, teu hajang, bosen kana ngalakoekan anoe kitoe, atoeh komo boedak mah anoe lain propèsor, sina nalèk hidji gajoeng; beuki teu resepeun pisan meureun.

Djadi oepama koe oerang dipikir, ajeuna dina prakna oerang ngadjar kitoe tèh, saenjana, melak naon oerang di boedak?

Eta margina, lantaran batin oerang geus njaho kana mamalana tèa, pang ana dek njanghareupan peta kitoe ngan seunggah djeung wegah baè anoe aja, tèh!

Mangga manah, atoeh peta kitoe mah naloengtik barang, djadi barang anoe djadi djoedoel maksoed, sanès ngahoedangkeun rasa, ngadjembarkeun pantjadria; mana keunana kana pangadjaran basa?



III no 4. 5. 6

49a

Eta tjenah apan koe peta bieu tèh boedak diadjar telik diadjar gemet diadjar nitènan kana barang!

Sigana, siga enja, tapi ari saenja-enjana maèhan kana kasoertian, hama kana katelikan kana titèn tèa, da boedak djadi mesin anoe ngagorolang teu kalawan golangna akal, teu matak hiroep....

Kantenan aja toedjoean kitoe tèa mah dina Z. O. tèh, tapi pikeun nepikeun ka dinja nja koedoe ngahiroepkeun ati ngahoedang akal, ngadjembarkeun tingal, lain obah koe parèntah, lain oesik koe panggeuing, tapi koedoe gedag sorangan, sorangan anoe metana.

Sangkan gedag sorangan, soepaja hiroep matjakal èta galih tèh, oerang koedoe ihtiar sangkan akal, ati tèa oelah sina kapapas koe bosen oelah sina kalindih koe anoe matak kaloeman, koedoe singkahan ka teu resep kasoengkan kasoekingki kabosen sareng kakaloemanan boedak.

Kantenan pisan èta peta kitoe tèh oerang sadaja meunang pangadjaran ti goeroe, ti goeroe Walanda pisan asalna mah. Tapi naha èta anoe didjalankeun koe oerang ajeuna tèh, ari koe goeroe-goeroe Walanda didjalankeun kènèh?

Noemoetkeun katrangan anoe kaoengel dina boekoe *opvoedkunde* en *methodeleer* karangan toean HILGERS sareng DOUMA, èta peta atawa prakprakan tjara oerang tèh, geus koena geus koelapengan, geus teu meudjeuhna di amalkeun ajeuna mah, tina geus kataringali *lepatna*.

Naha atoeh ari oerang bet aja anoe tonggoj dina metakeun anoe salah tèa baè?

Naha henteu kedah oesaha sangkan oerang ogè miloe metakeun pangadjaran anoe bener sarta mawa kana hasil?

Koering di dieu moal ngadadar methode ngadjar, da sanès pitempateunana, nanging perloe nèmbongkeun kaliroena anoe radjeun sok kalampahan di sakola Soenda.

Saparantos tadi koering njarioskeun koemaha petana anoe ngadjarkeun gajoeng, ajeuna kedah kaoeninga, naon ari djoedoelna pangadjaran Zaakondtrwijs, anoe tangtos pisan ari koe djoeragan-djoeragan goeroe mah parantos kaaroeninga.

Djoedoelna Zaakonderwijs:

1. Moekakeun gapoera galih sina kedal kana djadi omongan koe lantaran panghoedang tingal (waarneming).

2. Ngadjembarkeun pikir (uitbreiding van den gedachte en voorstellingskring) ngahiroepkeun ati, ngoedag kana algemeene ontwikkeling. Atawa nja èta djadi panglalanjahan pikeun kana pangadjaran anoe bakal kasanghareupan, soepaja kataratas pidjalaneunana kana pangadjaran èlmoe boemi, sadjarah, èlmoe alam dj.s.t.

Ari djoedoelna pangadjaran spreekonderwijs, nja tjorna tina palajangan anoe bieu:

1. Ngadjembarkeun lisan nepi kana tabah makèna pakakas. Di dieu ajana lagoe lentong kapasèhatan panglesoe anoe tareugeug, djeung pamoeka dangoe anoe pinampaeun sora noe lian.

(Ngadjembarkeun djalan panampa djeung pangedal lisan).

2. Nambahan kabeungharan ketjap.

3. Ngalantjarkeun tjarita ngedalkeun anoe djadi teretet galih.

Nja ieu dina doea roepa pangadjaran ajana kaadaban rasa (Zedelijke vorming) njoempoetna.

Zedelijke vorming di kelas loehoer dina sempalan èlmoe boemi, sadjarah, èlmoe alam, kaboekana, lamoen asak Zaakonderwijsna.

Tjindekna Zaakonderwijs anoe djadi pamoelasara kana palemahananana, ari spreekonderwijs pamoemoelè kana djalan kedalna lisan.

Koemaha ari tjeuk èlmoe ajeuna prakna ngadjarkeun Zaakonderwijs tèh.

Ringkesna baè, moal tiasa diterangkeun pisan di dieu, kieu oepamina:

Moerid sina digawè sorangan dibaroeng koe kedal, ngalisankeun angen-angenna panghoedang kana karesepna.

Ari èta kana beureum, bodas, boeleud, awi, kai boeloe, tandoek, dj. s. t. da geus njahoeun boedak tèh teu koedoe ditoedoehkeun deui.

Tjontona: Boedak sina njieun kolètjèr (koe keretas atawa koe awi), sina njieun talèot, empet-empetan, prak dilampahkeun sina bari tjarita, naon karesepna naon ka-



III no 4.5.6
491
Oktober-Desember1924.max

bisana naon anoe geus kalampahan koe manèhna. Njaritakeun naheun posong, nawoe kombongan, njieun langlajangan; njaritakeun di saoeng sawah, dina waktoe diboeat, njangoe, ngarioeng dahar, pèsta. Naèkna ti dinja njaritakeun soemoer bor, palaboean, kapal, dina karèta api, di setatsion, di pasar, dj.s.t. Tijndekna sadaja baè anoe aboes kana handenarbeid, cultuur, Irigatie, èlmoe boemi, Landbouw, kasèhatan koem kasabit sadajana, ka kapertjajaan-kapertjajaan, adat, kabiasaan, dj.s.t.

Ari èta barang-barangna sakasampeurna baè katjaritakeunana, keur boekti bisi tatjan njahoeun.

„Tah, gobag anoe dipakè nawoe tèh kieu bangoenna, kitoe metakeunana!" Henteu kedah sina ditalèk gobagna, palebah dieu mah, sarta oelah dipaksa ngedalkeun naon-naon anoe teu aja perloena, lain kahajangna.

Eta boedak barang djieunna ngomongna sareng sagala roepina nja Zaakonderwijs tèa, pangadjaran pibekeleun hiroepna boedak, tina rasa kana prakna, kedal koe oetjap, bèh boektina boeah pagawèanana.

Mangga dimana piboseneunana èta pangadjaran anoe sakitoe moendelna tèh?

Pamoegi-moegi djisim koering koe pitoeloengna pangadjaran Zaakonderwijs tèh djembarna rasa oerang Soenda anoe kedal djadi basa, tiasa woewoeh ti anoe parantos-parantos kamadjengan-ana, sarta digoenakeun kana ngalalanjahan gelarna rasa anoe bakal bisa ngagambarkeun kaaloesan alam, kapoendjoelanana tingal di basisir, isoek-isoek waktoe meletèk srangèngè, sariak lajoeng, wantji toenggang goenoeng, rasa bajeungjang dina panas mentrang-mentring, ngakawènkeun kaaloesanana patempatan, kelarna waasna rasa koe ningal padataran, pasawahan pagoenoengan, atanapi keueungna rasa njorangan di leuweung, geueumanana hidji tempat, sareng djabi ti èta, tjindekna gambar rasa koe basa tina ka aloesan alam tèa.

Rasa oerang Soenda anoe diwoedjoedkeun koe basa, ajeuna parantos ngawitan dieunteupkeun kana salah-sawios anoe ditataan koe djisim koering bieu, da ari heula mah apan biasana ngan kana ngagedèkeun tjarita kageulisan kakasèpan, sareng kana soeroepan panganggo.

Geura mangga baè taloengtik leres-leres, naon ari anoe biasa pandjang dikakawènkeun pantoen dina njaritakeun modjang, nepi ka ditataan taarna, halisna, ramona, bitisna, pipina, sakitoe kedalna èta rasa; ajeuna ana modjang dangdan, kapan soeroepan panganggona, sindjangna, kekembenna, raksoekanana mani katingal tina tètèla-tètèlana anoe njarita. Ana prak njarioskeun modjang angkat, lèngkahna, lèjèhna, gandjenna, tamat teu aja kakiranganana.

Tah geuning rasa tèh kedal ari kana èta sareng samboenganana ti dinja mah. Toeloejkeun èta ogè da poesaka; tapi itoe alam, goenoeng, mèga, leuweung anoe geus mènta dikakawènkeun oelah kaliwat.

Kadjabi ti kakaliroeanana prak-prakan ngadjar basa di sakola handap, koering arèk njarioskeun ogè sasabna pangadjaran basa Soenda anoe kabaoed koe atoeran basa Walanda. Koe margi djalan ngadjarkeun basa priboemi repet kènèh, teu atjan ngabaloengboeng sapertos pangadjaran basa Walanda, sering naker oerang toetoeroet moending niroe djalan Walanda, anoe basana sakitoe tebihna ti oerang. Kadjadianana nja aja anoe ngolahkeun basa Soenda koe djalan basa Walanda, sapertos:

*Lijdende vorm* koedoe balikkeun djadi *bedrijvende*, naon *lijdend voorwerpna* èta omongan tèh, mana *hoofdzin* mana *ondergeschikte zinnen*, sareng seueur-seueur deui noeroetan gramatika Walanda. Koemaha engkè pikadjadianeunana?

Naha basa Soenda makè koedoe dikokolakeun koe djalan Walanda? Anggoer oerang mah èta baè basa Soenda, *taaleigen Soenda* oerang goegoeloeng, oerang oeroeskeun aja asak tambah madjoe.

Lantaran sasab kana djalan Walanda tèa, toengtoengna tjoel baè ari kana ngadjarkeun *rasa basana* mah, anoe aranèhna anoe maroendelna dina Soenda tèa mah dina *taaleigenna* teu kapalirè, pada hal èta anoe leuwih perloe, leuwih goena tèh kapan.

TII no 4-5-6



492

Oktober-Desember1924.max

Moal deui nganggo ngoeroeskeun *klemtoon* sagala roepa mah, maroekan tjara dina basa Eropa?

Tjindekna: Pangadjaran basa Soenda, oelah ingkar tina papagon basa Soenda.

*Pangadjaran matja.*

Di dieu sanès maksoed djisim koering rek njaritakeun *ngadjar matja koedoe* koemaha methodena, koemaha prok-prokanana, sanès kitoe, da ari èta mah djoeragan-djoeragan goeroe langkoeng oeninga, lantaran geus poegoeh ringkoekna aja dina boekoe-boekoe karangan ahli atikan. Ngan perloe koering nembongkeun mamalana tina pangadjaran matja ajeuna di sakola-sakola.

Tjeuk koering tadi „*mamalana*" sanès hasilna atawa boeahna, èta ngahadja makè ketjap èta, kieu margina:

Koe sadaja anoe palinter koe sadaja para boedjangga parantos diangken parantos dienjakeun jèn *matja* tèh saroea baè djeung dahar perloena. sabab matja tèh maraban njawa, anoe perloe tèa deui meunang parab tèh.

Ari oerang Soenda geus resep matja? Enggeus aja ari bibitna mah kana resep tèh, geuning di oenggal lemboer aja wawatjan anoe tepi ka geus koeleuheu. Malah mèh di oenggal distrik di dieu aja toekang ngarang wawatjan, toekang noeroen toekang njalin, djadi kahiroepan tina ngadjoealan wawatjan tèh, lain ajeuna baè tapi ti baheula.

Tapi èta bibit karesep kitoe henteu katoeloeg teu katjèbor koe pangadjaran, teu karaksa koe sakola, lantaran pangadjaran *matja* di sakola teu djadi panghoedang kana resep matja, tapi sabalikna tepi ka matak maèhan bisa noempes karesep bibit bawa ngadjadi tèa.

Geura tingaii, pariksakeun ka goeroe-goeroe, pangadjaran naon anoe pangbosenbosenna?

Aja doea tiloe: 1 Zaakonderwijs, 2 Ngagambar. 3 Spreekonderwijs. 4 Matja dj.s.t.

Tah èta mèh kabèh poko pangadjaran *basa* anoe dipikabosen tèh.

Naha mana kitoe, rea goeroe heuaj, moerid pating koeliat, ana ninggang giliran tèh? Babakoena koerang bekel.

Bener mimitina mah barang sok dibagi boekoe anjar, giak goembira resep baroedak tèh, da sono kana boekoena weuteuh kènèh, kakara papanggih harita.

Tapi naèk ka kelas III Abdoerahman, kelas IV Abdoerahman, di sakola goeroe kelas I Abdoerahman kelasII Abdoerahman, di N. S. di O. S. V. I. A. .... nja Abdoerahman kènèh. Tepi ka ngoengkoeweuk teu ganti tèndjo, Abdoerahman kènèh baè. Lain gorèng mah, eta boekoe tèh!

Djol baè sakadang bosen ngarandjing, merelek heuaj leng baè ngalenggoet.

Tah sanès djadi mamala ari kitoe? Naha teu matak maèhan kana bibit resep matja tèa. Mangkaning èta anoe bakal kapapas kitoe tèh aja di boedak; lain toeloej engkèna matak djedjerih koe matja, da tadi ogè toeloej hèès geuning? Noe mawi ajeuna di Soenda mah aja basa: „*lamoen hajang toendoeh koedoe matja*"!

Dibalik lemah tèh saenjana, da bibit tadi kairik koe bosen.

Atoeh koema teu deuk bosen da:

a. Noe dibatja èta kènèh èta kènèh.
b. Ana brèh tèh boekoena geus *baoe toetoet* roebat-rabèt, sakapeung mah, da geus aja windoena.
c. Eusina gambarna basana teu djadi panghoedang kana karesep boedak.
d. Anoe ngadjarkeunana sagala doedoekdadak.

Tah dina bagian c. koe koering rèk rada dipandjangkeun tjarita tèh, nja èta woedjoedna boekoe batjaan noe ngaroeksak kana kamadjoean, noe sok radjeun djadi hama.

Boekoe batjaan di sakola tèh koe sadaja ogè parantos kaoeninga koedoe anoe soeroep kana njawana baroedak, anoe ninggang djeung merenah.

Rèa anoe ngarawoe koe sikoe, boekoe batjaan ajeuna mah ngabaroeng djeung bibliotheek tèa, kitoe tèa kieu tèa, tapi ari tjeuk koering mah salah, lamoen dirampid-rampid mah, matak njamos doeanana.



III 404.5.6
498

Oktober-Desember1924.max

Anoe koemaha ari batjaan baroedak?
Ringkesna baè:

1. Basana koedoe basa boedak, ning- ng kana loeangna, oelah sina kokolot begog.

2. Tjaritana koedoe tjarita boedak ja, oelah kira-kira.

3. Gambarna koedoe aloes, boekoena koedoe aloes.

Perkara basana dina boekoe batjaan ajeuna rèa naker anoe teu ninggang, komo salinan tina basa Walanda mah. Rèa omo- an djidjieunan, miroetjaan mèrè tjonto gorèng ka boedak, njoerat-njarèt mawa asab, nja èta sok katarik koe basa Wa- da tèa, koe salah tèa dj.s.t. mangkaning boedak mah boedak kapan, ari hadèna oedoe sina nèndjo ngadèngè ngarasa noe lè, sina napel dina hatèna.

ari ieu dibèrè (ditjontoan) parab *sali- an,* atoeh tangtoe bakal djadi boedak nan.

jaritana koedoe enja anoe geus karasa arandapan atawa aja babandinganana di- lampahna oelah oedjoeg oedjoeg sina antoer, dibawa ka awang-awang.

Boekoe Soenda ogè geus aja anoe soe- ka noe pimatjaeun saperti Roesdi ng Misnem, ninggang ogè kana aloes, ja èta batjaeun moerid sakola dèsa sakola II. Ari Pepetètan keur sakola H. I. S. t pisan oepami pahili tempat.

Teu soeroep lamoen Roesdi djeung Mis- di H. I. S. pepetètan di sakola dèsa, in pipernaheunana.

Dina èlmoe ngadjar disebatkeun jèn oedoelna pangadjaran matja tèh:

1 Koe pangaroeh eusina boekoe ba- aan boedak tèh sina djembar kalemesan edina, sing kaboeka akalna ninggang di ona ati noe bener.

2. Koe pangaroehna basa tina boekoe tjaan sing tambah loeangna djeung ka- haran basana.

3. Lantaran pangaroeh ka 1 sareng ka oedak tèh koedoe kahoedang kahajangna bogoh matja, sing tepi ka engkè di- geus kaloear ti sakola katagihan koe tja, anoe djadi roekoen hiroep.

Sa r anoe palinter, soegri anoe aja mi- unang pangadjaran matja anoe ninggang di enja, èta saroea djeung nampa panghibatan koentji emas anoe mandjing kana lawang sakètèng, pamoeka gapoerana kadjembaran. Saha-saha anoe bisa meta- keun èta koentji bakal pinareng pendak sareng pependeman, sarta meunang bagdja nampa woelangna boedjangga, miboga pa- lajangan anoe henteu keuna koe katiga.

Demi anoe bisa matja teu kahoedang kahajangna, ibarat boga tanah moebah teu digarap.

Djelema anoe resep kana matja, bakal djembar kabogana, hiroep loebak-liboek moal ngeueung katoengkoel ngalamoen.

Djadi dina pangadjaran matja tèh ma- raban njawana boedak, tina koedoe masing tepi ka beukahna.

Koemaha ari pangadjaran matja di sa- kola ajeuna, naha njoemponan kana pa- mènta anoe bieu?

Oepami oerang sareng sadajana oesaha, sangkan pangadjaran matja ninggang di- enjana, manawi Balè Poestaka sareng toe- kang boekoe anoe lian, anoe boga maksoed maraban njawana bangsa oerang, kawas bakal tambah longsong loempatna, hasil leuwih ti ajeuna.

Malikan perkawis boekoe batjaan di sa- kola, ngarah leuwih hasil piboeaheunana, koering gadoeh panoehoen, soepaja oelah dipatok boekoena anoe kedah dianggo di- samikeun di oenggal sakola, tapi goeroe sina marilih koe manèh mana anoe soeroep kana timbanganana.

Anoe ngatoer sakadar aja koemisi, me- renahkeun di kelas sabaraha pininggi- ngeunana hidji-hidjina boekoe tèa. Emoe- tan koering mah geus teu meudjeuhna makè koedoe dialas ti Depot, keun baè goeroe sina mareuli koe manèh, asal disa- jagikeun doeitna.

Koe djalan ieu, timbangan koering mah, bakal tambah kamadjoeanana pangadjaran matja.

---

Katrangan tina perkawis bagian panga- djaran basa anoe sanès, sapertos: ngarang, ngadongèng, dj. s. t. koe djisim koering moal ditjarioskeun di dieu.

---

III no 4.5.6 

494

Nalika sasarengan sareng Soenan Koening, R. M. Said dipaparin djenengan Prangwedono, èta ogè oerang tiasa ngaenjakeun, nja èta reh dina babad anoe ngawoengkoel njarioskeun karaman Tjina tèa, salamina djenenganana disebat Prangwadono. (2). Pikeun nangtoskeun waktoena iraha R. M. Soerjokoesoemo didjoengdjoengna kana Pangeran Prangwadono, oerang kedah mapaj titi-mangsa ieu: Ping 1 Juli 1742 **Soenan Koening** ngalindih Kartasoera. Dina sasih December taoen èta kènèh, andjeunna kapaksa moendoer ngantoen deui èta dajeuh, sarta dina sasih April taoen 1743 linggih di Mataram.

Ari èta R. M. Soerjokoesoemo didjadikeunana senapati koe Soenan Koening, sarta dipaparin djenengan katoet gelaran Pangeran Prangwadana, kinten kinten dina wiwitan taoen 1743.

Ari dibabarkeunana dina dinten Ahad Legi 4 Rewah, Djimakir taoen 1650 (4), leresan Ahad Legi 7 April 1726.

Djadi harita P. Prangwedono tèh teu atjan joeswa 17 taoen. Nanging parantos tabah kana djadi perdjoerit. (5)

Pikeun mertélakeun waktoena P. Prangwadono nampi djenengan Mangkoenagoro oerang kedah mapaj raratan ieu:

Soenan Koening saparantos baladna sèèp, dina sasih Oktober taoen 1743, di Soerabaja masrahkeun salira ka Koempini (6), nja ti wangkid harita deui toetoepna perang Tjina Djawa tèh.

Sabot aja hoeroe hara Tjina ngaranan tèa, Pangeran Mangkoeboemi ogè lolos ti karaton ladjeng njalindoeng ka Koempeni.

Saparantos rèngsè perang Pangèran Mangkoeboemi moelih deui ka karaton, sarta teu lami koe Sinoehoen ditimbalan ngaroeroeg ka Sokawati anoe harita aja dina kakawasaan R. M. Said. Pangeran Mangkoeboemi oenggoel perangna, Sokawati iasa kadjabel (7).

Noemoetkeun Babad Panambangan sakoemaha tadi di loehoer parantos ditjarioskeun, P. Prangwadono nampina kakasih Mangkoenegoro tèh, saparantosna misah ti Soenan Koening, eukeurna linggih di Sokawati, samèméh angkat ngantoen èta tempat koe pangroeroegna P. Mangkoeboemi tèa, djadi koe oerang tiasa dikandaan antara 1743 sareng 1744, kèngingna èta djenengan tèh. Dina serat toean v. Imhoff 31 December 1744 mah geus kaoengel nganggo djenengan Mangkoenagoro (8).

Ari djoedjoeloek Soeltan Adiprakoso anoe tadi dipondokkeun henteu diterangkeun, eta tjariosanana aja kaoengel dina Babad Panambangan, diagemna koe P. Mangkoenagoro, nja èta samèméh P. Mangkoeboemi nilar karaton. (Ari peperangan Djawa ka tiloe kalina tèa ngawitana dina taoen 1746). P. Mangkoeboemi ladjeng ngahidji sareng P. Mangkoenagoro.

Ieu katrangan kasaksi koe eusina boekoe lalakon èta perang, anoe didamelna ditalingakeun koe Kangdjeng Soeltan Hamangkoeboewono ka I, djadi koe P. Mangkoeboemi koe andjeun. Dina èta boekoe kaoengel jèn P. Mangkoeboemi, saparantos lolos ti Soerakarta ladjeng njeratan ka P. Mangkoenagoro, anoe harita linggihna di Panambangan, nganggo gelaran Soesoehoenan (sanès Soeltan) Adiprakoso (9).

Hal tjarios kèngingna gelaran Pangèran Adipati Mangkoenegoro koe P. Mangkoeboemi ogè ditjarioskeun, sakoemaha anoe ringkesna tadi parantos kaoengel, jèn èta tèh kadjadianana dina sateu-atjanna P. Mangkoeboemi djoemeneng Soeltan, djadi samèmèh ping 11 December 1749 (10).

Nalika andjeunna masrahkeun salira dina ping 17 Maart 1757, kalawan pamoen-

2) Tingali Babad Petjina (kaloearan V. Dorp & Co. Samarang 1874); Vreede, Catalogus van de Jav. en Mad. hss. der Ledsche Universiteitsbibliotheek, katja, 79; gl ook Poonsen Mangkubumi, Ngajogijakarta's eerte Sultan (naar aanleiding van een Jav. hs.) in de B. K. I. VI 1 p. 231.

3) De Jonge, De opkomst van het Nederl. gezag enz. IX katja 418, 420, 422, sareng 426.

4) Babad Panambangan katja 23. Titi-mangsana sanès moeng tjotjog sareng tanggal dina taoen Masèhi baè, nanging keteroesan deui koe taksiran oerang Eropa harita kana joeswana Mangkoenagara Sapertos dikinten joeswa 56 taoen dina taoen 1780, dina taoen 1787 ditaksir 63 tahoen. (de Jonge, o.a. XI katja 406 sareng XII katja 88) lantaran ien kedah èmoet jen taoen Arab-Djawa nja éta taoen boelan, langkoeng pondok manan taoen Masèhi.

5) Vgl. Louw, o. c. p. 17.

6) De Jonge IX katja 432.

7) De Jonge X p. XL sareng Veth, Java, enz 2e druk, II katja 165.

8) De Jonge X katja 85.

9) De Jonge X p. XLI, noot I.

10) De Jonge X katja 158.



450

Oktober-Desember1924.max

# Ngadjembaran basa Soenda Bandoeng.
## Pikiran Mangoen di Karla Djatiwangi.

Anoe disebat basa hiroep teh, tĕgĕsna basa bisa ngadjembaran, bisa ngadjengkaran, bisa woewoeh kĕtjap-kĕtjapna. Sawangsoelna, bisa ogè ngoĕrangan (leungit), teu dipake deui, djadi taja bedana sarĕng sasatoan atanapi djĕlĕma.

Hĕnteu kirang-kirang kĕtjap, anoĕ ajeuna koe oerang teu dipake deui ngomong, babakoena pisan asal kĕtjapna.

Nanging di sawarèh tĕmpat masih keneh dipake. Eta djadi tawis ogè jèn eta kĕtjap tèh tadina mah di oerang oge aja. Doeka koemaha lantaranana, noe matak eta kĕtap leungit (minangka paèh) doeka lantaran diganti koe kĕtjap sanès, doeka lantaran teu aja pĕrloena (teu dipakè oenggal poè). Atanapi kĕtjap anoe sami sarĕng basa sanès, anoĕ dina basa eta teu dipake asal kĕtjapna. Tjindĕkna meureun aja roepi-roepi margina, noe mawi djadi leungit.

Dĕmi ngadjĕmbaranana basa mah parantos tétéla pisan, jén koe lantaran tjatjampoeran.

Nagara anoe di sisi basisir, tangtos basana moal bisa bĕrsih, lantaran ka dinja teh rea djalma mantja nagara anoe daratang, babakoena anoe ngadon dagang, nja eta anoe ngadjadikeun baster basa teh.

Basa Bandoeng, baheulana mah samemeh aja djalan kareta api anoe ngaliwatan Tanah Priangan, tangtos basa anoe pangbĕrĕsih-bĕrĕsihna, bae lantaran Bandoeng teh aja di tengah-tengah. Tanah Priangan, tĕbih ka mana-mana. Koe hal eta baheula mah, meureun moal pati aja djĕlĕma ti sédjén nagara anoe ngoembara ka Bandoeng; noe matak basa Bandoeng disebat basa Soenda anoe pangsaena, lantaran pang bĕrsih-bĕrsihna, teu sakoemaha reana katjampoeranana koe basa-basa sedjen. Doegika diangkĕn basa officiel dianggo di sakola.

Waktos harita basa Soenda Bandoeng teh tasih miskin, atjan sakoemaha beungharna tjara ajeuna, nanging bĕrsih. Dĕmi noe matak miskin, djalaran rèa basa anoe teu dipakè tea, ari tambahna teu aja.

Dĕmi ajeuna, sanggeus aja kareta api dajeuh Bandoeng beuki rame, koempoel boeniaga ti mana-mendi, daratang roepa-roepa bangsa, anoe moekim di dinja.

Koe djalaran kitoe, parantos teu sak deui, jen basa Soenda Bandoeng teh ajeuna mah seueur tjampoeranana basa sanes, boh dina ngaran barang-barang boh pagawean atanapi noe sanes-sanesna deui, djadi tangtos eta basa teh kirang bersih.

Sanes basa anoe dianggo sasaoeran baè (spreektaal) nanging basa boekoe oge tangtos kirang bĕrsih, bae margi katjampoeran basa-basa sanés tea.

Tambahna eta basa, koe oerang teu karaos, soemawonna koe anoe njitjingan dina eta tempat (di Bandoeng).

Tiasa kaoeninga jen basa Soenda Bandoeng teh tambah, oepama dibanding sarĕng boekoe-boekoe baheula, atanapi oepama oerang ngoepingkeun sĕpoeh anoe keur sasaoeran.

Aja ogè anoe tiasa nerangkeun tambahna basa Bandoeng, nja eta djĕlĕma anoe kapĕngkĕr aja di Bandoeng, ajeuna geus lila aja di nagara sanès, anoe tara oenggal tahoen njaba ka Bandoeng.

Djisim koering parantos gĕnĕp likoer tahoen ninggalkeun kota Bandoeng, oe, ami ajeuna madjik deui di Bandoeng, watĕs 4—5 boelan tangtos tiasa nĕrangkeun tambahna.

Djabi ti koe lantaran tjampoer djeung bangsa-bangsa sedjen, tambahna basa teh aja deui, nja eta koe lantaran diraéh koe oerang pribadi, babakoena dina ngadamĕl basa lĕmĕs, awahing koe hajang lĕmĕs, sanadjan iwal tina biasa nja dianggo baé; atanapi ngadamĕl basa panĕngah (anoe ĕmboeng ngahandapkeun teuing dirina).

Nĕrĕkabna kĕtjap, djadi ngadjembaranana basa. Eta koe oerang teu tiasa ditjĕgah, sanadjan matak kotor kana basa Soenda, koe lantaran hiroepna basa teh koe geraking djĕlĕma. Basa bisa paèh, oepami bangsa anoe maké eta basa teh parantos moesna, tjara basa Latjin, basa Grick sarĕng basa Sangsĕkĕrta.



III no 4 5.6

495

Oktober-Desember1924.max

Saé-awonna ngadjĕmbaran basa.

Naha ngadjĕmbaran basa téh kalĕbĕt awon, atanapi saé?

Mangga oerang wintjik sangkan kapĕndak galoerna.

Dina karangan-karangan boekoe, anoe disĕbat saé teh, djabi ti entep-seureuhna, nja eta bĕrsihna basana (teu réa tjampoeranana sarĕng basa sanés). Boekoe anoe karanganana kitoe anoe kaètang saé. Tĕgĕsna toelen basana.

Oepami ningal kana eta atoeran, tetela pisan, jén nambahan basa koe basa sanes teh, jaktosna mah kirang saé, atanapi sama sakali teu saé, (awon).

Dĕmi kaawonanana, njaeta ngadjadikeun roeksakna basa. Oepami basa Soenda ditjampoeran basa: Arab, Tjina, Djawa, Walanda, Inggris sarĕng lian ti eta, tangtos ĕngkena teh sanes djadi basa Soenda, meureun djadi basa tjampoeran (basa Mandĕpoen), leungit djinisna basa Soenda, timboel basa-basa sedjen tea, naon pingaraneunana oepami doegi ka kitoe?!

Tina eta, dina emoetan djisim koering, ngadjĕmbaran basa Soenda koe sanes-sanes basa teh, kirang saéna, djalaran ngarisak kana basa Soenda.

Mĕnggah ajeuna ogè basa Soenda teh parantos risak, nanging teu sakoemaha risakna, da moeng basa noe dianggo sasaoeran baé (spreektaal) ari basa boekoe mah tasih keneh kaetang bersih koe margi aja saringanana téa, nja satiasa-tiasa kĕdah didjagi sangkan basa Soenda Bandoeng teh oelah kotor teuing. Dĕmi basa pasar mah (basa anoe dianggo sasaoeran sadidintĕn atanapi spreektaal tea), teu tiasa didjagi, nja kĕdah diantĕp sakarĕp-karĕpna bae, da sanaos matak awon kana basa atoeh koemaha da teu aja anoe tiasa magĕrna.

Moeng panoehoen djisim koering, ari mĕnggah anoe terpeladjar mah, anoe njaah kana titilar sĕpah, soepados basa Soenda Bandoeng tĕh oelah roesak, sanadjan basa anoe dianggo sasaoeran (spreektaal) oge, saijasa-ijasa, moegi sami kĕrsa ngadjagi, kĕrsa magĕr sangkan oelah seueur teuing basa anoe njampoeran basa Soenda Bandoeng, oelah iloebioeng sarĕng anoe seueur. (Sakenging-kenging oelah sok noeroetan nganggo basa anjar, anoe hĕnteu aja pĕrloena, atanapi anoe aja pikĕtjapeunana dina basa Soenda Bandoeng). Oepami sami kĕrsa kitoe, samioek, rĕmpoeg-djoekoeng, mokaha basa Bandoeng teh moal sakoemaha risakna.

Naha pĕrloe basa Soenda Bandoeng didjĕmbarkeun deui?

Di loehoer parantos ditĕrangkeun, jen ngadjĕmbaran basa teh teu saé matak risak kana basa; dĕmi ajeuna aja deui panarosan anoe oengĕlna kitoe. Koe emoetan djisim koering, anoe mawi kaloear panarosan kitoe teh kantĕnan aja maksadna.

Mangga oerang tjoektjroek, malah mandar kapĕndak pikarĕpeunana.

Keur koe pangintĕn djisim koering, mĕnggahing basa anoe hiroep keneh mah, moal aja noe toelen bersih; kĕdah baé aja noe njampoeran, sanadjan basa anoe sakoemaha beungharna, anoe sakoemaha tjĕkap na oge, koe margi djĕlĕma teh hiroepna tjampoer gaoel, hĕnteu tĕtĕp hiroep ngagolong sabangsana baè. Koe lantaran anoe boga (noe make) eta basa tjampoer sarĕng sanes-sanes bangsa, kantĕnan pisan basana oge aja katjampoeran basa sanes tea. Moeng baé tjampoeranana teh kantĕnan moal sami seueurna; aja noe seueur aja anoe ngan sakĕtjap doea baé, noeroetkun beunghar miskinna basana, atanapi beunghar miskinna nagarana.

Di nagara anoe asalna sagala teu aja, tangtos di dinja seueur basa semah, babakoena ngaran barang-barang atanapi padamĕlan.

Koe margi éta, dina emoetan djisim koering, naon pambĕnganana oepami basa Soenda Bandoeng didjĕmbarkeun deui?

Para djoeragan anoe karĕmpĕl didieu, kantĕnan pisan enggal baé ngatjoengkeun rema, nawiskeun moendoet sasaoeran badé ngadĕbat; koe margi tadi oge di loehoer djisim koering pribados anoe njĕbatkeun kaawonanana ngadjĕmbaran basa, dĕmi ajeuna, djisim koering pribados deui anoe njĕbatkeun (toemaros) naon pambĕngana-

III no 4-5-6



496

na oepami basa Soenda Bandoeng didjĕmbarkeun deui. Atoeh kantoen kĕtrok bae nakol tarang.

Alon napsoe djoeragan-djoeragan moegi masing sabar, ke oerang tĕraskeun!!

Sanaos dipoengkiran sapoeloeh kali moengkir, teu roemaos jen basa Soenda Bandoeng miskin, kantĕnan seueur anoe teu pĕrtjantĕn.

Sanggĕm paripaos tea mah totopong heureut dibeberkeun, ti batan roebak mah anggoer soéh.

Basa Soenda Bandoeng teh miskin, soemawontĕn koe kenging dianggo pikeun nĕrangkeun elmoe-elmoe anoe laloehoer, (techtnische termen), sariga dianggo baris nĕrangkeun elmoe basa (gramatica) aja keneh kakiranganana.

Geura mangga manahan, naon ari asal kĕtjapna mandi, njatoe? Koe basa Soenda Bandoeng mah teu tiasa kaoedag katranganana, koe margi asal kĕtjapna teh parantos teu dianggo deui; mandi ngan dikintĕn-kintĕn baé asal tina pandi; njatoe soegan tina satoe atawa tina tjatoe.

Tah tetela pisan kamiskinanana basa Soenda Bandoeng teh, doegi ka teu tiasa nĕrangkeun elmoe basana.

Sanes basa Soenda Bandoeng baé anoe miskin teh, nanging saantero basa Soenda kaetang miskin.

Mangga manahan, basa lĕmes meh sadaja njĕta tina basa Djawa, dalah panjĕtana tea seueur anoe lĕpat, oepami: boelan lĕmĕsna sasih, niroe ti basa Djawa; pada hal *sasi* teh dina basa Djawa mah basa ngoko (kasar).

Aja deui anoe lĕpat pisan, meureun pedah mempĕr-mempĕr sorana dikira basa lĕmĕsna tina eta, nja eta ramo lĕmĕsna rema; ijeu oge noeroen ti basa Djawa, nanging dina basa Djawa mah rema teh basa krama inggil (basa loehoer) tina ramboet.

Djabi ti eta seueur-seueur deui.

Ajeuna mah kantĕnan parantos tetela pisan, moal aja anoe teu toemarima, jen basa Soenda teh miskin. Basa Soenda Bandoeng oge nja sami baé.

Koemaha oerang teh rek tjitjing baé moal ichtiar???

Saoer para sĕpoeh: „Oepama maneh teu bisa atawa teu njaho, koedoe nanja ka noe bisa atawa ka noe njaho; oelah sok era nanja, matak djadi djalma bodo; oepama maneh teu boga, menta ka noe beunghar!"

Oepama ngemoetkeun kana saoer sĕpoeh kitoe, oerang teh wadjib ichtiar baris ngadjĕmbaran basa oerang (basa Soenda). Soemawontĕn basa anoe dianggap basa Negri, (Soenda Bandoeng) anoe diadjarkeun disakola-sakola, eta anoe langkoeng wadjib didjĕmbaran soepaja djadi basa anoe beunghar, sahenteuna beunghar oge nja soegan kaetang-etang tjĕkap baé.

Kĕtjap-kĕtjap anoe koemaha, sarĕng ti basa mana noe dibantoen baris ngadjĕmbaran Soenda Bandoeng?

Moegi hĕnteu djadi ewĕding panggalih sadaja, wirehing tadi di loehoer djisim koering parantos njĕbatkeun jen kirang saé, nambahan basa teh, matak risak kana basa: dĕmi ajeuna bĕt hojong nambahan basa Soenda Bandoeng sangkan djadi beunghar. Meureun koe sadaja disebat tjoelang-tjaling, teu adjĕg pikiranana. (ngimpi).

Moegi djadi kaoeningaan sadajana, tadi ti pajoen sajaktosna djisim koering njanggĕm teh atjan sampoerna, atjan aja katrangan, koe margi katranganana teh njamboeng sarĕng noe ajeuna.

Nambahan basa Soenda koe kĕtjap-kĕtjap basa sanes, jaktos pisan kirang saé; sanes kirang deui, malah teu saé pisan, oepami matak ngariksak kana basa Soenda, toer teu aja kapĕrloeanana; nambahan teh ngan koe lantaran hojong ginding, hojong disĕbat pinter, ngartos kana roepa-roepa basa. Pada hal dina basa Soenda oge, kĕtjap noe kitoe hartina teh aja. Sapĕrtos kasĕbat dina Woelang Poetra karangan Soewargi R. H. Moehamad Moesa, kieu oengĕlna.

„Tina kareaan basa, toengtoengna djadi pabeulit, kalampah djaman ajeuna sok rea djalma tjirigih, magah ngomong Batawi njĕboet anĕm poeloeh tiloe, hĕnteu roemasa



Oktober-Desember1924.max

salah, tĕtĕp bae goendang-ginding, ana ngomong Malajoe make sajah mah."

Oepami basa Soenda ditjampoeran kitoe, naha kintĕn-kintĕnna saé?

Tah nambahan kĕtjap anoe kitoe anoe sim koering teu rĕmpag teh, da eta mah sanes nambahan, tapi ngaganti kĕtjap basa Soenda, koe basa sanes, sapertos: *pikeun* digĕntos koe ***boeat.***

„Ieu mah lain boeat koering soerat teh boeat mang Lamsidjan!"

Digawé digĕntos koe kerdja.

„Si eta mah biasana oge kerdja di Walanda, moal daekeun kerdja di bangsa oerang mah". s. s.

Oepami pikeun mamanis baé mah sakĕtjap doea kĕtjap, (kitoe oge dina spreektaal) nja teu djadi pambĕngan sapĕrtos anoe djadi babakoe kĕtjap gaganti ngaran: sajah, ik, jij.

Tah ngagĕntos kĕtjap anoe sim koering teu rĕmpag teh, da sajaktosna mah sanes ngadjembaran eta mah, moeng ngagĕntos bangoen.

Dĕmi anoe dipimaksad koe sim koering, ngadjĕmbaran basa teh sanes ngagentos, nanging nambahan kĕtjap-kĕtjapna, anoe teu aja dina basa Soenda, soepaja basa Soenda djadi sampoerna, kenging dianggo njarioskeun elmoe-elmoe noe loehoer-loehoer.

Oepami kitoe mah, sanaos basa Soenda hĕnteu bĕrsih (teu tjĕre Soendana, teu toelen) nanging teu matak djadi kaawonan, djalaran aja kapĕrloeanana.

Tina hal ieu sim koering teu rek njarios langkoeng pandjang ti ieu, anoe badé ditjarioskeun teh hal ngadjembaran basa Soenda Bandoeng koe basa-basa Soenda ti sanes-sanes tĕmpat.

Di loehoer parantos ditjarioskeun, jen basa Soenda Bandoeng teh ajeuna mah parantos katjampoeran koe basa-basa sanes (Walanda, Djawa, Tjina, Malajoe sarĕng sanes-sanes deui), parandene kitoe Soenda Bandoeng teh tasih keneh seueur kakiranganana.

Madak roedjoek kana manah sadaja, mangga oerang woewoehan kĕtjap-kĕtjapna, sangkan bisa djadi tjĕkap.

Doepi ngawoewoehanana, samemeh koe basa semah (Walanda, Tjina, Arab, Portĕgĕs, Inggris s.s.s.) langkoeng saé koe basa tatangga (Soenda Bantĕn, Bogor, Poerwakarta, Madjalĕngka, Koeningan, sarĕng basa-basa Soenda di Priangan iwal ti Bandoeng; tĕbih-tĕbihna koe basa Djawa.

Pangĕusi Bandoeng, kantĕnan sami ngaraos kirang sĕnang, ngoeping basana badé ditjampoeran koe basa Soenda ti sanes-sanes tĕmpat, koe margi basa Bandoeng teh parantos kasĕbat basa saé didamĕl basa officiel, anoe Soenda anoe sanes-sanes mah basa awon, komo ari Soenda Bantĕn mah, pang awon-awonna, pamojokan sarerea.

Nanging, panoenoehoen pisan, moegi sadaja oelah lingsĕm, da sanaos basa Bandoeng saé ogé, nanging kirang pĕpĕk, ajeuna mangga oerang pĕpĕkan, soepados woewoeh saena.

Sarĕng panoenoehoen pisan, moegi oelah karagoengan manah jĕn basa basa Soenda loear Tanah Pringan teh awon, teu kalĕbĕt kana basa Soenda. Pikeun sabeuleugeun djeurna mah (saanterona) tangtos awonna teh; nanging seueur pisan kĕtjap-kĕtjap anoe basa Soenda toelen, anoe teu aja di basa Soenda Bandoeng. Djadi oepami eta kĕtjap dilĕbĕtkeun kana Soenda Bandoeng, hĕnteu njemah.

Mangga manahan, mĕnding mana basa Soenda Bandoeng ditjampoeran koe basa Malajoe, Djawa, Walanda, Portĕgĕs, Hispania s.s.s. atanapi koe basa Soenda: Banten, Bogor, Krawang, Madjalĕngka Koeningan, anoe kaetang kĕtjap Soenda???

Rasa sim koering mah mĕnding ditjampoeran koe kĕtjap-kĕtjap Soenda tea, tangtos bisa dalit tjampoerna, moal tjara bangsal tjampoer djeung beas; kadjawi ti eta moal dianggo tjitjiren kana kaajaanana bangsa Soenda.

Oepama dimanah saliwat mah, nja mokaha, moal matak ngadjadikeun naon-naon, pilakadar ge kĕtjap.

Nanging oepami dimanah tĕmĕn-tĕmĕn, dilĕnjĕpan, nja matak toegĕnah pisan. Eta kaajaan kitoe teh, kawistarana koe bangsa sanes, anoe noekma ka bangsa Soenda, kirang katĕrang, nja matak lingsĕm tea ka karoehoen oerang.



TII no 4 5-6
498

Oktober-Desember1924.max

Geura mangga reungeukeun, sim koering bade nĕrangkeun hidji tjonto, anoe matak teu raos ka oerang koe panoekmana noe sanes.

Dina basa Soenda Bandoeng, aja kĕtjap pisang goreng; eta kĕtjap toelen kĕtjap Malajoe, anoe dina basa Soenda Bandoeng hĕnteu aja kĕtjapna, (kĕtjap basa Soenda, anoe dipake ngaranan kana eta barang).

Panoekmana noe sanes, nĕrangkeun jen oerang Bandoeng baheulana teu aja anoe tĕrang (soemawonna bisa njieunna) kana eta barang, boektina dina basa Soenda Bandoeng teu aja ngaranna; tetela pisan jen eta teh beunang njonto ti oerang Batawi.

Koe panoekma kitoe, asa lingsem pisan, karoehoen oerang dikikitoe, ngan sirikna teu disĕboet taja kabisa baé. Djaba ti kitoe teh meureun disĕboet deui teu ngarti basa Batawi (Malajoe), nĕpi ka teu njaho naon ari hartina *pisang*. Toekmaan anoe eta mah langkoeng-langkoeng matak ngĕnĕsna teh.

Anoe ngaroeping kantĕnan seueur anoe njĕla: „Sageuj teu njaho kana hartina pisang onaman".

Djĕlĕma-djĕlĕma djaman ajeuna mah kantĕnan pisan moal bireuk kana pisang, nanging ari djĕlĕma-djĕlĕma baheula mah nja estoe teu tĕrangna teh. Tawisna tasih keneh aja anoe njĕbat: pisang goreng peujeum sampeu, pisang goreng taleus, malah aja noe njĕbat: pisang goreng tjaoe sale. Oepami tĕrangeun kana hartosna pisang = tjaoe, mah, asa sageuj njĕbat: pisang goreng peujeum sampeu teh!!!

Dĕmi kahartosna teh, soegan eta barang anoe kitoe (koeweh anoe diasakkeunana kitoe), geus boga ngaran pisang goreng, hĕnteu aja sangka kana tjaoe digoreng mah.

Tah koe lantaran basa sakĕtjap, ngadatangkeun doea roepa ka'aéban ka oerang Soenda.

Dĕmi asalna, noe matak di Soenda aja kĕtjap pisang goreng, beunang njĕta (ngadenge) ti oerang Batawi.

Ajeuna parantos tetela pisan kakirang saéanana teh, nja eta:

a. kakirangan basa, nĕpi ka teu aja pibasaeunana baris ngaranan barang anoe saroepa kitoe.

b. kakirangan kabisa (panjangka noe lian) nĕpi ka oerang Soenda mah (baheula, karoehoen oerang) teu bisa njieun koewéh noe kitoe-kitoe atjan.

c. kakoerangan pangarti, nĕpi ka teu bisa basa Malajoe-Malajoe atjan.

Tina eta, dina emoetan sim koering baris mindingan kakiranganana karoehoen oerang, langkoeng sae eta kĕtjap anoe kitoe teh dileungitkeun (oelah dianggo deui) digĕntos koe kĕtjap basa Soenda.

Sanes moeng matak lingsĕm ka karoehoen oerang bae, tapi ka oerang oge nja aja matakna. Geura mangga oerang derah.

Menak-menak loear Tanah Priangan mah (loear dajeuh Bandoeng), oepama ngoepingkeun oerang Bandoeng ngaromong, sadajana oge ngartoseun, koe margi basa Bandoeng teh diadjarkeun di sakola. Sanes menakna baé, nanging somahanana oge anoe sarakola mah nja ngartieun, sarta bisa ngomong Soenda Bandoeng.

Koemaha ari oerang Bandoeng, (anoe tara liar), oepama ngoeping omong Bantĕn, Krawang, Koeningan, s.s.s. rea anoe olohok baé teu ngartoseun. Koemaha eta teh teu ngaraos toena?

Koe margi eta dina emoetan sim koering perloe pisan oerang teh ngoempoelkeun kĕtjap-kĕtjap Soenda, anoe teu aja dina basa Soenda Bandoeng soepados:

a. Basa Soenda Bandoeng djadi basa Soenda anoe tjĕkap.

b. Pengeusina tiasa tĕrang kana basa-basa Soenda di sanes tĕmpat.

c. Oerang sanes-sanes tĕmpat oge djadi oentoeng.

Oepami kitoe mah basa Soenda teh tangtoe djadi basa Tanah Pasoendan (sanadjan aja dialect ogé moal sakoemaha bentenna).

Dĕmi menggahing ajeuna mah aja dialect anoe sama sakali teu kahartos koe djelema-djelema di tĕmpat sanes.

Mangga ieu aos dialect Loerahgoeng, koemaha hartosna.

*Kinanti.*

Tjĕlĕm boled make koeloer,
Ditjampoeran mĕndong kĕding,



404-5-6

499

Oktober-Desember1924.max

Didadar karo roebiah,
Dina handapeun pělěnding,
Tas ngareungkeup wantji asar,
Kagila-gila koe tiris.

Keur pangintěn sim koering, rea oerang těmpat sanes anoe teu ngartos meueus-meueus atjan kana eta těmbang těh.

Koe lantaran, salah tampa, teu ngarti kana basana, rea noe pasea.

Aja tjarios kieu:

Kinten-kinten 20 tahoen kapěngkěr di iskola menak Bandoeng, aja doea moerid, oerang Bandoeng pitoewin sarěng oerang Koeningan, papadon paaloes-aloes basa.

Nja tangtos pisan oerang Koeningan anoe kawon; sanggeus kawon teh bari ngaleos ngomong kieu:

„Wah, kadjeun teuing, aloes basana oge da djěnoek moengkal!"

Koe lantaran teu ngarti kana kalimah djěnoek moengkal, ngan pidigdig baé moerid Bandoeng teh ngamběk anoe antěp kadaék tea. Sabab dina ingětanana tangtos ěta basa goreng, sakoerang-koerangna = anak djadah.

Tah oepami kadjadian kitoe, naha teu lingsěm???

Ngawangsoelan tjarios di loehoer, pěrkawis pisang goreng.

Di Bantěn mah koeéh anoe kitoe teh (hidji barang ditjampoerkeun kana tipoeng beunang ninjoeh, ladjeng digoreng) aja ngaranna nja eta gogodoh.

Oepami tjaoe, anoe digalokeun kana tipoeng teh ladjěng digoreng, ngaranna: gogodoh tjaoe; oepami taleus, hoei, peujeum sampeu s.s.s. ngaranna: gogodoh taleus, gogodoh hoei, gogodoh peujeum sampeu, s.s.s.

Dina emoetan sim koering, prajogi pisan kětjap pisang goreng teh oelah dianggo deui, digěntos koe: gogodoh baé.

Sim koering oge ngartos, sarěng parantos katjipta, jen moal aja anoe rěmpag, djalaran seueur keneh oerang Bandoeng anoe nginten, jen basa Bantěn teh Soenda anoe pangawon-awonna, pangkasar-kasarna; malah aja oge noe njěbat sanes basa Soenda; hěnteu lajak ditjampoer-tjampoerkeun djeung basa Bandoeng.

Djisim koering hěnteu moengkir, jaktos pisan basa Soenda Bantěn teh kasar; nanging noe mawi kakoepingna kasar sanes kětjapna nja eta lěntongna, sarěng teu pati rea basa lěměsna. Ari kětjap-kětjapna mah, rea anoe Soenda toelen pisan.

Oerang Bandoeng anoe salamina ngan oeloekoetěk di Bandoeng baé mah, tara loenta ka loear, kantěnan pisan njangka jen basa Soenda Bantěn teh sanes basa Soenda.

Djisim koering pribadi anoe gadoeh eta basa, satadina mah njangka nja kitoe pisan. Nanging menggah ajeuna, sanggeus sim koering intjah ti nagara sorangan ngoembara, tiasa nětěpkeun jen basa Soenda Bantěn ogé (djaba basa semah), estoe basa Soenda.

Di bawahan onderdistrict Tjibingbin, district Loeragoeng Kaboepaten Koeningan, anoe sakitoe padjaoehna sareng Tanah Bantěn, kahalangan koe pirang-pirang nagara, pirang-pirang goenoeng, noe hidji aja ditoengtoeng koelon noe hidji deui aja di toengtoeng wetan Tanah- Pasoendan.

Parandene kitoe asana di eta doea těmpat, rea kětjap-kětjapna anoe saasal, anoe teu aja dina basa Soenda Bandoeng.

Djisim koering hěnteu ari nangtoskeun pisan mah, jen rea kětjap-kětjap anoe sami, ngan koe taksiran nja kitoe; koe margi kakara sawěngi baé sim koering mondok di desa Doekoehbadag (bawahan onderdistrict Tjibingbin), parantos ngoeping doea tiloe kětjap anoe saempěr sarěng basa Soenda Bantěn, sapertos:

Di Bantěn lodjor, di Doekoehbadag lodor, di Bandoeng pandjang. Di Bantěn tjolobong, di Doekoehdadag totobong, di Bandoeng kelěr.

Di Bantěn teteh, di Koeningan oge teteh di Bandoeng atjeuk.

Djabi ti eta tangtos seueur deui kětjap-kětjap anoe sami atanapi anoe meh sami.

Basa Soenda siring Madjalěngka oge aja anoe sami sarěng basa Soenda Bantěn, sapěrtos di Djatitoedjoeh kana nangtoeng teh nandjeur tjěples pisan tjara di Bantěn.

Ningal kana kaajaanana sapěrtos anoe parantos disěbat tadi, djisim koering hěn-



500

Oktober-Desember1924.max

teu mangmang deui baris nětěpkeun jen basa Soenda satanah Pasoendan teh tadina mah saasal.

Tina eta sangět panoehoen djisim koering, moegi sadaja oerang Bandoeng oelah ngaraos hina atanapi lingsěm, oepami basa Soenda Bandoeng ditjampoeran koe basa Soenda ti sanes-sanes těmpat di tanah Pasoendan (iwal ti Bandoeng), da poegoeh eta ogé saasal keneh.

Sakitoe panoehoen djisim koering, moegi sadaja kěrsa ngamanah, madak djadi tambah saena basa Soenda.

Djalanna ngarěkahanana (ngadjěmbaranana).

Oepami sadaja parantos rěmpag baris ngarěkahan basa Soenda Bandoeng, ajeuna soemangga oerang ngilari koemaha padjalaneunana ngarěkahanana.

Dina emoetan djisim koering, ari parantos rěmpag mah sadaja, kantěnan tiasa enggal kadjadian, nanging saratna teh kědah samioek, rěmpoeg-djoekoeng, sarěng kědah kěrsa kěrna Allah. Oepami teu kitoe mah moal tiasa kadjadian.

Děmi akalna, keur paměndak sim koering mah kieu:

Para djoeragan, di oenggal-oenggal těmpat, moegi sami kěrsa kěrna Allah, ngoempoelkeun ketjap-ketjap, anoe teu atjan aja dina woorden boek Soenda, diterangkeun hartosna sarěng nganggona sing tetela pisan, sarěng satiasa-tiasa sing loeklik pisan.

Oepami eta boekoe parantos rampoeng, ladjěng dikintoenkeun ka Djoeragan-Djoeragan Bestuur Java Instituut. Namoeng oelah tjoeltjil wawarehan ti hidji-doea těmpat baé, kědah ti oenggal těmpat di sakoeliah Tanah Pasoendan.

(Moegi masing-masing ichtiar koe andjeun baé, da basa andjeun teh bade diangkěn (dilěbětkeun) basa Soenda anoe saé. Moegi masing ngaraos bingah.

Dimana eta dialect sadaja parantos kěmpěl, ti oenggal těmpat, tangtos ngadaměl Jurij baris milih tina basa-basa sanes těmpat téa, anoe mana anoe pantěs dilěbětkeun djadi Soenda Bandoeng.

Ieu padaměla teh sanes padaměla sadintěn-doea dintěn; nanging oepami dikeureujeuh laoen-laoen tiasa hasil.

Dimana parantos rampoeng sadaja dikěmpělkeun, didaměl woordenboek Soenda, sarěng parantos dipasieup saniskantěnna koe para ahli basa (Boedjangga² Soenda, anoe palintěr), sarěng parantos disahkeun koe sadaja, eta boekoe teh sanggakeun ka Pangagoeng njoehoenkeun ditětěpkeun, sarta dibesluitan, dikědahkeun diadjarkeun di sakola-sakola Soenda.

Tah kitoe ari pamendak sim koering mah.

Kantěnan pisan di antawis para Djoeragan noe kěmpěl ieu seueur anoe kagoengan hodjah, kědah koemaha akalna ngadjěmbaran basa teh, moegi enggal kěrsa ngadadar ajeuna soepados tiasa enggal diatoer.

Disoehoenkeun ka sadajana baè moegi kěrsa ngadeudeul kana ieu maksad djisim koering, malah mandar djadi kasaean ka sadajana.

## Prae-advies Rd. Moeh. Moehji'ddin.

Neda agoeng nja paraloen,
neda lèbar pangampoera,
wiwèhing deuk koemawani,
iloe bioeng miloe midjah,
sim koering roemaos pisan,
nja oemoer nembè mantjeran,
kaweroeh nembè balèbat,
namoeng dalah dikoemaha,
koering tjoendoek dipioetoer,
loemampah nandang timbalan,
saè awonna soemangga,
njanggakeun timbang taradjoe,
bobot pangajon di andjeun,
ieu mah sabrang salajan,
lir oepami pangrewongna,
moen kebon mah makaja lahan
bolongar.

Basa boekoe-boekoe batjaeun baroedak, batjaeun kolot djeung djalma noe geus kapandjingan kapinteran tèh koedoe ngeusian papagon-papagon naon?



1104-5-6
501
Oktober-Desember1924.max

Djawab sim koering:

„Kedah ngeusian papagon-papagon, nee teu soelaja tina oengkarana sareng warna-warnaning ketjap, noe loembrah dilisankeun koe baroedak, dioetjapkeun koe kolot sareng koe djalma noe parantos kasebat palinter tea."

Manawi ladjeng baè disoesoel koe patarosan ieu: „Naha boedak teh karah ngabogaan basa sorangan?

Lain ari basa Soenda mah kitoe-kitoe kènèh baè? Lamoen enja kitoe, tjing ètjèskeun, mana noe di ngaranan basa boedak tèh?

Nja kitoe deui mana basana kolot kabiasaan tèh djeung djiga koemaha basana ari basa noe geus palalinter?

Baris njoemponan kana pamoendoet noe kasebat di loehoer, sim koering kedah ngadadarkeun heula perkawis-perkawis noe kasebat di handap ieu:

*Basa.*

Naon ari basa?

Basa tèh pakoempoelanana omongan-omongan makè parèlèan noe tangtoe (maneuh), noe doetjapkeun koe hidji bangsa.

Demi omongan nja eta pakoempoelanana ketjap-ketjap, noe diparelekeun, dientep-seureuhkeun kalawan ngandoeng *maksoed.*

Ari moenggoehing ketjap njaeta soesoenan sawatara engang, noe ngandoeng *harti.*

Demi engang didjadikeun koe hidji sora atawa leuwih, noe ngandoeng *rasa.*

Dina marelekeunana engang sina djadi ketjap diatoer koe pasinina tadi waktoe eta bangsa mimiti njarieun ketjap makè dadasar rasaning sora.

Koemaha peta-petana, koe sim koering moal didadar di dieu margi rada njimpang tina noe badè dibarempagkeun ajeuna.

Demi peta njoesoenkeunana omongan-omongan sareng ketjap-ketjap make hidji kakoeatan, noe ngatoer, noe kitoe tina RASA sareng TIMBANGAN si noe njarita.

Ari rasa djeung timbangan teh njaeta pamakajakeunana *hate* sareng *oeteuk,* atawa *boedi* sareng *akal* dina waktos harita.

Maksad noe njarita, mere terang ka noe dibawa tjarita, tina rasa sareng timba, nganana tina hal noe keur ditjatoerkeun tea.

Doepi *rasa* kawengkoe koe *adat, istiadat, tabeat, watek* sareng sabangsana ti èta, njaeta djeudjeutan tina boedi tea.

Ari timbangan mah boeah pikiran, boeah akal. Koe margi sakitoe, lamoen oerang ngadangoe hidji djalma tjoemarita atanapi matja karangan batoer, oerang sok iasa nginten-nginten adat-tabeatna sareng loehoer handapna pangaweroeh noe ngarang atanapi noe njarita tèa. Dina ieu tjonto di handap katawis doegi ka kenging digambarkeun adat-istiadana sareng rasa kana kapantesan tina hal dangdanan bangsa Soenda djaman baheula sareng djaman kiwari.

*I Djaman kabehdieunakeun.*

*Anggoan pameget.*

Dibendo totopong gadoeng, sisina diperemas, rapat tjara bendo Pangeran-Pangeran Solo, toengtoeng iket dina tarang diwiroekeun, diselapan inten sagedè katjang; badjoena kostim make tali-bandang emas; sampingna kebat didodotkeun; ditjalana boeloedroe semet toeoer, dibordèl koe benang emas, ka handapna dikaos djeung disapatoe. Keris emas sasapoetan njolègrèng dina tjangkèng, tembong saboek doea lapis, èpèk soetra pangloearna pasmen emas. Dina tjeuli raweuj soesoemping kentja katoehoe, beunggeutna diwedakan.

Geus kitoe pangantèn tèh tjlak ditoempakkeun kana koeda daragem aloes, djangkoengna 8 dim, dipajoengan koe pajoeng kadjenengan, ger ngangkat iring-iringan rek ka masigit, rek nikah tèa. *(Tina boekoe Baroeang ka noe ngarora).*

*Anggoan istri.*

Panganggo ampoeh toer timpoeh,
Kawaj paris batis ipis,
Sindjangna katjiamisan,
Dibebentèn soetra koening,
Ngalangkang lir gedang asak,

III no 4-5-6



502

Oktober-Desember1924.max

Matak oeroej noe ningali.
Disanggoel teu patiloehoer,
Ramboet seungit ti djasmani,
Wedak landong sariawan,
Soebal tongkeng djeung malati.
Dipinggel oraj-orajan,
Emas inten ting karetip.

Moen toengkoel semoe rèh mawoer,
Saroepa bèntang di langit,
Seeweng kaja kingkilaban,
Sorotna biroe djeung koening.
Panitih katoembirian,
Sinarna teu daèk tjitjing.

*Tina Rasiah noe geulis*).

*Djaman boehoen.*
*Anggoan pamegetna.*

Anggona sorot bajabon,
Dadamping toempal pajoedan,
Disaboekan tali datoe,
Meunangna djamang sakelat,
Meunang makoeta paremas,
Mengled anoe njoren doehoeng,
Gogodong rombjang kantjana.
Landean tajoeman anjar,
Sarangka sasaranggatan,
Sasamboengna tiloe poeloeh,
Tatambalan lima welas,
Tatap eloekna salawè,
Kilang kitoe teu katara,
Regana salawe joeta,
Kilang kitoe ditedoenan,
Da saë noe nganggo inja,
Pendok koneng nganggo topeng,
Ngageboer pamendak inten,
Raweujan kembang djajanti,
Lain djajanti mas kembang,
Mas pitoe meunang ngalesoe,
Mas sanga meunang ngagoebah.
Emas meunang ngaleotan,
Ngaroengkoep kana harigoe,
Ngaroembaj kana pengkerang,
Meulit kasorang kerisna,
Ipis ramping koe dadamping,
Genteng tjangkeng koe rarangken,
Langkojang awak wajangeun,
Kasep taja papadana.

*Dangdanan koedana sareng prakprakanana anoe toenggang koeda.*

Noe dangdan teu pati saë,
Diambenan tali datoe,
Apoes beuheung tjindè beureum,
Apoes boentoet tjindè woeloeng,
Tjalakatakan tjandana,
Sangga oeangna koe lojang,
Montjorong melong kantjana,
Sangwedi mas koemambang,
Pepenjoet pang njalin tingal,
Meunang katapaj koe emas,
Kadali teu pati apik,
Adag ranggahna kantjana,
Disebrakan koe kombaja,
Roengkoep tonggong tjinde abang,
Geus entep reudjeung parele,
Ngalirik ka tebeh kentja,
Ret koedana ditjangtjangkeun,
Top binang kana biringna,
Koe tjampaka siger djantoeng,
Katoet djeung pajoengna pisan,
Pakean saroea doea,
Nete kasangawedina,
Sakitoe saroea milik,
Mas koemambang tjeklak toenggang,
Koeda tjongklang lémboet manggoet,
Tjongklang badag mamandapan,
Sisirig bari adean,
Djiga mantri pantjakaki,
Saleber samber koe pajoeng,
Naleber samber koe pajoeng, epifora
Pajoeng tjawiri pandeuri,
Pajoeng bawatna ti heula,
Toembak biring ti pandeuri,
Koedoe tjampaka ti heula,
Siger djantoeng ti katoehoe,
Pentjok saeng tebeh kentja,
Dihapit koe toembak binang,
Broeg ngagimboeng, braj ngabantaj,
Soerakna eundeur-eundeuran,
Sadjongdjongan seherojan.

*Panatan dangdanan istri.*

Sampingna teu pati apik,
Disampingna soetra koening,
Karembong tjinde kediri,
Njalindang koe tjinde kembang,
Kongkojang koe soetra ganggong,

Kaloehoer kana geloengna,
Kahandap kana sindjangna,
Oelah rek digeloeng djoetjoeng,
Bisi padjar indoeng-indoeng,
Matak kasoran noe agoeng,
Matak larangan kalisoeng,
Matak sieun pra pohatji,
Bisi padjah tatambangan,
Matak sarang di noe wenang,
Oelah rek digeloeng konde,
Matak djore di noe gede,
Salin deui na geloengna,
Geloeng lelep geloeng tikel,
Dihapitna koe djaridji,
Di tikelkeun koe dampalna,
Ser djoetjoeng direunteut deui,
Loeloemat salawé lambar,
Dipinggiran koe malati,
Didjadjaran koe tjampaka,
Djedjel koe inten baroentet,
Disoebal saloempit pandan,
Dipoentjakan mas kalangan,
Miring batan goenoeng Soengging,
Tjepak nongnong koleangkak,
Niroe geloeng wedadari,
Kabogoh para pohatji,
Teu ngewa anggo di Goesti,
Koening kari moeri-moeri,
Bala kari nitah bae,
Sakabeh pada dianggo,
Pada diadjaran kabeh,
Sakala poè harita,
Sakalangkoeng tapok geloeng,
Pameunteu sarangka beubeung,
Salobong sarangka tongtong,
Saloebang sarangka awak,
Saloempir sarangka bitis,
Siger boengker djeung pamener,
Djoemepret benten kantjana,
Benten emas ditarikan,
Dimangka tarik sisina,
Dimangka ngendoe djoeroena,
Dimangka ngendong di tengah,
Ditimbangan soeweng bapang,
Dikarantjang dikarantjeng,
Eureuj mani kikitjeupan,
Intenna djiga arimoet,
Barabaj koenang-koenangan,
Noe bentjoet dina harigoe,
Djiga tjengkir klapa gading,
Katoeroeban koe Sintoengna,
Djoedjoeloek masangan waroe,
Hoeloe soesoe noendjoek iroeng,
Tetenger djadian agoeng,
Hade keur pawarang ratoe,
Ditilik gila koe loetjoe,
Taja batan poetri boengsoe,
Koneng henteu hideung henteu,
Sedeng ngetjemeng ngetjemeng,
Ret boenter ngelemeng koneng,
Nja koneng ngala ka teteh,
Nja lendjang ngala ka biang,
Nja moblong ngala ka embok,
Nja geulis ngala ka nini,
Nja djangkoeng ngala ka indoeng,
Bisa njalin doengkeun semoe,
Bisa njoesoempingkeun boedi,
Mere semoe djiga imoet,
Mere boedi djiga seuri,
Ma'nana parek redjeki,
Pangaroeh noe rampes boedi.

*(Loetoeng kasaroeng).*

*Tjobi mangga lenjepan parios adat istiadatna sareng ngeunteupkeunana rasa kaaloesanana dina hidji-hidjina djaman.*

Nja kitoe deui lamoen mariksa omongananana baroedak, laoen-laoen oerang bakal iasa nangenkeun *batinna baroedak* *). Lami-lami tangtos oerang kenging kajakinan, jen oengkara sareng warna-warna ketjap noe sok dilemekkeun koe baroedak teh loejoe hoerip sabiloeloengan sareng kabatinanana.

Mangga bae geura tjobi titenan, intip, tangtos engke tinemoe sareng kajaktosannana.

Ieu di handap tjontona omongan baroedak noe satjerewelena, tina sawatara pagoeneman-pagoeneman, noe parantos ditenan koe sim koering; ditema koe omongan kolot, karangan baroedak, karangan kolot pertengahan, karangan noe palinter. karangan boedjangga-boedjangga Soenda baheula, boedjangga djaman kiwari sareng salinan-salinan tina basa deungeun.

Mangga oerang saliksik perkawis-perkawis noe ngawengkoe hidji-hidjina pakoemboehan.

---

*) Den Hertog: De Taal is de buitenkant van het innerlijk leven: Basa teh dohirna kabatinan.



III no4-56

504

*Omongan baroedak oemoer 7 — 8 — 9 taoen *).*

Tjeuk si A:
Euleuh itoe aja noe ngoeseup!

B: Enja, koe dewek *oge* 1) kadeuleu-eueu!

C: Bapa oeing *oge* 1) sok ngoeseup.

A: Abah oge *osok*, 2) sok meunang soro.

C: Bapa dewek mah sok ngoeseup ka *Tjikoendoel.* 1)

A: Bapa dewek oge ösok.

C: Sok meunang naon bapa silaing?

A: *Sok meunang* soro, *sok meunang* lele, *meunang* 3) *kantjra.* 4).

B: Wah, pirakoe meunang kantjra, meureun meunang *bogo.* 5).

A: Bapa silaing soegan sok ngoeseup bogo.

B: Leh, bapa dewek mah barato oge meunang loek emas, mani sagede *pingping.* 6).

A: Wah bohong wae, bapa silaing mah tara ngoeseup. 7).

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

A: Itoe naon euj dirioeng-rioeng?

B: Euleuh bagong.

C: Enja bae. *Djej* 8), geuleuh.

D: *Iiij,* 8) gila.

A: Euleuh *sihoengna* 9) euj, mani *sagede kitoe.* 10).

B: Djeuj *boentoetna* 9) mah koe leutik, nja euj.

E: Euleuh, eta tapak ngabedilna.

A: Her, lain *tapak bedil* 9) tapak pelor kitoeh.

G: Hidji .... doea .... Maní doea.

H: Koe heuras *boeloena* 9) nja euj!

A: Ij! Lamoen dioedag koe noe kitoe silaing rek koemaha?

B: Rek naek baeeee!

A: Moal dewek mah. Rek *loempat* bae.

G: Wah, dioedag meureun.

A: Da moal kaoedag 1).

B: Wah, koe dewek oge silaing wah ka oedag.

A: Tjoba pek!

B: Hajoh! 1)

Goeroe: His, tjitjing! Beunang nga bedil saha ieu teh, mang?

Noe nanggoeng: Kenging serdadoe.

A: Sok *dihakan* 11), nja koe *serdadoe* 12) ma.

B: Poegoeh bae da beukieun.

C: Djeeej!

Goeroe: Ti mana beunangna?

Noe ditanja: Ti Leuweung datar.

K: *Enja euj* 1). Di Leuweung datar mah loba bagong.

T: Tjeuk saha kewas njaho bae.

K: *Enja* 13)
nana.

*Goenem tjatoer indoeng sareng anak oemoer 7—8—9.*

— Euleuh, ma, apan oeing mah neuleu gadjah.

+ Di mana?

*) Tina paririmbouna hidji mantri goeroe di kampoeng, waktoe ngasoek karoedah kelas I, mapaj² djalan kampoeng.

1) Dina *oge* tembong tabeat boedak emboeng kaelehkeun, njaeta *tabeat kaoenggoelan.*

Noe matak njeboetkeun *Tjikoendoel,* baningkoe hajang nembongkeun kaoenggoelan bapana; sabab kahormatan bapa nah saroea boe sareng kahormatan dirina.

2) ketjap osok, biasana ngan dioetjapkeun koe baroedak be (Kindertaal).

3) Tabeat oerang Soenda, resep ngaradjek ketjap mimiti; mangga bandingkeun sareng: *Beurat* njoehoen, *beurat* nanggoeng, *beurat* narimakeunana (taaleigen).

5) Tabeat boedak sok hajang ngadedetkeun batoer, soepaja hina batoer oentjoel sorangan (sipat kahasoedan (igoisme, afbreken).

6) Tabeat kaoenggoelan, narik kana karahoelan, (overdrijving).

7) Tabeat tjara noe ka 5.

8) Harita timboel rasa kitoe, harita dioetjapkeun, sipat boedak tara bisa ngandoeng rasiah (openhartigheid).

9) Noe ditataan teh sakoer noe ngagetkeun kamaranehanana, noe kapanggih koe bireungeuhna, pangdengena, pangambeuna, pendekna noe kapanggih koe pantjadriana, sabab *akal* sareng timbangan mah (logica) teu atjan terboeka.

10) *Sagede kitoe* teh lain maksoedna bade ngabandingkeun nanging nembongkeun sipat kagedeanana. (vergelijkings-denkvermogen is nog niet ontwikkeld. *Sagede kitoe* teh babasan boedak, radjeun diganti koe *sagede nanahaon.*

11) Noe matak ingetanana loslos kana *dihakan,* margi pikiran boedak mah tjaket naker kana kahakaneun teh. Lampah boedak mah moeng. *barang dahar, sare* sareng *oelin.*

12) Serdadoe teh dina kanjahona baroedak kampoeng mal djalma Kasar pisan, noe matak pokna oge mani dihakan, teu didahar (didaang).

13) Boedak mah tara bisa mere katerangan koe margi eta moeng saoekoer *maksa* bae kedah pertjaja na batoer teh.

— *Di ditoe* [1]), dialoen-aloen.

\+ Iraha?

— Tadi basa ka pasar *eudjeung* [2]) si Oewen.

— *Kitoe* [3]) ma geuning gadjah mah.

\+ Kitoe koemaha?

— Kitoe bae; make aja noe ngambajan.

\+ Enja toelalena.

— Enja, toelalena tjena oge. Djeung tjeulina teh aja roebak mani *sagede haon* [4]).

\+ Enja, aja sagĕde hihid mah.

— Na ema geus njaho gadjah.

\+ Poegoeh bae.

(Matana goelar giler, ka loehoer ka handap, nginget-nginget deudeuleuanana).

— Djeung *hoentoena*, [5]) oge pandjaang teh.

Ih matak gilak.

\+ Lain *hoentoena*, [5]), sihoengna kitoeh.

— Euh, sihoengna eta teh.

— Djeung soekoena teh *ditalian* [5]) koe beusi. Teu sieun-sieuneun leupas. Ih, koering mah gila meuleu toelalena diatjoengkeun. Mani tjalawak. *Sok ngahakan djelema nja ema ari gadjah mah* [6]).

\+ Ih tara. Gadjah mah kabĕukina kalapa.

— Paingan aja noe mere geuning.

\+ Koe saha?

— *Teuing, da noe hideung geuning* [7]).

Geus bae ngan sakitoe tina hal gadjah mah toeloej bae njaritakeun deudeuleuan sedjen noe teu sakoemaha matak haraneunana: koeda araloes, monjet; da ari Singa djeung meong mah harita teh geus dikoebeng ditongtonkeun make bajaran.

Sim koĕring parantos njobi-njobi ngahiras hidji boedak sakola kelas II, moerid kelas IV njaritakeun hal gadjah, didadak harita, sapertos noe ngadangèng baè. Pokpokanana koe sim koering ditjatetkeun satjèrèwèlèna.

*Gadjah* (pokna barang mimiti).

Gadjah teh sanes sato di oerang, *nja eta* [1]) sato di Soematra.

*Gedena saloehoereun moending* [2]).

Babagianana awakna.

Toelalena, sihoengna, soengoetna, tjeulina, awakna boentoetna sareng soekoena [3]).

Bangoenna toelalena boeleud pandjang.

Bangoenna soekoena boeleud pangdjang bebeng.

Kahakananana: djoĕkoet, kalapa *sareng sadjabi ti eta* [4]).

Goenana gadjah sok dianggo tongtonan sareng di (hilap deui) sok dianggo narik roda.

Oepami parantos paeh, sihoengna sok dianggo ngadamel bola paranti maen bola, kantjing, pipah sareng seueur-seueur deui.

Gdjah sok ngaroeksak kakebonan, nja eta kebon sampen, kebon tiwoe sareng sadjabi ti eta.

Hiroepna di leuweung ngaboeboehan.

Ieu di handap hidji karangan boeatan hidji djalma kaloearan ti sakola mulo, anoe samemehna sakola Walanda bae.

---

1) Dina ketjap di ditoe kakoeroeng maksoed nerangkeun kadjaoehanana oge sipat djalma noe tatjan asak pangadjaran ingetan, tara boeroe² njantong ketjap teh.

2) ketjap boedak tina reudjeung.

3) Dina ieu ketjap kakoeroeng karep rek mere njaho hidji pamanggih, bane tatjan beunang digambarkeun koe basana.

4) Makena ketjap sagede toeloej disamboeng koe nanahaon teh lain ngabandingkeun, ngan rek nerangkeun kagedeanana bae.

5) Tina eta ketjap² tembong, jen boedak mah ari njaritakeun hidji perkara teh, sok ngadjodjoan noe aneh keur manehanana bae, njaeta sakabeh perkara noe ngan kaoedag koe pantjadriana woengkoel.

6) Tjita-tjita boedak mah sok malengkot kana dirina ingetan boedak mah deukeut naker kana *dahar* teh.

7) boedak mah geus tjoekoep koe njaho hideungna oge, teu hajangeun nganjahokeun noe leuwih djaoeh.

1) Ieu bahasa ilahar pisan sok dipake disakola, malah sok hamboer teuing, beunang diseboet basa sakola bae.

2) Wajah kitoe mah boedak teh geus diadjar kana babandingan.

3) Tatjan bisa imeut nitenan, geuning aja keneh noe kaliwat-*matana*.

4) Babasan sakola, noe sok nganteur kana kakedoelan, koe ajana ieu ketjap babari naker ngahekok didinjana teh moen teu kitoe pokna: *sareng seueur² deui*.

Moen ditilik gemblengna, tetela diboedak pantar kitoe teh omenganana masih paripisahan, teu ngaroentoej pakait-kait. Katoeroeg-toeroeg koe goeroena sok diadjar di klas I moela, lamoen njaritakeun hal barang teh. 1. ngaranna 2. roepana, 3 babagianana, 4 bangoenna, 5 goenana, 6 hargana, Tatjan bisa ngagoenakeun ketjap² panjamboeng.

III no 4-5-6



506

## IV

### *Gadjah.*

Gadjah teh hidji sato anoe katjida gedena.

Di dieu di oerang di tanah Djawa teu aja sato noe kitoe teh.

Katingal ogè sakali-kalian dina komedi koeda, kitoe ogè ditjangtjang atawa dirantè, ditoenggoean *koe noe geus biasa miara gadjah* [1]. Ka biasaanana noe noenggoean teh hidji djalema hideung, *noe koe oerang diseboet oerang Keling* [1]. Sababna di tanah keling anoĕ loba gadjah teh. Di ditoe *sato kitoe* [2] hiroepna dileuweung ngaboeboehan, tapi loba deui anoe di ingoe ti anakna kènèh nepi ka lindeukna.

Toh anoe geus lindeuk noe katjida gede mangpaatna teh. Sababna ari gadjah lindeuk mah koe anoe boga atawa koe noe miara beunang dioetah etah, dititah migawe sagala pagawean [3], anoe katimbang beunang dipigawĕ koe gadjah, saperti: njorong roda, narik padati djeung djaba ti eta.

Malahan, lamoen geus katjida lindeukna mah gadjah teh teu koedoe dibatoeran bae dina waktoe di gawe [4].

Saperti *dipaleuweungan* [5] anoe djaoeh ka ditoe ka dieu, aja pakeun ngoendjoel barang atawa balok, gadjah teh katjida gede gawena ngaganti koeli atawa roda di kota [6]. Sareng itjeusna langkoeng-langkoeng ti sato anoe pang itjeusna. Seueur pisan tjonto-tjonto anoe ngaboektikĕun kaitjeunsanana gadjah. *Tina perkawis tjonto eta* [7] teu koedoe ditoelis, dina boekoe-boekoe dongeng oge loba.

Tabeatna gadjah sami sareng tabeatna

---

[1]) ka Balandakeun lain iketan Soenda.
[2]) ka Balandakeun.
[3]) Kakoena ieu omongan koelantaran koerang makena ketjap pangloejoe, *teh*, *mah* djeung *tea*, noe kitoe ti rasa Soenda asli. Sabab, ari gadjah piaraan mah koe noe boga teh sok beunang dioetahetahkeun, beunang dititah migawe roepa² pagawean.
[4]) Koerang loejoe, lantaran euweuh teh ditoekangeunana.
[5]) pileuweungan.
[6]) Koerang tetela, teu pati biasa ngokolakeun basa Soenda.
[7]) Lain iketan Soenda.

hidji, doea sato di oerang sapertos: moending domba djeung embe.

Gadjah teh hidji sato anoe katjida sabarna djeung teu galak sabalikna tina dedeg pangadegna, anoe sakitoe gagahna, rongkahna, matak pikasieuneuna. [8]).

Tapi sanadjan sakoemaha sabarna oge sok aja bae amarahna, lamoen manehna aja noe ngaganggoe atawa palebah gadjah noe geus lindeuk aja noe ngabobodo.

Ieu karangan hidji djalma noe parantos kenging pangadjaran samboengan (Voorgezet onderwijs), noe njarioskeun tina hal Gadjah. Nanging moegi kaoĕnniga andjeuna teh hidji djalma noe ka lebet kana toekang koeroeng-karang oge.

### *Gadjah.*

Sarerea oge *moenggoeh* [1]) oerang dajeuh mah meureun geus moal aja noe *bireuk* [2]) deui kana gadjah teh, sabab mindeng pisan dibabawa koe kamedi koeda, noe diseboet Circus tea, dipake tongtonan; tapi ari *moenggoehing* [3]) oerang kampoeng mah teu moestahil saoemoerna tatjan papanggih djeung gadjah, sabab eta teh lain sato di oerang.

*Ngan bae ari ngan saoekoer ngadengĕ bae mah meureun kabeh oge enggeus* [4]). Koesabab sakitoe soegan bae ieu karangan aja manfaatna ka djalma noe tatjan pisan mireungeuh gadjah.

*Tjing ajeuna oerang wawawoehan heula djeung pangawakanana.* [5]) Lamoen oerang gok papanggih djeung eta sato, noe djadi *pangpangna ngagetkeun* [6]) ka oerang teh njaeta hidji parabot *pantjadriana* [7]) noe diseboet toelalena tea. *Ari pandena eta toelale tea beunang disasandekeun kana poetjoek pakoe hadji noe ngeloek keneh; malah kitoe pisan semoe geunjal* [8]), bane toe-

---

[8]) Pikasieuneunana.
[1]) Basa kolot.
[2]) „ „
[3]) „ „
[4]) Basa intellect.
[5]) Oengkara kaajeunakeun (kakoelonkeun).
[6]) Idem.
[7]) Basa kolot.
[8]) Vergelijking = peta mapandekeun teh tara aja diboedak leutik enak.

TII 404 5.6



507

lale mah teu boeloean, teu tjara poetjoek pakoe. *Ari eta toelale teh gaganti iroeng, atawa beunang oge diseboetkeun nja eta iroengna tea bae. Toengtoengna sagede bitis boedak, tjepak tjara bangoes bagong* [9].

Ari kapoehoena sagede seeng kaleng Dina tjongona aja liang doea, nja eta liang iroengna. Eta toelale leuleus pisan, koeplak-kaplek, tapi bedas tanagana.

Gawena saperkara paragi njokot kahakanan saroepaning kalapa, djoekoet sampeu djeung rea-rea deui, *sabab gadjah mah teu bisaeun dongko djeung bauheungna pondok, heuras, teu bisaeun loenggak-linggek* [10]) tjara badak bae; teu babarieun malik soemawonna ngalieuk mah. Kadbea gawena toelale teh paranti njeuseup tjai, lamoen hajangeun nginoem. Sanggeus diseuseup koe toelalena, toeloej tjongona diasoepkeun kana soengoetna djeung tjaina dioetahkeun deui tina liang iroengna, legoek diinoem.

Ka tiloe perkara paranti ngaraksa diri, ngalawan moesoeh, sabab eta toelale teh bedas naker. Tatangkalan noe mareudjeuhna mah kira-kira sagede-gede tjangkeng, atawa pingping kolot dibeulit bae bret *didontja* diroengkadkeun.

Njakitoe deui sok meulit moesoehna, *kajaning* manoesa atawa sato galak saroepaning, maoeng; toeloej dibeubeut-beubeutkeun. Atawa paranti geloet djeung sabatoerna. Geuning ditanah *padoemoekanana* mah nja eta di Soematra, nepi ka aja paribasana:

*„Gadjah berdjoeang sama gadjah, kantjil mati terhimpit".*

Toelale mah *pangna* sakitoe leuleusna teh, koe sabab euweuh toelangan. Ti dinja oerang teh ret kana tjeulina noe sakitoe roebakna, roebak manan hihid sangoe djeung malikna ka gigir teu pati kahareup, teu tjara sasatoan sedjen. *Noe matak kitoe, eta meureun soepaja gampang ngadenge saniskara noe aja digigireun djeung toekang timana, da teu bisaeun malik tea, itoeng-itoeng pangganti pangbireungeuhna.* (*)

Aja daoen roebak naker aroeratan bodas, diseboetna daoen tjeuli gadjah, da siga, noe sok dipake papaes dipelak dina pat.

Handapeun poehoe toelalena, narongtot sihoeng na sapasang, pandjangna djeung gedena saroea djeung tjaoe galek (tjaoe tandoek), ngarana tjoela (gading). Ieu tjoela teh djadi pakarang deui bae, paranti motong-motongkeun barang-barang noe hareuras, Oepamana tatangkalan. Di mezium atawa sok di seboet oge kantor Boelao di Bogor, aja tjoela poehoena sagedegede pingping kolot, pandjangna teu koerang tina sameter.

Eta tjoela asal tina hidji bangsa gadjah noe geus *toempoer,* geus euweuh bangsana deui; ajana ditanah Rusland beulah kaler, djeung Siberië, ngaranna *„maunnouth".*

*Biwir loehoer rapet kana toelalena; biwir handap teu roebak kagigir, teu tjara biwir djalma, ieu mah njoengtjoeng monjong ka hareup; koe sabab eta, lamoen toelalena ngaroendaj teh, soengoetna katoetoepan, rekep pisan.* (*) Ari matana, lamoen dibandingkeun kana *djoengkerangna* awak, pohara teu pantes pimataeunana, leutik teuing. Awakna pondok, meh boeleud bae, gedena saloehoereun moending Djampang.

Boentoetna tjara boentoet sapi, tapi leutik djeung pondok, teu narimbang deui bae kana awakna teh. Lamoen ret kana soekoena, bet sok inget kana dongeng boedak, *madjar maneh* [11]) aja tihang bisa leumpang, da poegoeh enja, koe siga tihang teh, boeleud bebeng, meh teu katara bedana pingping djeung bitis teh. Dampal soekoena boeleud tjepak, dirioeng koe koekoe, lobana 8 siki. Gedena eta koekoe saloehoereun bae boeah hondje saeutik, siga tandoek moending noe kakara modonghol. Koesabab eta, lamoen ngalejek djalma teh lain matak raheut, tapi matak gepeng.

Roepana hawoek, tjara moending bae. Boeloena badag tjarang, koelitna kandel katjida, meh tara teurak koe toembak. So-

[9]) Beschrijving = ngagambarkeunhidji woedjoed koe basa, petana noe geus kapandjingan akal.

[10]) Katerangan sabab ngansok dikedalkeun koe kolot noe berakal koe.

Basa kolot.

idem.

idem.

idem.

(*) Katerangan sabab noe sok bitoe di kaom noe geus palinter.

[1]) Pangdeuleu anoe Taliti.

[2]) Basa kolot.

[11]) Idioom Soenda.

III no 4.5-6



508

rana tjengeng, saloehoereun sora moending, matak gandeng naker. Kahakanana djoedjoekoetan, beubeutian, saroepaning sampeu, boled hoeï djeung sadjaba ti eta, djagong, tiwoe djeung karesepna pisan mah kalapa.

Lamoen rek njatoe djoekoet, mimiti didjambret koe toelalena, toeloej dipintelpintel, bari dikoepas-kapiskeun, sieuneun aja naon-naon, noe djadi matak; saroepaning sireum, oraj leutik, kahoeapkeun kana soengoetna. Eta tabeat gadjah ati-ati kitoe teh, nepi ka djadi dongeng, madjar maneh, sieuneun koe sireum sabab geus eleh adoe djadjaka djeung radja sireum. Geuning dina „*soeten*" oge, indoeng leungeun teh eleh koe tjinggir; eta indoeng leungeun teh magar ibarat gadjahna, ari tjinggir minangka sireumna.

Lamoen rek ngahakan kalapa, sok dipeupeuskeun heula, koe toelalena, dibeubeutbeubeutkeun kana barang noe teuas; lamoen teu daekeun peupeus koe kitoe, sok sahoeloeanana bae dihoeapkeun, peupeusna mah ditjapek koe tjarehamna. Peta nginoemna mah di loehoer geus ditjaritakeun, palebah njaritakeun hal toelalena.

Poelo-poelo noe aja gadjahan, nja eta poelo Soematra, Borneo, tanah Malaka, banoea Afrika, tanah Hindia djeung banoea Azia, djadi dipoelo-poelo noe dareukeut kana chatoel istiwa, noe panas hawana bae.

Gadjah Sumatra, teu galede tjara gadjah Azia, Afrika djeung Hindi.

Demi hiroepna di leuweung-leuweung geledegan, ngaboeboehan nepi ka opat lima poeloeh, malah sakapeung mah aja ratoesna. Sakapeung kapeungeun sok datang kapihoemaan, kadang kala sok kapilemboeran oge, nja sok ngaroeksak kekebonan tea. Moenggoeh kebon tiwoe atawa kebon sampeu mah sok taja poeloekaneunana deui, lamoen tas dirandjah gadjah teh. Ari ngaboeboehanana kieu:

Di mana keur reureuh atawa ngaso, anakna tjaritjing di tengah-tengah. toeloej di lioeng koe kolot-kolotna, aja doea tiloe lapisna sakapeung mah.

Di mana rek loemakoe hidji djaloena diheulakeun, lir oepama radjana. Bikangna djeung djaloe-djaloe noe sawareh deui, noetoerkeun pandeurieunana, bari ngalingkoeng anakna. Lamoen didjalan pasampangan papanggih djeung djalma, masing disingsieunan dikoekoemaha oge tara daekeun njimpang, anging lamoen anakna miheulaan balik deui atawa mengkol katempat sedjen. Dina saboeboehan teh leuwih loba bikangna manan Djaloena. Peta mikanjaahna ka anak moenggoeh disato mah geus hesa bangsana bae, sabab noe maliharana teh ieu mah lain indoeng bapana bae, tapi sabatoerna saroea pada ngaraks . Gadjah teh kaasoep kana sato koelit kandel djeung kaasoep kana sato noe loba kedkoena atawa talapokna, tjara badak, babi roesa djeung djaba ti eta. Nja kitoe deui ieu hewan teh kakongaskeun pisan hidji mahloek noe ngarti djeung noe sok *neuteuli*, males ka njeri. Tjontona:

Geuning dina kamedi koeda, sakitoe masak loetjoena, didangdanan tjara djalma, didioekeun dina tahang mani siga toean gembroe; dititah ngagorolong-gorolongkeun bal djeung rea-rea deui pangabisana.

Di leuweungna, lamoen maranehanana rek meuntas, lain dikieuna ati-atina teh, mimiti ditjoba-tjoba koe kolotna; lamoen sakira anakna teu bakal bisaeun miloe mah, tara djadi ieuh.

Lamoen rek nandjak ka pasir anoe neukteuk atawa goerawes, sok disengkedan heula koe gadingna baris paneteanana. Djeung rea-rea deui tingkah polahna, noe nembongkeun kapinteranana.

Demi tandang sok neuteuli kieu: Lamoen aja anak gadjah noe dipaehan, sababatoeranana pada ngarahna ka Si noe maehan teh. Lamoen doemadakan paninggaran teh naek, toeloej bae tangkalna disoengkoeran, di gangsir atawa digadilan koe sihoengna atawa diteunggaran koe tarangna, nepi ka roeboehna.

Lamoen teu kaajah harita, dimana papanggih deui, sok toeloej bae dipinda deui.

Pirang-pirang dongeng-dongeng gadjah, noe njaritakeun kapinteranana. Koe oerang Siem mah apan geuning diagoengkeun naker, lantaran aja asal oesoelna, malah bandera Siem mah make digambaran *gadjah poetih*". Radja-radja Djawa djaman baheu-



Oktober-Desember1924.max

la oge kawas njakitoe ngamoeljakeun kana gadjah, geuning boektina njeuna oge di karaton Solo aja keneh kandang gadjah noe dimoelja-moelja pisan, di Karaton Soeltan Kanoman Tjirebon aja toetoenggangan sa bangsa kareta, noe di bangoenkeun gadjah, noe diseboet *„naga liman"* tea, di pajoeneun sawareh kaboepaten saperti di Tjiandjoer didjoeroe aloen-aloen beulah ti kidoel wetan, aja hidji saroepa soemoer ditemboh dipalihara, diseboetna „pamandian gadjah poetih".

Dina palebah mangpaatna teu koerang-koerang noeloengna ka manoesa. Di tanah Malaka, tanah Hindi djeung tanah Azia mah gadjah teh dipalihara, minangka moending atawa koedana di oerang bae, njaeta sok dipake narik padati, dititah ngagoesoeran balok atawa tjatang-tjatang djeung sok bisaeun djeung ngentepkeunnana, sok ditoempakan, samalah aja hidji radja di Hindi, ari angkat-angkatan teh sok dina gadjah karadjaan.

Moen oerang njeueungan gambar-gambar baheula, tjara gambar-gambar dina boekoe sadjarah poelo Djawa, karangan njonja Fruin Mees, radja di oerang oge baheula mah sok taroenggang gadjah.

*Ieu tjonto hidji adeg-adegan basa Soenda djaman kiwari karangan hidji ahli basa, noe teu ngamomorekeun kana oengkarana Soenda asli.*

VI.

Ieu serat kabar lahir ka doenja, djadi panjamboeng tjatoer ngembarkeun — sorana Soenda. Tibarang Loetoeng-kasaroeng dipedar koe pakoempoelan Java Instituut, poesaka wedalan soenda anoe meh kalen kapendem, broeh-bréh miloe kagoear, katjaangan koe wahjoena Soenan Amboe, anoe toemoeroen ka pakalangan Pantjatengah ka soendaan. Ebrèhna soegri anoe djadi boekti, boekana si gotaka Soenda, nja dina ieu serat kabar, pibariseunana. Nja ieu anoe baris djadi pamelaran, pangdadaran saniskara poesaka titinggal karoehoen didjaman boehoen, djeung anoe baris naloengtik latjak kabinangkitan anoe masih ajeuna eukeur ditintjak. Doepi anoe baris pingoengkabeun djeung anoe pintjoedtjroekeunnana kaitoeng perentjoel, kokodjo Soenda geus rendang di oenggal tempat, nja arandjeunna anoe kedah ngoemboehkeun sadaja panemoe poesaka èlmoe anoe masih batjatjar di mana-mana, sina moengpoeng moengpoeloeng sangkan liar tina sasoengapan, sarèrèa walatra kabagi rata, sanak kadang anoe bakal pingoendangneun.

Djisim koering teu seunggah teu wegah, ngamoedi ieu serat kabar reugreug pageuh nja hate toer pertjaja ka para mitra sadaja.

Geus teu ad-ad teu asa-asa, henteu hamham-hamham atjan, menggah koering mah, tangtoe ieu serat kabar tèh bakal djadi padoemoekan poestaka Soenda, njoemponan karep Java Instituut, djadi silah anoe sakoelah-sakoelah djeung sadaja oerang Soenda.

Anoe ieu kapitonkeun nembè tjonto baé, engkè ari saladjengna mah eusina ogè baris diatoer deui, sing oelah doegi ka matak ganggarateun noe maraos.

Laksana sapanedja.

VIII.

*Basa noe koerang malire kana oengkara basa, èlmoe basana sareng atji-atjining rasa Kasoendaan.*

Pihatoer ka sadaja *paramaos.*

Tina margi poen Pangarang nembean pisan ngarang ngadangding wawatjan, tangtos pisan seueur lepatna batan leresna, nja kitoe deui seueur awonna batan saena.

Koemargi kitoe disoehoenkeun ka sadaja para maos rido ngahampoenten kalelepatannana poen Pangarang.

Kalih perkawisna deui, noe mawi poen Pangarang koemawantoen koeroeng karang ngagoerit ieu wawatjan, sanes pisan oemangkeuh oenggoel pangartos, teu eta

*Noot.* Ieu karangan koe sim koering parantos didjoeroeng dibatja koe sawatara goeroe desa sareng djoeroe toelis desa, saparantosna ditaroskeun kahartos henteu; ari sanggeusna *kahartos*, namoeng abot pisan karaosna. Malah ladjeng didjoeroeng ditjaritakeun, teu tiasaeun parele, komo menggah palebah oengkarana basa mah mani teu meueus meueus atjan.

III no 4.5 6



510

Oktober-Desember1924.max

mah tetebiheun, moeng etang etang keur diadjar ngagoerit dangding, *loewang-loewang* tina gawe.

Djabina ti eta hatoer tingali ka sadaja paramaos ieu tjarios wawatjan anoe parantos ditoneelkeun di Pandopo Kabotpaten Tasikmalaja, koe sadaja mitra-mitra Inl. Personeel Geweskelijke Ziekenhuis kalajan sih tresna Padoeka Kangdjeng Dalem Adipati Wira Tanoe Ningrat, officier Oranje Nassau Orde, Boepatos hingrat Tasikmalaja dina waktosna pesta ngiring bingah ka Sri Baginda Maha Radja Wilhelmina, Ratoe Poetri di Nederland, kaleresan ngastana karadjaan, kalajan moeloes bangloes teu aja kakiranganana.

Namoeng tina margi dina toneel kirang waktosna, nja eta moeng sawengi, djadi kapaksa teu tiasa doegi ka toetasna ageung bentenna sareng noe diwawatjankeun, kawoewoeh nami-namina noe djadi lalakon oge seueur noe dirobah, koemargi eta disoehoenkeun ridona paramaos kaoelanoen.

*Adeg-adegnana basa Soenda, noe dipake njalin basa batoer, noe kirang ngemoetkeun poerwadahsina kasoendaan.*

IX.

Wartos ti Pajoen (Voorbericht).

Ieu boekoe elmoe basa, ditjadangkeun keur baroedak noe geus madjoe oemoerna antara 15 nepi ka 18 taoen, noe koe djalan pangadjaran basa noe biasa katoekang toekang, geus meunang kabiasaan makena basa toerta eta kabiasaananana teh ngadjak (mawa ka maranehanana kana ngamadjoekeun perasaanana kana basa tina djadi panilikan tina elmoe basa noe make dadasar kapinteran. Anoe kaitoeng kadinja teh nja eta djalma pigoeroeeun, noe di achir ba kal koe maneh ngadjar elmoe basa ka noe lian, djeung djalma noe pibakaleun djadi djoeroe karang atawa baris toekang njarita di harepeun djalma rea ..................

(Djeung satoeloejna).

Salinan noe aja dina wewengkon marga loejoe kasoendaan, asal tina basa Walanda.

Voorbericht (Saoer toean Pleyte mah: *Saketjap ti pajoen noen*).

Ieu boekoe diwastaan Elmoening basa ....................., ditjadangkeun keur batjaeun baroedak noe geus tamat sakola handap, nja eta noe oemoerna kinten-kinten antawis 15 doegi ka 18 taoen. Keur waktos di sakola handap maranehanana parantos dialadjar èlmoe basa, nanging tatjan tjekap, amoeng saoekoer pioboreun keur memeres petaning tjoemaritana saari-ari bae, oelah doegi ka mendak kaloeloepoetan dina hal nerapkeunana roepi-roepi raranken sareng ngeunteupkeunana rasa tina hartosna ketjap-ketjap.

Ari keur djalma baris pigoeroeum mah atanapi keur djalma noe bakal djadi djoeroe karang nja kitoe deui keur djalma noe bakal djadi toekang lèseng (toekang tjoemaries di pajoeneun djalma seueur), ka oeninga sakitoe teh teu atjan tjekap eta rasa kana basa noe parantos kapimilik tadi tea, kedah dianggo parabot baris ngoelik tlmoening basa noe leuwih djero sing nepi ka njahona kana Elmoening basa noe saenjana. Tjeuk timbangan sim koering, oepami maranehanana bisa mibanda eusina ieu boekoe, geus kenging oge disebatkeun tjekap pangartosna tina ieu perkawis......

(Sareng saladjengna).

*Basa Soenda boeatan hidji Boedjangga Soenda ahli ilmoe „Kasadjatian".*

XI.

*Lebaran.*

(Sinom).

1. Lebaran di Kahijangan, leboer tjeungtjeuman sasari, ria-ria sahoewana, njampak betah sakiwari, kiwari beda deui, njalindoeng ka „koen pajakoen", kieu paja kitoe paja, oeroet tadi siksik melik, alak-ilik barina djeung oendoer toekang.

2. Teu ari balas njoreang, SOEKA kaandih SOEKINGKI, *siki* kahidjab koe *sangka,* POESAKA ka silih wangi.



104.56

511

Oktober-Desember1924.max

SASAKA-DOMAS tadi, RATOE GALOEHNA keur *ripoeh*, MENAK PADJADJARAN *njomah*, PAKOE-ADJI kalah ADJI, Adji-saka *poesaka* bawa *sorangan.*

3. Sorangan bangbangkolentang, beurang sabeurang sapeuting, katiisan kapanasan, hoedjan angin teu dihiding, nandangan woeroek aki, „nja moendjoeng koedoe ka indoeng, indoeng noe tara moegoeran", bapa noe kotjap pinoedji, pamoedjaan „noe tara moenggaran" tea.

4. Bilangan doeloer noe opat, kalima pantjer pribadi, deg ngadeg disaoekoeran, bawana koer'anoel adim, BRAJNA koer'anoelpadjri, dipoenggoe koe „bentang timoer", moerangkalih sakoeroengan, koeroengan disanoebari, *raramean lebaran* koe PERBOEKANA.

5. Patamanan sawarega, nelah „pidjannatina'im", direntjangan MALAEKAT, diiring koe WIDADARI, riabna sapribadi, dioegoeng di bale bandoeng, disembah dipoedja-poedja, poedjina mahi koe HIDJI, *hidji* soteh hoedjah *menak Padjadjaran.*

6. Doeka ngadjadjar djeung saha, patoetoengi djeung priboemi, patelak djeung semah anjar, rapih-rapih sakiwari, rioeng sapirioempi, pileuleujan „poelang tandjoeng", samodja di astanana, deujeuban koe salasih, salah asih poesaka roedjad koe rasa.

7. Rasa teu ninggang mangsa, mangsana mangsining ati, titi soerti kaboedjanggan, kapangkatan para Wali, wali di Goenoeng-djati, djati-amparan noe nempoeh, nempoeh dajeuh Padjadjaran, Ratoena ka Siliwangi, wawangenna poelihna koe kasabaran.

8. Bagian anoe nandangan, intjoe-poetoena kiwari waris tedak „DIKOESOEMAH", lantoeng ka „djabaning langit", noe boga „milik poetri", ngabedah „Goeriang toedjoeh", *toedjoeh* soteh panoedjoena, nekanan DJANGDJINING PASTI, titimangsa PERBOEKA di kadalapan.

Tah, tjobi mangga lalenjepan, raraoskeun, djareudjeut, naha aja bèntenna dina palebah oetjap-oetjapanana, nja kitoe deui oengkarana basa atanapi Sami bae? Sim koering geus teu sak deui, pertjanteun pisan sadajana oerang Soenda anoe parantos kapandjinganana èlmoe pamilih mah bakal sami pada ngajaktoskeun sareng njaraksian kana kajakinan sim koering, *jen dina saban-saban golongan djalma teh aja oengkarana sareng warna ketjapna sorangan, anoe tara biasa diparake koe golongan sedjen.* Tetela pisan oengkara basa dina karangan No. VI sanes deui pisan sareng oengkara basa dina karangan No. 1; oengkara No. VI sanes deui sareng No. XI. sareng saterasna.

*Na mana atanapi na naon atoeh banten na teh?*

Oepami kedah ditetek disebatan bari ditoedoeh toedoehkeun saroepi-roepina noe ngabentenkeun mah, sesah teuing, margi tangtos kedah dioelik heula kabatinanana manoesa *(psyologie)* margi tetela pisan kaajaan psyologie-na djalma teh djadi saoejanan sareng kaajaan basana oepami palaj oeninga kana bentenna noe loemajan bae mah, sae sing sering bae ngadangoedangoekeun pokpokanana noe njarios, eunteupkeun, babandingkeun kana kaajaan oemoerna sareng boedi akalna. Koe kitoe oge engke tangtos kaoeninga elmoena.

Koemargi noe di maksoed koe ieu paeadvies, bade njarioskeun kamistianana basa boekoe basa hidji-hidjina golongan djalma, sim koering baris neraskeun tjoemarios ka sakoer noe sok kersa koeroeng-karang bae. Sadaja oge tangtos parantos pada aroeninga, jen roepina basa noe aja di djero boekoe teh aja doea roepi.

I Basa noe diangga njarioskeun, ngadongengkeun.

II Basa teplakan, tjiptaan tina basa noe keur ditjarioskeun, tjontona: Tjarek si Ahmad: *„Sa, oeing mah moal miloe".*

psycho-
physio-



III no 4-5-6
512

Oktober-Desember1924.max

I Koedoe koemaha basa noe dianggo ngadongèngkeun tèh?

Milihna, masieupna basa dina palebah dieu, kedah diemoetkeun (ditoedjoekeun) ka si noe rek dipang dongengkeun tea (noe rek diasoran atanapi kenging disebatkeun si noe rek diparaban).

Naonana noe kedah di emoetkeun teh?

a. Basana koedoe soeroep djeung basa maranehanana.

b. Teangan basa noe pikaresepeunana. (Oelah lali: Ari *eusina* noe bade ditjarioskeun mah misah tina *basana;* sanes deui patokanana.

Oepami mentjok tina palenggeran noe kasebat di loehoer, tangtos eta karangan moal dipikaresep, margi hatena si noe matja moengkir tina panarimana, teu wawoeheun, margi ngaraos sanes *Anoena;* nanging ngaraos anoe deungeun bae, teu soeroep sareng lelemboetanana. Katerangananana:

Oepami aja hidji boekoe ditjadangkeun batjaeun baroedak oemoer 9—10 taoen, noe njarioskeun kalakoean awewe di pakampoengan dina wantji tengah dinten, basana di atoer kieu:

,,Moenggoehing galib di kampoeng dina waktoe mentrang-mentring, tengah poë noe moreret, indoeng baroedak narahmaj, tinggoleah dina bale, noe ngora njanghoendjar lambar, ngalahoen sirah embokna, anoe eukeur disiaran, panon embok geus tjeuleujeu, mata boedak geus simeutteun, tamba toendoeh ngadjak ngomong, ka noe eukeur disiaran, djawabna tjoekoep koe heeh" ... (sareng saterasna), tangtos moal resepeun, moal kahartoseun maksoedna, moal kagambarkeun eusina, moal karasaeun ka saeanana eta basa. Nja kitoe deui sawangsoelna.

II. Dina palebah neplak, niron-niron omongan batoer, oerang kedah asa ngagentos rasa sorangan kana rasa noe bade ditoeroetan tea. Oepami teu meneran, tangtos gandjil. Sim koering parantos maos hidji karangan noe njarioskeun omongan boedak oerang lemboer 9 tahoen, kieu pokna:

Noehoen gamparan sim abdi parantos dipasihan ieu boekoe, tangtos koe abdi baris dibatja saban wengi sareng diemoetkeun pisan sakoemaha piwoeroek gamparan".

Pirakoe, moal kadjadian boedak oerang mah kitoe petana dina palebah nganoehoenkeun, soelaja tina adatna oerang Soenda.

Sanadjan koe praeadvies mah noe dimaksad teh njarioskeun Lectuur, nanging koe sim koering baris di dadar saeutikeutikeun pamendak sim koering tina hal boekoe batjaan, margi lectuur sareng batjaan sakola teh estoe paoejoen-oejoen pisan.

Kadoeana pada kedah ngeusian papagonpapagon sakoemaha noe parantos di dadar tadi di loehoer tea.

Moerid sakola kelas II teh mimitina nampi boekoe batjaan teh ti klas II; djadi ti oemoer ± 7—9—10 taoen.

Omonganana baroedak oemoer sakitoe *teu atjan parandjang,* seuseueurna ngau tiba tiasa nembongkeun maksoedna noe dipikahajang koe maranehanana bae. Ngadongeng mah meh teu atjan tiasa, sok djiga tiasa soteh bane di toengtoen koe goeroe. Pikiranana masih ngemoetkeun kasoranganana keneh. Eunteupna kanjaah kakara tiasa ka indoeng bapana sareng ka doeloerna, kitoe oge ari kadoeloer mah radjeun maseaan keneh. Watek masih emboeng kaelehkeun. Sareng sadjabi ti eta. Koemargi kitoe kaajaanana boekoe batjaan barisna oge kedah disarandekeun ka dinja, oelah mentjog tina kaajaanana boedak.

Ieu di handap tjonto basa boekoe batjaan anoe ditjahakkeun kana pioemoereunana baroedak. Mangga lalenjepan, tingalian tangtos katawis robahna basa iketanana omongan, oengkarana sareng ketjapketjapna.

*Ieu di handap tjonto pibasaeunana boekoe batjaan, noe ditoedjoelkeun ka hidjihidji golongan.*

Pi basaeun boekoe batjaan, keur boedak oemoer 8—9—10 taoen, njoeta moend klas II + II.

*Nimoe endong.*

Ahim oelin ka tegal rek ngala papatong. Na kitjente teh inggoej? Di sampeurkeun koe Ahim. Hajang njoho, aja naon? Aja manoek hiber ti dinja bari tjit tjitan. Euleuh aja endog.

Toeloej dirongkong. Tjoetjoek kitjente teu dirasa. Leungeunna barared, djeun teuing. Aja atoh. Lah, teu nepi. Leungeunna pondok teuing. Koemahááá akalna, nja?

Bĕrĕbĕt loempat, njokot bedog. ketjlek-ketjlek baè ditilasan regang noe ngahalangan teh. Euleuh mani aja lima. Limaanana di tjokot. Mani loempat balikna teh, baning koe atoh. Boeroe-boeroe njampeurkeun ĕmana, rek bebedja. Djeung satoeloejna.

*Pibasaeun boekoe batjaeun baroedak oemoer 10— n|k taoen moerid kelas III n|k klas V. *).*

*Nimoe endog..*

Dina hidji poë Ahim oelin ka tegal rek ngala papatong. Teu koengsi lila, manehna neuleu tangkal kitjente inggoej. Koe sabab panasaran, toeloej disampeurkeun. Barang geus deukeut, geleber aja manoek hiber, bari disada tjit-tjitan, bangoen noe reuwas djeung sieuneun. Ari direret kadjero roengkoen, bet aja sajang manoek dieusi endog lima. Ditjoba-tjoba dirongkong, tapi teu kakodok; da leungeunna pondok teuing Leungeunna barared koe tjoetjoek kitjente, tapi teu dirasa ieuh, bawaning koe atoh. Toeloej manehna njokot bedog ka imah, keur nilasan regang noe ngagokan tea. Barang geus molongpong, toeloej ditjokot endog teh kabehanana sarta berebet loempat rek poepoelih ka nidoengna.

Djeung sakroesna.

Ajeuna tina hal *lectuurna.*

Noe disebat lectuur teh pakoempoelan boekoe-boekoe batjaan, moeng lectuur mah teu dibeungkeut koe patokan-patokan noe dianggo ngatoer boekoe batjaan sakola, apan geuning ari keur boekoe batjaan mah nganggo kedah diemoetkeun pandjangna hidji-hidjina tjarios, diatoer disoeroepkeun kana waktosna pangadjaran; di bagi-bagi djadi sababaraha pasal noe parondok, satjekapeun baris sakali atanapi doea kali pangadjaran. Doepi boekoe lectuur mah teu kedah di atoer kitoe, lalakonna biasana sok pandjang sareng rame atanapi aneh.

Koedoe koe maha *eusina?* Tangtos aja papantjenna (patokanana), noemoetkeun anoe rek dimaksoed koe noe ngarang. Di dieu koe sim koering moal diterangkeun. Moeng noe bade didadar teh *basana* bae. Basana mah nja kedah noemoetkeun patokan noe kasebat di loeloer tea bae.

Soepados tiasa ka oeninga mah, ieu bae tjontona di serat di handap, nganggo toedjoelan ka noe baris pimatjaeunana.

*Kinderlectuur.*

Dongeng baris batjaeun baroedak oemoer 8 nepi ka 11 taoen, kira-kira klas 2 nepi ka kelas 3 sakola kelas II.

MOEKADANA-MOEKADINI.

„Moekadana! Moekadini! Joe, oerang ngala boeah tangoeloen!" Tjeuk bapana.

„Hajoe!"

Djoeng arindit ka leuweung, rek *ngala boeah tangoeloen.* 1)

„Dagoan, *di dieu, di handap; oelah kamarana-mana."* 2)

Terekel bapana naek.

Kop *ngala* noe hideung. Am, dihoeapkeun. Pek, *ngala* 2) noe beureum, belewek dihakan.

Anakna mah teu dibere.

Tjeuk Moekadini: Bapa, oeing poeragan noe hideung?"

„Euweuh, noe hideung kabeuki aing!"

Noe beureum, beureum?"

„Euweuh, noe beureum kabeuki aing!"

Noe hedjo; hedjo?"

„Noe hedjo, kabeuki aing!"

„Noe atah-atah?"

„Noe atah kabeuki aing!" 3)

„ . . . . . . . . . . . . . . . . .

Eh! teteh oerang balik bae, da bapa mah geuning kitoe".

---

*) Oelah diemoetkeun *eusina*, margi koe sim koering dihadja dibantoen eusi tjarios noe sami, soepados djadi langkoeng etjes karaosna.

III no 4-5-6



514

Djoeng Moekadana, Moekadini arindit. Teu baralik ka imah, *da* [4]) paroendoeng.

„Moekadini, oerang maringgat bae, bongan saha bapa mah geuning kitoe. Teu njaaheun ka oerang".

Henteu poegoeh noe didjoegdjoeg, leumpang sakaparan-paran, noeroet-noeroet indoeng soekoe. [5])

Ngaringkig bae doeaan.

„Lah teteh, koering mah tjape! Oerang eureun heula bae di dieu".

Reg, areureun sisi djalan.

Ngioehan di saoeng kosong.

Katjaritakeun bapana. [6])

„Moekadana?" Euweuh. [7])

„Moekadini?" Repeh. [7])

„Kamarana? Boa baralik".

Toeloej toeroen! Enja euweuh.

Bral balik.

„Mana ari baroedak?" tjeuk emana.

„Na, euweuh baralik?"

„Euweuh ka dieu mah!"

„Boa paroendoeng?"

„Na teu dibarere?"

„Nja eta atoeh tatjan."

„Segroek emana tjeurik.

„Ah rek diteangan bae koe koering", tjeuk indoengna bari njoesoetan tjimata.

Bral emana indit, ditoetoerkeun koe bapana.

Di ilikan ka kidoel, euweuh. [8])

" " kaler " [8])

" " wetan " [8])

Bral bae leumpang.

Lila kadeuleueun, lapat-lapat; laleutik teh. Keur ngaroengkoeg bae doeanana. Leumpangna teu loeak-lieuk.

„Toeh geuning, bapa itoe baroedak teh." Segroek deui emana tjeurik bari digeroan: (Ngawih).

*„Moekadana-Moekadini, he ieu boeah tangoeloen, anoe asak, anoe hideung, anoe beunang ngireng-ngireng (ngira-ngira)*. [9])

Tapi koe Moekadana-Moekadini teu kadengeeun, tonggoj bae laleumpang.

Beuki lila, beuki deukeut, beuki lila, beuki deukeut. [10])

Ngong deui koe indoengna ditjaloekan:

*„Moekadana-Moekadini, he ieu boeah tangoelan, anoe asak, anoe hideung, anoe beunang ngireng-ngireng.*

Ajeuna mah kadengeeun, koe Moekadana-Moekadini, toeloej didjawab: (Ngawih).

*„Bapa emboeng, ema emboeng, da bapa mah weureu seubeuh, tampa lenga, koelimis tampa lelenga."*...........

„Eh, bapa geuning toeloej bae baroedak teh. Segroek emana mah tjeurik deui. Ngong deui ditjaloekan.

*„Moekadana-Moekadini, he ieu boeah tangoeloen, anoe asak, anoe hideung, anoe beunang ngireng-ngireng.* [1])

Ret direret koe Moekadana-Moekadini, pok didjawab:

*„Bapa emboeng, ema emboeng da bapa mah weureu seubeuh, tanpalenga, koelimis tanpa lelenga."*

Djoeng deui diaroedag. Tapi weleh teu kasoesoel. Baaroedak mah leuwih gantjang laleumpangna.....................

„Ah, bapa, oerang baralik bae, da tjape".

Toeloej bapana djeung emana mah baralik deui. Ari baroedak mah tonggoj bae, laleumpang.

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

en. enz.

*Lectuur keur intellectueelen.*

Sekar sarina Soenda asli.

Koe sim koering parantos diintip, disaliksik, disiaran saeutik-saeutik, digoear dipisah-pisah, bet dina basa oerang teh, aja *sari* noe eunteup dina *keresep* anoe kitoe

KATERANGAN.

[1]) Adat Soenda sok dibalikan deui, minangka pangleleb [2]) Adat Soenda ngantebkeun keneh bae. Adat soenda sok malikan ketjap, tadi geus diseboetkeun *ngala*, toeloej diseboetkeun deui bae.

[3]) Adat Soenda sok resep nataan kitoe [4]) da saharti djeung sabab, tapi rada kaboedakkeun, beunang diseboetkeun basa boedak. [5]) Babasan Soenda asli, koe emana teu karasaeun, jen eta omongan loehoer teuing keur boedak mah. [6]) Omongan kitoe biasa pisan lamoen rek ngaganti noe rek dilalakonkeun: Toenda lalakon . . . . katjaritakeun . . . . [7]) Adat Soenda, tjara No. 1 — 2 — 3.

[8]) Tjara katerangan No. 7.— [9]) Karesep Soenda kana ngawih, boedak oge boga saroepa lalagoean, noe njoeroep karasa koe si soenda mah, kaloejoeanana eta lagoe djeung kaajaanana boedak.

[10]) Saperti katrangan No. 8.

Tetela omongananana noeroetkeun kaajaan boedak, taretela pararondok, tapi loejoe.



515

Oktober-Desember1924.max

ina rasa, noe teu beunang disababkeun. ¸an woengkoel milikna rasa. Noe geus ıpendak aja sakieu:

I *a*. Babasan, *b*. Paribasa djeung *c*. Si- ndiran; tjontona:

Njanggakeun beuheung teukteukeun, tikora gorokeun, soekoe genteng lokeun.

Kaoentoen tipoeng katambang beas, laksana noe di pimanah.

*b*. Tjetjendet mande kiara.

*c*. Lain bangban lain patjing, lain tjampaka koedoena.

II. Omongan radjekan, noe geus manti.

Djaoeh mo boeroeng tjoendoek, anggang mo boeroeng datang.

II. Omongan radjekan, noe bitoe tina rasana noe ngarang bae. Lastari noe dipiati, laksana noe dipimanah.

IV *a*. Omongan noe dalapan-dalapan engang:

Geus kitoe toeroen soekma teh (8), asoep ına wewetengan (8), njoeroepna ka moe- ngkalih (8), sanggeus kapandjingen soekma (8), moerangkalih sasaoeran (8), na djero wewetengan (8), ari kasaoeranna (8): „Ama teh kabedil langit (8), kabentar mega, kalingkap katjida, teuing (8), ıpandita Goenoeng Padang (8), padahal u boga dosa (8), geura raoskeun bae, tangtoena ge bakal males (8), tapi engke na Goeroe poetoe Hyang Bajoe, Goeroe etra hiang Banga (8), koe ama geura raoskeun (8), di dinja jen bakal ma- s (8)".

(*Tina kitab Tjioeng wanara*).

*b*. Omongan doea welas-doea welas engang: Tjontona seueur oge dina boekoe-boekoe e rada heubeul).

V. Poerwa kanti.

*a*. Sora pandeuri, kapanggih pandeuri ıui dina omongan kadoea. homoioteleuton

Itoe teungteung (eung). teungteung

Ieu loedeung (eung).

*b*. Sora dina ketjap ti heula, kapanggih deui dina ketjap pandeurieunana. assonantie

Idin goesti matak moek *ti* (i).

Idin radj*a* matak moelj*a* (a).

*c*. Saban omongan malikan sora ti heula: anafora

*Beurat* njoehoen.
*beurat* nanggoeng,
*beurat* narimakeun inja.

*d*. Ketjap pandeuri diheulakeun dina omongan pandeurieunana: concatenatie

Moegi euis masing *jasa*,
*jasa* noetoepan balahi,
djeung djaba ti èta..............

*e*. Sora omongan pandeuri, diheulakeun dina omongan noe nema: concatenatie

Ojong, ojong bang*kong*,
*kong* parangkat ajam*boet*,
*boet*en boeah beu*njing*,
*njing*sat ka tjawene....................

VI *a*. Ketjap bitoe tina rasa;

*Hedjo* lalakon.
*Rambaj* tjarita.
Tilam sono.
*Kabedil* galih.

*b*. Ngadjerit *maratan langit*.
Ngotjeak *maratan mega*.

Ieu atji-atjining rasa kasoendaan, noe sok bitoe kana oetjap. Timbangan sim koering moega oelah dilalikeun koe noe maksad ngarang boekoe, aoseun noe geus sarepoeh, soepados oelah kasaroeng, pegat tina raos asli, sangkan Soenda tetep Soenda, oelah kaboer pangatjian.

## Edjahan aksara Soenda

*Prae-advies*

**Rad. Djajadiredja**

*Boeboeka.*

Samemehna aja boekoe „*Palanggĕran noeliskeun basa Soenda*", edjahan aksara Walanda teh, boh dina sĕsĕratan boh dina boekoe-boekoe tjitak, seueur nakĕr atoeran-atoeran, anoe pasalia. Nanging kabah diieunakeun, saparantosna aja atoeran, pakia-kia edjahan teh, kenging disĕbatkeun teu aja. Malah .................. sok pirakoe deui, oepami hantĕm, anggĕr teu saoejoenan, teu rata atoeranana teh, da ajeuna mah parantos aja tjalĕtjĕr keur anggĕranggĕr, aja galoer toetoerkeuneun. édjahan

*Koemaha ari edjahan aksara Soenda?*

Mĕnggahing edjahan aksara Soenda, kaajaanana saajeuna, nja teubenteĕnsarĕng atoeran edjahan aksara Walanda waktos



III no4.5.6

516

Oktober-Desember1924.max

kapĕngkĕr, samemehna goemĕlar boekoe „*Palanggĕran*". Dina proengna njĕrat teh, aja noe sapagodos, aja noe hĕnteu, ma'loem tina teu atjan aja patokan, noe kĕdah ditjĕkĕl tea.

Koemargi eta, emoetan djisim koering, sae tĕmĕn, oepami palanggĕran njĕrat koe aksara Soenda oge diajakeun, sangkan djadi kaberesan, saoejoenan, sapĕrtos njĕratkeun basa Soenda koe aksara Walanda.

Ieu, djisim koering ngahatoerkeun kagĕgĕlan, malah mandar djadi pangdeudeul, panjaroengsoem, kana goemĕlarna palanggĕran njĕratkeun aksara Soenda tea.

Pihatoer, noe aja dina ieu soembangan, atoeh soegri anoe kamaranah, soemangga aranggo, sarĕng noe teu kapilih koe galih kasapoekan koe kalboe, sae diiwalkeun baè woewoehan koe anoe pĕrĕloe-pĕrĕloe, sangkan woewoeh loejoe, tambah sampoerna djadina boekoe „*Palanggeran edjahan aksara Soenda*", sakoemaha tjita-tjita djisim koering, anoe parantos dipihatoer tèa. (1).

## IV. AKSARA SOENDA.

### Sapoeratina.

Aksara Soenda oepami dibandingkeun sarĕng aksara Djawa pada sapoeratina, katjida pisan aksara Soenda mah saeutikna teh, padahal satoeroenan keneh sakaroehoen keneh baheulana mah; moeng poetra poetoe noe aja di Pasoendan hĕnteu sakoemaha moelasarana kana poesaka karoehoen, teu tjara poetra poetoe noe aja di Padjawan.

Di ditoe mah tina pohara ngamoemoelena doegika woewoeh sae, anak-anak baranakan, djadi djĕngkar, woewoeh aksara itoe, baris njoemponan kapĕrĕloeanana, anoe langkoeng seueur batan di oerang.

(1) Aja 3 pasal anoe henteu dilebetkeun kana beundeul ieu, nja èta:
I *Aksara koena*, njarioskeun roepana aksara baheula anoe kapendak dina batoe-batoe, di Batoetoelis, Kawali dj. s. t.
II *Sasakalana aksara Soenda*. 1 Lalakon Adji Saka ngagelarkeun tjatjarakan. 2 Tjoektjroekan aksara noemoetkeun *Sostro-djèndro joe ning rat pangroewating dijoe*.
III *Aksara Djawa* sapoeratina, sareng Tjandra sangkala.
Ieu anoe tiloe pasal baris dilebetkeun kana Poesaka Soenda engke ka pajoen.

Hoofdbestuur J. I.

Oerang dieu nganggona aksara Soenda istoening sahajoena satrĕpna pisan, teu aja roeah raeh kitoe kieu, doegika oepami dina lĕbah aja kapĕrĕloean, oepami bade njĕratkeun sora atanapi ketjap noe sesah, katjida goelar-gilirna, doemeh teu aja piaksaraeunana, teu aja pitjirieunana.

Koemargi sok aja kapĕrĕloean tea, ĕngke bae oerang tĕraskeun dina No. XIV di pajoen.

## V. AKSARA SORA.

Noe disĕbat aksara sora aja lima roepi:  sarĕng  Noe mawi disebat aksara sora margi gadoeh sora sorangan noe parantos ngabakoe, datangka teu kenging nirarangkenan deui didamel sora sanes. Ieu aksara sora istoening aksara poesaka.

Dina lĕbĕt taoen 1960—1967 dina boekoe-boekoe sakola ditoelisna sanes bangoen aksara noe bieu, nanging digĕntos koe:  Sapalih aja oge noe njerat 



Ngawitan ti taoen 1875 eta aksara sora, robahanana dibangoen deui roepa, diasalkeun deui kana bangoen pasaka 

 margi katimbang ieu bangoen asal teu langkoeng gampil diseratna.

Djaman ajeuna  sok dianggo keneh, nanging moeng pasanganana bae, tjontona:



## VI PASANGAN DJEUNG NGANGGONA.

Tina aksara Soenda noe 18 tea, meh sadajana aja rangkĕpanana, nja eta noe dingaranan „pasangan".

Tjitjingna atanapi disĕratna eta pasangan-pasangan parantos ditangtoskeun lĕbah-lĕbahna, aja noe kĕdah dina gaorat bae, sarĕng aja noe kĕdah di handapeun goerat.

Aksara noe teu gadoeh pasangan, nja eta

*Naon pêrêloena aksara Soenda diajaan pasangan?*

Koemargi aksara Soenda teh paboerentjaj hidji-hidji, hĕnteu pisan kenging dikantetkeun sapĕrtos aksara Walanda atanapi Arab, pakeun didamĕl omongan, nja eta sakĕtjap sakantet, atanapi sakĕtjap sagoendoek, tah eta margina pang diajaan pasangan, soepantĕn tiasa ngalimah.

Doepi damĕlna pasangan sami pisan sarĕng damĕlna pamaeh, tĕgĕsna mana-mana aksara noe dipasanganan, eta tanda paeh, noe hiroep pasanganana bae.

Koemargi kitoe, oerang tiasa njĕratkeun omongan noe pandjang, sing oelah nganggo pamaeh, koe pasangan woengkoel; sabalikna tiasa njĕratkeun omongan noe pandjang sing oelah nganggo pasangan, koe pamaeh oengkoel.

Eta pasangan-pasangan dina lĕbah pĕrĕloena kenging dirarangkenan, kadjabi pasangan sarĕng ieu mah noe sakieu, oepami kedah disoekoe, oepami kaleresan kedah aja noe ditjakra, langkoeng sae dibalikkeun deui kana aksara bae, tjontona:

njeratna oelah kedah

id. „

id. „

id. „

id. „

id. „

*Koemaha makena pasangan?*

**Doepi katangtosanana nganggo pasangan, kieu:**

a. Sapĕrkara, damĕlna keur njĕratkeun kĕtjap-kĕtjap noe didjadikeun koe doea atanapi tiloe sada atanapi langkoeng, oepami dina sada noe si pajoen nganggo aksara dipaeh, eta oelah dipaeh, kĕdah dipasanganan bae, soepantĕn ngalimah tea, ibaratna tina kĕtjap *panto*, tah ieu didjadikeun tina sada *pan* sarĕng *to*, disĕratna koe aksara Soenda oelah

nanging kĕdah dj. st.

Kitoe deui rarangken di pĕngkĕr sarĕng oepama ngantet sareng ketjap noe panoengtoengna dipaeh, eta na teh sok diitjalkeun digentos koe pasangan aksara sora noe dipaeh tea, soepanten kenging sora noe leuleuj, sapertos ketjap *tjokotan*, ieu diseratna oelah nanging kedah

dj. st.

b. Kadoea pĕrkawis, damĕlna pasangan keur njĕratkeun kĕtjap kantetan, sapĕrtos *pananpoë*, anoe saroepi ieu disĕratna oelah nanging kedah

dj. st.

c. Njakitoe deui oepami noedoehkeun pangaboga, sapĕrtos *sabak koering*, disĕratna oelah nanging kedah

d. Noedoehkeun didjieunna: dj. st.

e. Ketjap² noe kieu deui:

VII MAKENA TJIRI² TOELISAN.

**1. Adĕg-adĕg.**

**Noe kahidji dianggona dina ngawitan sarĕng gĕntos djadjaran anjar.**



Oktober-Desember1924.max

Noe kadoea dina těmbang, ngawitan mangkat, saěntas pada sarěng dianggo tjiri gentos lagoe.



dj. st.

2. Koma.

|ˎ|

Ieu koma damělna keur njirian dina omongan, palěbah pikeun eureun sakeudeung, ngamběkan sarěng keur njirian babagian omongan.

3. Peun.

|ˎ|

Damělna keur njirian dina omongan tootoep atanapi anggeus; sanadjan pondok oge, kědah tjirian koe peun bae.

Njakitoe deui damělna keur njirian dina omongan, lamoen geus pandjang teuing, datangka pěrěloe liren rada lami, pikeun njeunghap rada lami, nanging omonganana kědah parantos poetoes landjaranana, soemawontěn oepami barangna anoe ditjarioskeun atanapi tjariosanana parantos sanes deui, datangka pěrěloe pindah kana djadjaran anjar, eta oge di dinja kědah nganggo peun.

3. Titik rangkep.

(:)

Damělan keur njirian oepami bade njarioskeun omongan noe sanes, noe sok ditoedoehkeun koe kětjap; pokna, tjarekna, omongna, oedjarna, tjěna sarěng tjaritana.

Djabi ti eta damělna keur nataan barang-barang noe ditjaritakeun, sakoemaha noe diterangkeun koe kětjap: kajaning, sapěrti, misilna, oepamana, ibaratna, djeung tjara.

4. Tjiri pananja.

(?)

Ieu tjiri gawena keur njirian dina pangangguesan omongan nanja ka noe sanes, sakoemaha noe sok diterangkeun koe kětjap: mana, naon, iraha, sabraha, koenaon, djěung koemaha. Soepaja matjana dilagoekeun, njěmoe sakoemaha noe nanja ka batoer.

5. Tjiri panjeloek

(!)

Ari panjěloek damělna, keur njirian dina omongan noe kědah dibědaskeun atanapi njěloekan ka batoer. Kadjabi dianggo dina omongan njěloekan, dianggo dina omongan kaget, kajaning; adoeh! edas! amboeing! hěr! he! djst.

6. Tjiri omongan noe ditjaritakeun.

(„......")

Gawena tjiri omongan noe ditjaritakeun keur njirian soepantěn bentěn antawis omongan noe ditjarioskeun sarěng omongan noe njariosna, diaosna kědah njěmoe kana pilagoeeun noe ditjaritakeun tea, atanapi dianggo njirian ketjap, noe pěrěloe dikanjahokeun, noe aja dina hidji omongan.

7. Koeroeng

( )

Děmi koeroeng damělna keur njirian kětjap-kětjap noe djadi katrangan, anoe diteundeun toekangeunana kětjap noe ditěrangkeun tea, ladjěng eta kětjap katrangan tea dikoeroeng, soepantěn bentěn sarěng kětjap-kětjap noe sanes,

Ieu tjiri koeroeng oepami hěnteu dianggo kenging digěntos koe kětjap *atawa*.

8. Tjiri bebentangan

(*)

Děmi tjiri bebentangan noe sok ngabakoe dinggo, nja eta koeroeng leutik bae, dilebetna nganggo tjiri * atanapi angka 1, 2, 3, .... noemoetkeun pareleanana, anoe bade ditjarioskeun.

Doepi damělna bebentangan sami pisan sarěng damělna koeroeng tea, moeng bentěnna, jèn eta kětjap atanapi omongan, noe djadi katrangan tea, hěnteu bade disěrat di pěngkěreunana kětjap noe ditěrangkeun tea dina djadjaran eta keneh, koemargi rada pandjang teuing; biasana sok disěrat di handap, tapi dina katjaan



III 404.5.6 519

Oktober-Desember1924.max

eta keneh, sarta aksarana eta omongan katrangan tea sok dileutikkeun.

9. Idem

(„)

Ieu tjiri idĕm damĕlna keur njirian pĕrkawis 2, 3, 4 atanapi langkoeng, disĕratna parele ngadjadjar ka handap, sarta omonganana pok-pokanana sami sarĕng omongan pangloehoerna.

10. Tjiri eureun lami

. . . . . . . . .

Damĕlna baris njirian, soepantĕn, anoe maos dina palĕbah tjiri eta liren heula, sina djiga aja noe dimanahan.

## VIII *Edjahan loembrah.*

Anoe disĕbat edjahan loembrah, nja eta edjahan-edjahan, anoe garampil, anoe ilahar, anoe koe sadajana kitoe disĕratna. Tah anoe kieu mah moal ditjarioskeun, margi teu aja damĕlna, teu aja barĕmpagkeuneunana. Edjahan noe bade ditjarioskeun teh, soegri noe kĕdah dihoesoeskeun doegi ka poetoesna bae, pĕrĕloena baris ĕngke beberkeuneun dina boekoe palanggĕran njĕratkeun aksara Soenda, noe bakal aja tea.

## IX *Pamaeh.*

Sadaja oge tangtos parantos pada aroeninga damĕlna pamaeh, nja eta babakoena baris njirian aksara paeh dina palĕbah koma, koma peun, titik rangkĕp, sarĕng peun. Kadjabi ti eta aja deui damĕlna, dianggo tjitjiren kana lĕbah-lĕbahna noe kĕdah nganggo aksara gĕde, oepami dina aksara Walanda tamah. Doepi nganggona aksara gĕde tea, oepami di toekangeunana aja kĕtjap noe maeh. Sanesna ti kitoe aja deui damĕlna, oepami kĕtjap ngaran: bangsa, tĕmpat goenoeng, waloengan, poelo, pangkat, ngaran babagian waktoe (naktoe, poë, boelan djeung taoen), titel toeroenan, anoe sora di hareupna maraeh.

Tjontona:

1 [illegible]

[illegible] (Kedah dipaeh margi aja koma) [illegible] (dipaeh margi njanghareupan dubbelpunt). [illegible] (dipaeh margi njanghareupeun) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

2 [illegible] (dipaeh margi njangharepan ketjap ngaran) [illegible]

3 [illegible] (dipaeh margi ketjap ngaran) [illegible]

4 [illegible] (didjadikeun koe doea ngaran [illegible]

5 [illegible] (Koemargi ngaran didjadikeun koe tiloe ketjap).

6 [illegible] (bangsa nommer 5).

7 [illegible] (dipaeh margi ngaran) [illegible] (dipaeh margi njangharepan ketjap bangsa) [illegible]

8 [illegible] (dipaeh margi ngaran tempat) [illegible]

[illegible]



Oktober-Desember1924.max

[illegible]

9 [illegible] (ngaran) [illegible]

10 [illegible] (ngaran) [illegible] (ngaran) [illegible]

11 [illegible] (ngaran) [illegible] (ngaran hareupeunana) [illegible]

12 [illegible] (dipaeh margi toedjoel ka Maha Soetji) [illegible] (idem). . . . . . .

[illegible] (idem) [illegible]!

13 [illegible] (dipaeh margi njanghareupan pangkat noe parantos ditjarioskeun atanapi parantos terang) [illegible] (idem) [illegible] ...............................................

14 [illegible] (ngaran poë) [illegible] (njanghareupan ngaran) [illegible] (ngaran) [illegible] (njanghareupan ngaran) [illegible] (ngaran) [illegible] (ngaran poë) [illegible] (ngaran naktoe) [illegible] (njanghareupan ngaran taoen) [illegible]

15 [illegible] (kapangkatan at. titel toeroenan) [illegible] (titel toeroenan) [illegible]

[illegible] (idem) [illegible]

[illegible] (idem) [illegible]

[illegible] (idem)

[illegible] (idem)

[illegible] (idem)

[illegible] (idem)

[illegible] (idem)

[illegible] (idem)

[illegible] (idem)

16 [illegible] (titel) [illegible]

[illegible] (idem) [illegible]

17 [illegible] (dipaeh wireh njanghareupan kana ketjap noe kedah diagoengkeun) [illegible]

X *Maeh aksara dina djadjaran sahandapeunana djeung nĕmpatkeun pasangan.*

Dina boekoe-boekoe tjitak meh biasa pisan aja kadjadian sok maeh aksara dina djadjaran sedjen atawa djadjaran sahandapanana, nja kitoe deui sok neundeun pasangan aia dina koedoena; èta pangkitoe lantaran katarik koe katjaan, djadjaranana hajang beres, ieu tjontona:

..................................................................... [illegible]

[illegible] ...............................................................

............................................................. [illegible]



III n°4-5-6 521

Oktober-Desember1924.max



Tah saroepi kieu teh ari dina sĕratan mah hajang oĕlah kadjadian, margi sĕratan mah boh dikieukĕun boh dikitoekĕun aksarana teh, tiasa dibeberes koe noe njĕratna, oepami dina lĕbah noe kapalang, naha aksarana rada dileutikan atanapi nganggo pamaeh, noe gĕdena teu narimbangan kana gĕdena aksara; tjindĕkna koe aksara toelisan mah gampil katjida dilampahkeunana moal aja kasĕsahanana.

Doepi sajaktos-jaktosna mah aksara toelisan sarĕng aksara tjitak dina boekoe-boekoe teh, kĕdah pisan sapagodos atoeranana.

Nanging ........... koemaha boektina?

Mĕnggah boektina nja sapĕrtos noe parantos ditjarioskeun tadi.

Ajeuna koemaha oepami ngadamĕl atoeran kieu?

„Teu kenging maeh aksara noe aja dina djadjaran sanes (sahandapeunana), njakitoe deui nĕmpatkeunana pasangan oelah njoelajaan tina mistina; tĕgĕsna noe kĕdah disĕrat dina goerat sarĕng noe kĕdah handapeun goerat, kĕdah noemoetkeun sakoemaha noe parantos ditangtoskeun."

## XI. NGARADJEK.

Parantos kabiasaan, baris ngentengkeun kana sĕsĕratan, dimana aja kĕtjap noe disĕbat doea kali, eta kĕtjap teh sok disĕrat sakali bae, ladjĕng diwoewoehan pangradjek ( at 2). Jaktos pisan ari sanes poesaka oerang tamah pangradjek teh, asalna ti Malajoe, nanging katimbang sae nakĕr, margi ngentengkeun kana sĕsĕratan, toer hĕnteu sĕsah diaosna.

Moeng papadaning nganggo teh pĕrĕloe pisan aja katangtosanana, margi oepami teu kitoe radjeun oge aja hidji hidjieun anoe matak lĕpat maksadna.

Kieu atoeranana teh:

1. Kĕtjap asal salamina kenging diradjek, tjontona:



dj. s.t.

2. Njakitoe deui sakoer kĕtjap roendajan, anoe didjadikeun koe kĕtjap asal dirakenan



sareng oepami saanterona disebat doea kali kenging diradjek, margi ketjap-ketjap noe kieu mah hadjan diradjek oge moal matak kaliroe, tjontona:



[illegible]

3. Sakoer kĕtjap roendajan noe didjadikeun koe ketjap asal dirarangkenan koe rarangken di pajoen, ieu kenging diradjek, tjontona:

[illegible]

4. Kĕtjap pagawean noe teu maeh djeung rarangkeun [illegible] atawa [illegible] Anoe kieu oepami kĕtjap pagaweanana disĕbat doea kali kenging diradjek, sarta sabada pangradjek nĕmbe disĕrat [illegible] atanapi [illegible] na, tjontona:

[illegible]

[illegible]

5. Kĕtjap pagawean boh noe maeh boh noe teu maeh, make rarangken [illegible] Ieu oge oepami kĕdah disĕbat doea kali kenging diradjek, sarta beuteung njerat pangradjek nembe diserat rarangken [illegible] na, tjontona:

[illegible]

6. Kĕtjap roendajan, noe didjadikeun koe ketjap asal noe maeh djeung rarangken [illegible] atawa [illegible] asal ketjapna kenging diradjek; nanging tas pangradjek oelah ditoelis [illegible] atawa [illegible] nanging ieu mah kedah aksara noe dipaeh tea, ngalagena atanapi diteuleung maeh [illegible] tjontona:

[illegible] dj. st.

7. Njakitoe deui kĕtjap-kĕtjap noe nganggo rarangken sarĕng [illegible] Asal kĕtjapna kenging diradjek, tjontona:

[illegible] dj. st.

Tn 04-5.6



523

*Noe teu kenging nganggo pangradjek.*

1. *Hidji sora* teu kenging diradjek, sapërti:

oelah diserat [illegible] kedah [illegible]

„ „ [illegible] „ [illegible]

„ „ [illegible] „ [illegible]

„ „ [illegible] „ [illegible]

dj. st.

2. Këtjap roendajan, noe disëbat doea kalina moeng asal këtjapna bae (këtjap-ketjap noe dirarangkenan [illegible]

oelah diserat [illegible] kedah [illegible]

„ „ [illegible] „ [illegible]

„ „ [illegible] „ [illegible]

3. Oepami aja omongan këdah disëbat doea kali, ieu mah teu kenging diradjek, nanging eta omongan tea këdah diserat doea kali bae, tjontona:

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

## XII. MAKENA PANJETJEK
panglajar djeung pangwisad.

Ieu noe tiloe roepa rarangken aksara sëring nakër djadi djëdjër tjarios dina hal tjahan aksara Soenda, babakoena dina këtjap-ketjap noe saroepi kieu:

I [illegible]

II [illegible]

III [illegible]

Noemoetkeun palanggëran noe parantos ilahar, këtjap-këtjap roendajan noe saroepi, kitoe teh, dimana asal këtjapna aja hartosna, oepami kadangoena aja sora maeh [illegible] sora noe kadoeana ti pëngkër teh këdah ditjëtjëk.

Njakitoe deui oepami kadangoena aja sora maeh [illegible] sora noe kadoea ti pëngkër teh këdah dilajar. Anoe saroepi deui, oepami kadangoena aja sora maeh [illegible] sora noe kadoeana tipëngkër teh këdah diwisad.

[illegible] oelah disërat [illegible]

[illegible] „ „ [illegible]

[illegible] „ „ [illegible]

Koemaha ari këtjap-këtjap noe katiloena dina I, II sarëng III?

Noemoetkeun atoeran tadi: „Hih! eta mah tiloeanana oge nadjan aja sora kadangoena maeh [illegible] maeh [illegible] sarëng maeh [illegible] oelah nganggo panjetjek, panglajar atanapi pangwisad, margi asal këtjapna tiloeanana oge teu aja, hartosna, naon hartosna këtjap [illegible] naon këtjap [illegible] sarëng naon hartosna këtjap [illegible]

Kadjabi ti tiloe asal këtjap noe bieu, noe kirang njata hartosna tea, seueur deui këtjap-këtjap noe sanes, sapërtos:

[illegible]

[illegible]

[illegible]



III no4-5-6

524

Oktober-Desember1924.max

[illegible] dj. st.

Oepami ieu kĕtjap sadajana dimanah, hantĕm diraraoskeun, sok pirakoe hidji-hidjina asal kĕtjap teu aja hartosna. Asal kĕtjapna teh, aja noe tina basa Kawi, Djawa koeno, Soenda koeno, basa-basa Hindia noe sanes atanapi kĕtjap-kĕtjap noe kenging ngarioetkeun.

Geura hidji-hidjina oerang pĕdar, naon asal kĕtjapna tina hidji-hidji kĕtjap roendajan:

[illegible]

1. Kĕtjap [illegible] oepami dipisahkeun djadi [illegible] + [illegible] sajaktosna [illegible] + [illegible] Asal kĕtjapna [illegible] ditambahan rarangken [illegible]

Naon hartina [illegible] ?

---

Hajoe oerang bandingkeun sarĕng kĕtjap-kĕtjap Hindia noe sanes, manawi aja noe mempĕr, boh sarĕng Djawa, boh sarĕng Malajoe, margi seueur nakĕr kĕtjap-kĕtjap anoe patjorok geuning, malah aja kĕtjap-kĕtjap noe dianggo dina sababraha basa.

Tina dipapaj-papaj, beh bae geuning kapĕndak, aja kĕtjap noe harib-harib sarĕng kĕtjap [illegible] teh, dina basa Djawa koeno mendak kĕtjap-kĕtjap ieu:

a. wwai [illegible] wai [illegible]

Soendana = [illegible]

b. lwah [illegible] Soendana [illegible]

c. wah [illegible] Soendana [illegible]

Kĕtjap [illegible] langkoeng mempĕr sorana batan a, b.; ajeuna oerang anggĕp bae, jen kĕtjap [illegible] teh asalna nja eta kĕtjap Djawa koeno [illegible] tea.

Ketjap [illegible] oepami dipisahkeun djadi [illegible] + [illegible] sajaktosna [illegible] + [illegible] Basa Djawa koenona [illegible] + [illegible] + [illegible] robah djadi [illegible] + [illegible] + [illegible] robah deui djadi [illegible] + [illegible] + [illegible]

Kĕtjap [illegible] = tjaah

„ [illegible] = [illegible]

„ [illegible] hartosna tempat anoe parantos ngabakoe paranti nadah tjaah.

Bandingkeun sarĕng kĕtjap-kĕtjap noe sanes, anoe parantos ilahar, sapĕrtos [illegible] tĕmpat anoe biasa paranti tjai [illegible] [illegible] tĕmpat anoe biasa paranti [illegible] sarta terasna [illegible] [illegible] tempat noe parantos biasa paranti [illegible] sareng seueur-seueur deui anggoeun ngabanding-bandingkeun.

2. Ajeuna kĕtjap [illegible] oepami dipisahkeun asal ketjap sareng rarangkenna djadi [illegible] + [illegible] sajaktosna kĕtjap [illegible] + [illegible]

Kĕtjap [illegible] meh mempĕr sarĕng basa Djawa koeno walû [illegible]

Ketjap [illegible] pisoendaeunana [illegible] [illegible] atanapi [illegible] [illegible]



525

Ketjap [illegible] + [illegible] robah djadi [illegible] + [illegible]

Oepami ngabandingkeun hartosna kětjap [illegible] sareng boektina [illegible] tea, djiga moenasabah pisan oepami [illegible] disěbat asalna tina kětjap [illegible] margi kaajaanana tanah noe kadjalanan koe tjai tina sirahna dongkap kana moearana sakitoe poengkal-pengkolna, sakitoe aroela-arileuna, sěděng kětjap [illegible] (walû) tea pisoendaeunana [illegible] djadi loejoe naker oepami [illegible] dihartosan kitoe, dima'naan asal ketjapna tina basa Djawa koeno walû [illegible] teh. Doepi katranganana babandinganana sapertos [illegible] tadi tea, geura mangga bandingkeun sareng ketjap [illegible] [illegible] [illegible] Sarěng seueur-seueur deui. Di dieu mah hartosna sanes tempat noe parantos ngabakoe paranti, nanging noedoehkeun sifatna atanapi kaajaanana, nja eta [illegible] dibandingkeun sareng [illegible] [illegible] sareng [illegible]

3. Kětjap [illegible] asal kětjapna [illegible]

[illegible] = [illegible] = [illegible] = [illegible]

[illegible] basa kawi.

Djadi sidik nakěr ieu mah [illegible] = [illegible]

4. Ketjap [illegible] asal ketjapna [illegible]

[illegible] = [illegible]

[illegible] Soendana wawadahan tina taneuh.

[illegible] = [illegible]

5. Ketjap [illegible] asalna tina ketjap [illegible] hartosna [illegible] [illegible] [illegible] [illegible] malah kenging oge teras-terasna mah dihartosan [illegible] [illegible] lantaran leber wawanen koe naon bae noe djadi lantaranana mah. [illegible] = [illegible] (dhira) basa Djawa koeno, hartosna [illegible] [illegible] [illegible]

6. Ketjap [illegible] asalna tina [illegible] Lantaran robah dioenikeunana nja djadi [illegible] Asal ketjapna [illegible] = [illegible] tanagana henteu tjekap baris nahan lawanna atanapi naon bae anoe kedah ditahan.

7. Kětjap [illegible] kenging mondokkeun atanapi kenging ngarioetkeun tina ketjap [illegible] hartosna [illegible] tina margi kakirangan.

8. Kětjap [illegible] asal kětjapna tina [illegible]

9. Kětjap [illegible] kědah dibandingkeun sarěng kětjap [illegible] [illegible] [illegible]

Kětjap [illegible] kětjap toeloengan kana

kadiran — < dir?

dira (Kawi)

kawalahan < ka-alah-an

alah. éléh

kapongpongan

pongpong² punang²



III no 4-5-6

52 b

bilangan (sap: [illegible] tina tjongona dongkap kana poehoena. Djadi [illegible] oge, dioepamikeun sapertos awi tea ti tjongo ka poehoe. Dongeng [illegible] hartosna dongeng ti mimitina dongkap ka parantosna.

10. Kĕtjap [illegible] = [illegible] asal kĕtjapna [illegible]

11. Kĕtjap [illegible] dibandingkeun asal ketjapna sareng ketjap [illegible] [illegible] basa Soendana [illegible] at. [illegible] djadi [illegible] pisoendaeunana [illegible] atanapi [illegible] margi ningal kana ngeujeumbeuna tjai sareng leutak, noe aja dina [illegible] tea.

Kĕtjap-kĕtjap roendajan anoe sanes oge oepami hantĕm dipapaj, diraraoskeun, dibanding-bandingkeun, lami-lami oge tangtos kapĕndak hartos asal kĕtjapna, anoe sajaktosna. Djadi koemargi kitoe, tangtos pisan sadajana oge, sakoer kĕtjap roendajan asal kĕtjapna kantĕnan hartosna.

Atoeh......................," oepami kitoe, edjahanana oge oelah nganggo dikoeal kaol, pedah eta mah asal kĕtjapna aja hartosna, pedah itoe mah asal kĕtjapna doeka teuing. Ajeuna mah oerang koemkeun bae saroepi edjahanana teh, da sadaja kĕtjap roendajan asal kĕtjapna aja hartosna geuning. Eta......................., aja basa saoerang teu tĕrang, saoerang deui tĕrang. Atoeh ..............., da parantos galibna moengoehing katĕrang mah sok radjeun tara sami.

Ajeuna koemaha oepami ngadamĕl anggĕr-anggĕr kieu:

Dina kĕtjap-kĕtjap roendajan, anoe make rarangken *an* sareng *eun* oepami dina saheulaeun eta rarangkeun tea aja sora djiga maeh *nga* sareng *ra* eta sora noe kadoea ti toekang tea kedah ditjetjek, dilajar atanapi diwisad, sarta rarangken *an* atanapi *eun* tea, aksara *a* na dirobah koe *nga*, *ra* atanapi *ha* sapertos noe parantos kadjadian dina tjonto-tjonto, noe parantos kapendak tea."

## XIII *Aksara rangkĕp.*

Oepami kĕtjap noe maeh dina aksara Soenda, ditambahan rarangkeun [illegible] atanapi [illegible] dimana dioenikeun [illegible] na dina rarangken panambahna tea djadi gentos sorana, digentos koe aksara noe dipaeh, dina ketjap [illegible] ditambahan rarangkeun [illegible] dibatjana tara [illegible] [illegible] nanging [illegible] [illegible] diseratna [illegible] djadi aksara noe kahidjina dirangkep sareng pasanganana.

Kĕtjap-kĕtjap Goendoekan, ragragan, kaloeloetan, ngagokan, toeliseun, tjokoteun, hakaneun, tinggaleun, beuleumeun dj. st. oepami disĕrat koe aksara Soenda djadi:

[illegible] [illegible] [illegible]
dj. st.

Kĕtjap-kĕtjap roendajan, noe saroepi kitoe, sĕring aja kadjadian disĕratna hĕnteu sapagodos edjahanana, soemawontĕn dina palĕbah noe asal kĕtjapna pasalia katĕranganana mah.

Anoe mawi tiasa aja kadjadian kitoe, margi kawĕngkoe koe anggĕr-anggĕr sapĕrtos noe parantos ditĕrangkeun dina pasal XII, nja eta oepami asal kĕtjapna hĕnteu tĕrang hartosna, noe kitoe oelah pisan nganggo aksara rangkĕp dina palĕbah bade noetoepkeun kĕtjap; kadjabi dina kĕtjap-

kĕtjap roendajan, noe asal kĕtjapna aja hartosna bae.

Nanging koemaha oepami aja kadjadian sapĕrtos kieu: Ki Dadap hĕnteu tĕrangeun di hartosna asal kĕtjap, dina kĕtjap roendajan *timbalan;* sanggĕmna teh, naon ari hartosna kĕtjap *timbal?* Sim koering mah nĕmbe ajeuna ngoeping kĕtjap kitoe, koemargi kitoe sim koering mah njĕratna koe aksara Soenda teh bade [illegible] bae.

Doepi Ki Waroe katĕrangna sawangsoelti Ki Dadap, manehna mah tĕrangeun pisan di hartosna kĕtjap *timbal.* Koemargi eta njĕratna koe aksara Soenda timbalan teh [illegible]

Ana proeng teh dihoesoeskeun koe eta doea djĕlĕma, tangtos moal sapagodos, margi katĕrangna tina hal kĕtjap *timbal* hĕnteu asmi.

Tah, pangintĕn djisim koering, sanes Ki Dadap sasĕng Ki Waroe bae noe sĕring kadjadian kitoe teh. Oepami moeng oekoer doeaan bae mah, teu kitoe kieu. Nanging koemaha oepami di sakola dina waktos dictee; moal lĕpat deui sĕsah ngoeroesna teh, margi di dinja mah tangtos pisan aja doea goendoek baroedak, anoe tĕrang sarĕng noe hĕnteu kana asal-asal kĕtjap dina kĕtjap roendajan teh.

Doepi kĕtjap-kĕtjap roendajan anoe dirarangkeunan [illegible] atanapi [illegible] teh koe djisim koering dipisahkeun djadi opat roepi

I. Kĕtjap-kĕtjap roendajan, anoe asal kĕtjapna sarĕrang, sapĕrtos:

[illegible] dj. st.

II. Kĕtjap-kĕtjap roendajan, anoe dirobah sorana: [illegible] (tina rindesan) [illegible] (tina kateureujan), [illegible] (tinap peupeusan) dj. st.

III. Kĕtjap-kĕtjap roendajan kenging ngarioetkeun, doegika saliwat mah rada samar-samar ngahartosan asal kĕtjapna, sapĕrtos: [illegible] dj. st.

IV. Kĕtjap-kĕtjap roendajan, noe asal kĕtjapna sĕsah dihartosanana:

[illegible]

Asal-asal kĕtjap noe aja dina No. I sarĕng No. II parantos tarĕrang aja hartosna.

Dina No. III koemargi kenging ngarioetkeun tea, kĕdah oge aja manahaneunan:

[illegible] asal ketj: [illegible]

[illegible] asal ketj: [illegible]

[illegible] asal ketj: [illegible]

[illegible] asal ketj: [illegible]

**Doepi dina No. IV asal kĕtjapna seueur tina basa Djawa, boh Djawa ajeuna, boh Djawa koeno, sapĕrtos:**

1 [illegible]

oepami dipisahkeun njĕratna djadi [illegible] + [illegible] Dina basa Djawa aja ketjap [illegible] noe hartosna sami sareng basa Soenda, nja eta lemesna tina badjoe.



TII no4-5-6

528

Dina basa Djawa koeno kĕtjap

nja eta

Djabi ti eta aja deui hartosna = dina basa Malajoe aja kĕtjap kerasoekan setan.

Dina basa Soenda oge aja kĕtjap

Doeanana hartosna asoep.

Djadi kĕtjap dina basa Soenda dirobah ngoenikeunana

2 Asal ketjapna Soendana hateup anoe parantos bobo. Koemargi di oerang biasa baheula mah noe didamĕl hateup teh eurih, djadi nĕlah hateup eurih noe parantos bobo namina

3 Asal kĕtjapna (b. Dj.) Soendana djadi moemoengkaleun kasakit dina dampal soekoe noe teuas sapertos

4 Hartosna = (b. Dj.) = atanapi nja eta kalapa anoe keur soemedeng raosna, boh dagingna boh tjaina.

5 Asal ketjapna (b. Dj.) Soendana

Kadjaba ti eta di Soenda aja deui saroepi sato alit.

6 Asal kĕtjapna (b. Dj.) Soendana atanapi = = hartosna

7 Asal kĕtjapna noe mawi disĕbat kitoe, margi dina parabot paranti noedoehkeun kaler tea aja djaroeman.

8 Asalna kĕtjap keneh, noe mawi saroepi djoekoet disĕbat kitoe, margi kembangna sareukeut sapertos djaroem.

9 Asal kĕtjapna (b. Dj.) Soendana

10 Asal kĕtjapna (b. Dj. koeno) hartosna mereketkeun biwir, tipepereket bawaning koe ambek atanapi keuheul.

11 Asal kĕtjapna (b. Dj.) Soendana katoetoepan.

Naon noe katoetoepanana dina boeah pisitan?

Eusina boeah kaoetoepan koe koelitna, sapĕrtos ramboetan; noe mawi disĕbat kitoe margi koelitna aja boeloean sapĕrtos ramboet.

12 Asal kĕtjapna Soendana

Oerang kĕdah ngamanah koemaha ngadamĕlna Ngawitanana dipatjoelan, panoetoepna disodokan taneuhna ti handap kaloehoereun kalian. Koemargi eta, tempat djalan tjai noe didamelna hantem disoesoekan, namina nja

13 Asal kĕtjapna (b. Dj. ajeuna sareng koeno oge) Soendana Koemargi tatabeu-



529

han beusi atanapi paroenggoe tea raosna kadangoena lantaran diatoer noëlna, teras eta tatabeuhan dinamian [illegible]

14. [illegible] Dina basa Djawa boh dina Djawa ajeuna atanapi koeno henteu kapendak ketjap [illegible] moeng anoe memper-memper teh aja ketjap [illegible] bae, noe hartosna [illegible] [illegible] [illegible] [illegible]

Ketjap [illegible] roepi-roepi na bae tadina ketjap [illegible] nja eta parabot paranti [illegible] atanapi [illegible] tea.

Anoe bade nanggoeng, samemehna djoeng nangtoeng, nanggoeng tanggoenganana, ngawitanana ngalërëskeun rantjatanana heula dina taktakna, leungeunna kentja katoehoe njëkël kana salang atanapi kana anoe bade ditanggoengna tea, barang parantos beres, nëmbe manehna nangtoeng bari semoe diëndjotkeun taktakna.

Oepami dilënjëpan djiga nakër anoe njëntok atanapi mëtot, moeng ieu mah nganggo parabot taktak sareng parabot tea, nja eta [illegible] Ketjap [illegible] lami-lami djadi robah oenina, djadi [illegible] *(manawi).*

Noemoetkeun katrangan-katrangan, anoe parantos dipihatoer, këtjap-këtjap roendajan anoe asal këtjapna boh tina basa sa s boh anoe dipapaj tjoektjroekanana, bet sadaja oge asal ketjapna teh aja hartosna.

Koemargi eta, edjahanana teh atoeh oerang koemkeun bae saatoeran, nja eta dina palebah noetoepkeunana nganggo aksara r ngkëp, sapertos noe parantos dipihatoer tadi tea.

## XIV. *Rëmpagkeuneun.*

Katarik koe objagna kamadjoean djaman, basa Soenda oge ngiring madjëng, geuning këtjap-këtjap noe pereloe dianggo, boeh beh nambihan.

*Koemaha ari aksarana?*

Dina pasal IV parantos ditjarioskeun, jen aksara Soenda teh sakitoe kirangna oepami dibandingkeun sarëng aksara Djawa pada sapoeratina.

Koemargi eta, djol bae aja pihatoer ka sadaja, koemaha rëmpag oepami aksara sarëng rarangkenna diwoewoehan saperëloena?

Oepami karëmpagan, djisim koering ngahatoerkeun doea-tiloe manahaneun.

1. Ngabentënkeun pamëpët sareng paneuleung.

Dongkap ka waktos ajeuna, mënggahing bangsa oerang mah, sanadjan boedak oge, kenging disebatkeun awis maos aksara Soenda, aja noe lëpat ngoenikeunana, këtjap noe këdah sorana dipëpët dibatjana diteuleung, atanapi sawangsoelna, margi baroedakna oge parantos ngararaoseun, margi kasoeroeng koe maksoedna omongan. Nanging papadaning kitoe, nja sok radjeun oge sakapeung-kapeungeun kadjadian aja noe kaliroe saoerang-oerangeun.

Koemargi eta, soepantën oelah dongkap ka aja kadjadian kitoe, aksara Soenda teh boh diaos koe saha boh koe saha, kitoe gambarna kitoe oenina, panoehoen djisim koering, koemaha oepami dibentënkeun tjiri pamëpët sarëng paneuleung teh? oepami kieu

[illegible] (beber), [illegible] (beubeur)

[illegible] (djedjer), [illegible] (djeudjeur)

[illegible] (tetep), [illegible] (teuteup

dj. st.

2 [illegible] Ieu doea aksara



III no 4-5-6

530

Oktober-Desember1924.max

parantos ilahar pisan dianggo dina aksara Soenda sarĕng Djawa.

Tina parantos biasa tea, tara lĕpat deui, iraha irahana nganggo eta doea aksara teh, nja kitoe deui ngoenikeunana, sapĕrtos noe parantos ditjarioskeun dina No. 1. Nanging soepantĕn oelah kadjadian doegika aja noe kaliroe, koemaha oepami sora *reu* teh diserat [illegible] sareng soro *leu* diseratna [illegible] oepami hĕnteu nganggo panolong tetep sora *re* sareng *le* bae.

3. Koemargi hajang tĕtĕp, ngeng sorana beh gambarna, koemaha oepami aksara [illegible] noe parantos dianggo dina aksara Djawa dina aksara Soenda ge dianggo, damĕlna nja eta baris ngagambarkeun sora, noe aja sora 'Ainan, sapĕrtos:

doe'a [illegible] sa'ir [illegible] sa'at [illegible] 'eh [illegible] njoe'oeh [illegible] to'at [illegible] dj. st.

## XV. *Sanes barĕmpagkeureun.*

### Naroskeun!!

A. [illegible] Mangga aos rada ngiroeng maosna

[illegible] Manngga aos rada ngiroeng maosna

[illegible] Mangga aos rada ngiroeng maosna

[illegible] „ „ „ „ „

[illegible] „ „ „ „ „

[illegible] „ „ „ „ „

[illegible] „ „ „ „

[illegible] „ „ „

B. Dina kĕtjap-kĕtjap noe di handap nadjan teu ditjirian koe tjiri kĕdah ngiroeng oge, dibatjana tek sok ngiroeng sorangan, lantaran katarik koe tanagana panjĕtjĕk, sapĕrtos:

[illegible]

Nanging oepami tanagana panjetjek kirang matak ngiroeng, mangga ngiroengkeun bae ngaosna.

C. Tjik aos:

[illegible]

Naha pĕrloe dina A, [illegible] na nganggo tjiri ngiroeng?

Naha pĕrĕloe dina C, di Soenda diaiaan pangwingkal?



531

Oktober-Desember1924.max